# МАХ ДУГ



## ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 100 АЗЫ

## УАРЗТОН ДÆ, ТЕАТР!

8
2024

*О мæ гыццыл, мæ тыхджын*
*Ирыстон!*
*О аланты зæрдæты цæхæр!*
*Æз дæ улæфт, дæ сидтмæ кæм*
*хъуыстон,*
*Уым-иу ардтон мæ зарæгæн сæр!*

**МЫРТАЗТЫ Барис**





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Шеф-редактор– Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела прозы – Юрий ГАБАРАЕВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

# МАХ ДУГ

**8**

2024

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Шеф-редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Прозæйы хайады редактор – ГÆБÆРАТЫ ЮРИ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим

Дзæуджыхъæу,
2024

# НОМЫРЫ ИС:


**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........ 5

**МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 115 АЗЫ**

МАМСЫРАТЫ Дæбе. Райгуырæн бæстæ. *Радзырд* ........ 8

**АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 100 АЗЫ**

АЙЛАРТЫ Измаил. Цард, мæ хуртæ, вазыгджын у... *Æмдзæвгæтæ* ... 24

АЙЛАРТЫ Измаил. Ирон сылгоймаджы намыс. *Уац* ........ 29

**ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 100 АЗЫ**

УАНИОН. Цæргæсты хохмæ фæндагыл ........ 38

ТЕМЫРАТЫ Дауыт. Дзул. *Радзырд* ........ 44

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ПОЭЗИ**

НÆКУЫСАТЫ-ЕДЗИТЫ Наирæ. Мæ бæллицты бæрзонд арвмæ тæхын. *Æмдзæвгæтæ* ........ 54

**ПРОЗÆ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Арвы нæмыг. *Роман* ........ 57

**РОХÆН ÆВГЪАУ НÆМТТÆ**

ТЕДЕТЫ Индирæ. Хæстарыд базыртæ. ........ 94

БЫРНАЦТЫ Ахмæт. Æвзонг хъæлæс. *Æмдзæвгæтæ* ........ 96

КАСАТЫ Батрадз. Æнкъарæнджын поэзи ........ 103

БУЛКЪАТЫ Игорь. Стыр курдиат æвдисæг рæнхъытæ ........ 104

**НОГ УАЦМЫСТÆ**

АГЪНАТЫ Гæстæн. Зæронд лæджы мæлæт. *Радзырд* ........ 105

**НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**

ТМЕНАТЫ Дзерассæ. Ахуырады рухсмæ фæндагамонæг. *Уац* ...... 121

**«МАХ ДУГ»-Ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД**

ГАБОЛАТЫ Зауыр. Æнæ бæллиц нæй дунейы цæрæн. *Æмдзæвгæтæ* ........ 128

**НÆ УИДÆГТÆ**

ТУАТЫ Алинæ. Уды бæрзæндтæм балц. *Уац* ........ 133

**ЗОНДЫ ФÆРÆЗ ХАБÆРТТÆ** ........ 137

**ТÆФÆРФÆС**

ГÆЗДÆНТЫ Булат ........ 142

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## ÆРТÆ НЫХАСЫ ИРОН УДВАРНЫ ГАЛУАНЫ ТЫХХÆЙ

**Фыццаг ныхас**

Нæ фыдæлтæм уыдис ахæм арфæйы дзырд кæстæртæн: «Дуджы хорзæх уæ уæд!» Алы дуг дæр æрхæссы йæхи зындзинæдтæ æмæ ног фадæттæ. Ивгъуыд дуджы цаутæ бæрæг сты, фæлæ сæ аивынæн амал нæй. Фидæны хабæрттæй та бæлвырд зæгъæн ницы ис, фæлæ сæ фылдæр аразгæ сты нæ абоны архайдæй. Абон цы нысантæм тырнæм, цæуыл тох кæнæм æмæ куыд хъаруджынæй архайæм, уымæй аразгæ у нæ сомбон. Афтæмæй сæвзæры ахсджиаг фарст: «Цавæр хъуамæ уа нæ абоны архайд?»

Профессор Хадыхъаты Хадзымæт йæ этносоциалон афæлгæст «Ирондзинады фидæн»-ы афтæ фыста: «Фыдæлты фæткæй цы адæмыхатт фæиртæса, уымæн æнæ фæцудгæ нæй, фæлæ æрмæст фыдæлты фæткыл лæууæг адæм дæр размæ нæ ацæудзысты, царды ногдзинæдтæ куынæ исой, стæй иннæ адæмты хорздзинæдтæ куынæ фæзмой, уæд». Уæдæ афтæ зæгъæн ис, æмæ нæ абоны архайд ахъаз уыдзæн нæ фидæны фæрныгадæн, кæд æмæ æнцой кæна æртæ бындурыл: ирон фарн, ирон цардарæзт æмæ ирон дунеæмбарынадыл.

Ацы æртæ бындуры фидар кæнынмæ та «Мах дуг»-æй хуыздæр чи хъуамæ сарæхса?

**Дыккаг ныхас**

Мæ зæрдыл æрлæууыд, нартæ галуан саразын куыд сфæнд кодтой, уый тыххæй кадæг. Хорзæй хуыздæрмæ тырнгæйæ, фæллой кодтой иу дуг, æмæ, куы срæвдз ис, уæд æрхуыдтой дзыллæты, цæмæй сын равдисой, сæ нæргæ кадмæ цы бафтыдтой, уый. Адæм цыдысты, æмæ сæ дисы æфтыдтой алæмæттаджы галуаны уынд æмæ йæ мидæг æфснайд хæзнатæ. Иуафон фæзынд Сырдон дæр, амыты-уымыты арауай-бауай кодта, цыдæр хъуаг ма у уæ галуан, зæгъгæ, срæцыгъта æмæ æрбатары. Нартæм уый хардзау æркаст, æмæ галуан сæхгæдтой, цæмæй ма йыл ноджыдæр бакусой. Афæдзы фæстæ галуан байгом ис ногæй, фæлæ та Сырдон бафаудта галуан. Нартæ та бавнæлдтой галуан фæхуыздæр кæнынмæ. Æртыккаг хатт дæр ма йæ куы бафаудта Сырдон, уæд æй нартæ æрфарстой, цы хъуаг у нæ галуан, зæгъгæ. Сырдоны дзуапп уыд: «Уæ галуан у аипджын, уымæн æмæ дзы нæй сылгоймаг». Ацы таурæгъ у аллегори, æмæ йын афтæ бамбарæн ис: «Сылгоймаг нысан кæны удварн». Ома Ирондзинады галуан цыфæнды хъæздыг æмæ нывæфтыд куы уа, уæддæр нæ рабæздзæн нæ фидæны арæзтады бындурæн, ирон удварн дзы куынæ æрбынат кæна, уæд.

«Мах дуг» – ирон удварн цырынгæнæг – æнæмæнг хъæуы Ирондзинады галуан амайджыты.

**Æртыккаг ныхас**

Кæддæр Расул Гамзатов загъта ахæм зæрдæмæхъаргæ ныхæстæ: «Кæд райсом фесæфдзæнис ме ‘взаг, Уæд абон æз мæлæтмæ дæн цæттæ!» Мадæлон æвзагæй мады хъарм цæуы. Фæлæ Расулы хъуыды арфдæр у: «Адæмы цардхъомдзинад мынæг кæнын куы райдайы, уæд æвзаг дæр сæфты къахыл ныллæууы».

Ирондзинады галуанæн йæ уд у ирон æвзаг, йæ хъомыс æвдисæг – ирон дзырд. Уыцы галуаны алæмæттаджы хæзнатæ æфснайæн, æвдисæн æмæ фылдæргæнæны мадзал у ирон æвзаг. Ирон удварны тыххæй иронау дзырдæуы. Æмæ афтæмæй, ирон удварн куы кадавар кæна, уæд ирон æвзагæн дæр æнæ бахуыскъ уæвæн нæй. Иннæрдыгæй та дуджы ногдзинæдтæ æмæ иннæ адæмты хорздзинæдтæ нæ цардарæзтмæ æрбайсын дæр иронау чындæуы. Нæ адæмæн цардхъомдзинад æмæ размæцыды фæрæзтæ ирон удварнимæ сты.

«Мах дуг» – нæ мадæлон æвзаджы артдзæст, рæзты фæндæгтыл нæ цырагъдар.

*КЪУСРАТЫ Анатоли,*
*УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг наукон центры зонадон разамонæг*

# МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 115 АЗЫ



**(1909 – 1966)**

*Цæй стыр амонд у райгуырæн хæдзары цæрын, хи фæллойæ бæркадджын уæвын, адæмы уарзын...*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

# РАЙГУЫРÆН БÆСТÆ

*Радзырд*

## I

«Уазæг – цæттæ, фысым – æдзæттæ», – зæгъы ирон æмбисонд. Уыцы бонæй размæ æз не ‘мбæрстон, уым цы хъуыды æвæрд ис, уый, фæлæ йæ мæхæдæг куы бавзæрстон, уæд æй æгæр дæр ма бамбæрстон.

Уый уыдис 1930 азы нартхор рувыны афон Галиуварсы хъæуы. Дард фæндагыл тынг сæххормаг дæн æмæ, æппынфæстаг мæ фысымтæм куы бахæццæ дæн, уæд разындысты æдзæттæ, æмæ ма мæ бахъуыдис иудзæвгар рæстæг æнхъæлмæ кæсын, цалынмæ хæдзары æфсин къæбицы архайдта, уæдмæ. Нартхоры кæрдзын сæм бæргæ уыдис, цæхæрадонæй æрбахæссын хъуыд хъæдындзтæ æмæ булчъы сыфтæ – уыдонæй хуыздæр ницы хъуыд мæн уыцы сахат ме ‘ххормаг басæттынæн. Фæлæ фысым æфсæрмы кодта ахæм «минас» уазæджы раз æрæвæрын, æмæ æнхъæлмæ кæсын хъуыд хъарм хæринагмæ.

Хур аныгуылынмæ бирæ нал уыдис, афтæ мæ фысым Мысост, æрæджы педтехникум каст кæимæ фестæм, цыппар азы иумæ кæимæ фæцардыстæм, уый æрцыдис парткомæй. Уым уагъта къулы газет колхозæн. Йæ цинæн кæрон нал уыд, æмæ мæ фæбузныг, кæй сæ абæрæг кодтон, уымæй. Фæлæ мæ уæддæр хивæнд стонг æнцой нæ уагъта. Цыма арт дæр хорз мæ фыдæнæн нал сыгъдис æмæ фаг нал тавта алгъацы, афтæ мæм кастис, æмæ тыхстæн мæхинымæр.

– Цом, доны былтыл уал атезгъо кæнæм ацы дзæбæх изæр, – загътон Мысостæн, фæлæ мæ цыды сæр уыдис, цæмæй мæ ме ‘ххормаг айрох уа, уый.

Сразы ис мæ ныхасыл Мысост, æмæ сындæггай араст стæм хъæуысæры ‘рдæм. Ауадыстæм иудзæвгар. Цыдыстæм доны рæзты. Зын у, Æрæфы былтыл иу сæрдыгон изæр дæр чи нæ арвыста, йæхæдæг æй чи нæ федта, уымæн ныхæстæй йæ диссаджы рæсугъддзинад снывкæнын.

Галиуæрдыгæй лæууы бæрзонд рагъ, арф кæрдæгæй уый хъулон адардта сырх, бур, фæлурс-сырх, фæлурс-цъæх æмæ æндæр алыхуызон хъæддаг дидинджытæй, иугай тулдзы къутæртæй.

Цæгатырдыгæй зынынц тæрс бæлæсты цъуппытæ, лæгуын сæрыл ма иугай æрдутæ куы аззайой, уыйау.

Рагъæй дæ цæстæнгас дæлæмæ æрис, æмæ дæ разы тыгъдæй лæуу-уынц гауызы хуызæн фæз, саухал, хъалхуыз нартхоры быдыртæ, мæнæуы хуымтæ. Хохы ‘рдыгæй дымы изæры уадымс, фæйлауы хортæ денджызы уылæнтау. Акæс хъæумæ, æмæ рæсугъд сæрвæты фендзынæ родтæ хизгæ, хъæзты, гогызты, кæрчыты æмæ бабызты дзугтæ, цъæх нæууыл та чысыл сывæллæтты хъазгæ. Ахæсс дæ цæстæнгас Æрæфыл, йæ былтыл. Дыууæрдыгæй дæр æхгæд алы хъæддаг дыргъ бæлæстæй. Сæ быны æрхуыссынæввонг зайы ныл-лæг фæлмæн кæрдæг. Арф комы хæрис æмæ фæрвытæй атагъаты æхсæнты мæсты сырсыргæнгæ, йе ‘взист буар хурмæ тæмæнтæ калгæ, къæдзтæ-мæдзтæй згъоры Æрæф. Атагъайы бæлæстыл сбырыдис бæзджын хуымæллæг, стæй æндæр ахæм хилаг зайæгойтæ, æмæ сæм уырдыгмæ ныккæс, уæд зын равзарæн у, бæлæстæ сты æви кæрдæгæй æхгæд обæуттæ. Уыцы нывыл бафтау изæры уазал, уæнгты роггæнæг сыгъдæг дымгæ.

Йæ рахиз фарсы ‘рдæм акæс Æрæфæн, æмæ дæ цæстыты раз лæудзæн, галиуæрдыгæй чи ис, ахæм рагъ, æцæг, – ныллæг къутæр бæлæстæй æхгæд. Скæс уæлæмæ, æмæ дæ цæстæнгас æрæнцайдзæн бæрзонд, митсæр, дызгъуынтæ хæхтыл.

Цыдыстæм Мысостимæ доны цурты, уыцы нывтæм æнæфсисæй кæсгæйæ. Былæй тылдтам дуртæ æмæ кастыстæм сæ фæдыл, сæ разæй-иу рыг калгæ æндæр дуртæ хæсгæйæ, Æрæфы гуылфæнты сæ пæллæхъхъ куыд фæцыд, уымæ.

Хур сындæггай æртылд рагъы аууонмæ, æмæ ма сырх пиллон калдтой йæ фæстаг тынтæ. Колхозонтæ къордгæйттæй здæхтысты сæ куыстæй: чи æнцадгай, чи заргæ, чи фæндырæй цæгъдгæ æмæ æмдзæгъд кæнгæйæ.

Иу чысыл нарæг къахвæндагыл ныццыдыстæм атагъамæ æмæ бæлæсты бынты нæхи доны былтыл айстам. Ахызтыстæм уæллаг кæронæй, Æрæф, æвæццæгæн, йæ цæуæн æрæджы кæцæй аивта фалдæрмæ, уыцы æхсады хуызæн сыгъдæг, алыхуызон дуртæй хъулон уырмæ æмæ федтам диссаджы ныв... Дон кæй раласта, йæ къалиуты æмæ уидæгты æрдæг змисы бын кæмæн фæкодта, ахæм стыр хæрисы раз лæууыдис ацæргæ сауцъар, дæргъдзæсгом лæг.

Кастис æм æдзынæг йæ цæссыг калгæйæ, йæ рувæны хъæдыл æнцойæ кæнгæйæ. Иучысыл рæстæджы фæстæ йæ рувæн æрæвæрдта, бацыд бæласмæ хæстæгдæр, ныхъхъæбыс ын кодта æмæ, махмæ куыд фæкаст, афтæмæй йæм йæ цæсгом хæстæг æрхаста æмæ йын ныбба кодта йæ дызгъуын буарæн.

Мах æм бацыдыстæм цымыдисæй, фæлæ нæ федта, æрмæст йæ цæссыгтæ йæ хурсыгъд къухы уæлфадæй куы асæрфта, рувæн куы систа æмæ хъæуы 'рдæм куы рараст, уæд. Мысост æй базыдта æмæ мын æй куыд бацамыдта, афтæмæй уый уыдис туркаг, йæ ном та – Хусейн. Ныр фараст азы цæры Галиуварсы хъæуы. Фыццаг æххуырсты куыста, ныр та колхозон у. Лæг нæ куы ауыдта, уæд йæ цæсгом фæсырх, æмæ йæ чысыл цæстытæ æнахуыр тагъд стыбар-тыбур кодтой. Иуцасдæр рæстæг аззадис сагъдауæй, стæй æфсæрмыгæнæджы худт бакодта йæ мидбылты æмæ нæм хæстæгдæр æрбацæугæйæ сдзырдта:

– Æрра мæ ма фæхонут, фæлæ мын ацы хæрис бæлас (йæ къухæй йæм ацамыдта) мæ зæрдыл æрлæууын кæны мæ ивгъуыд цард, мæ сæфт бинонты, æрымысын мын кæны мæ фыдæбæттæ, æмæ уæд мæ зæрдæ суынгæг вæййы, æмæ фемæхсынц мæ цæссыгтæ.

– Æмæ цы кодтай? Цавæр зынтæ дын æрымысын кæны? – бафарста йæ Мысост.

– Мæ таурæгътæ даргъ сты ацы ран радзурынæн. Уыныс уæртæ уыцы хæрис бæласы? Мæсты ивылд дон æй ратыдта, цы бынаты рæзыдис, уырдыгæй, раласта йæ дуртыл æмæ къæдзæхтыл хойгæ. Гъе афтæ мæн дæр царды уылæнтæ рахастой царды къултыл хойгæ мæ райгуырæн бæстæйæ.

Мæн бафæндыдис исты бæлвырддæр базонын. Фæурæдтон ын йæ ныхас æрдæгыл æмæ дзы ракуырдтон, кæд ын изæры ницы куыст ис, уæд Мысосттæм æрцæуын æмæ нын йæ царды хабæрттæ радзурын. Хусейн сразы ис, æмæ иумæ рараст стæм хъæумæ.

Æхсæв уыдис рæсугъд. Арвы астæуæй кастис мæй æмæ рухс кодта бæстæ. Йæ алыварс стæммæ-стæм æрттывтой стъалытæ. Мах та æртæйæ бадтыстæм сугты сæр кæрты æмæ хъуыстам Хусейны таурæгътæм.

– Мæ царды хабæрттæ тынг даргъ сты, æмæ уæм дзы диссагдæр цы фæкæсдзæн – нæ зонын, – райдыдта Хусейн.

– Цыдæриддæр ма дзы дæ зæрдыл лæууы, уыдон нын радзур, – загътон ын æз.

– Мæ ном хуыйны Хусейн, – райдыдта лæг æмæ иудзæвгар ныхъхъус и, зæхмæ æдзынæг кæсгæйæ баззад, æвæццæгæн, хъуыды кодта, цæмæй райдайа, ууыл, стæй дарддæр дзырдта: – Ныр базæронд дæн æз, æмæ мыл ахæм ныхæстæ кæнын нал фидауы. Фæлæ мын иу хъуыддаг мæ зæрдæйы ныууагъта æнæбайгасгæнгæ хъæдгом. Суанг гыццылæй фæстæмæ, уарзон цы у, уый дзæбæх куы нæма фæзоны саби, уæдæй фæстæмæ æз уарзтон нæ хъæукkаг иу чызджы, Зари, зæгъгæ, йæ ном. Æмæ æрмæст уарзынил нæ уыдис хъуыддаг. Гуыбыны ма уыдыстæм, афтæ бафидыдтой нæ фыдæлтæ иумæ балцы уæвгæйæ: кæд дыууæйæ дæр лæппутæ уыдаиккам, уæд – кæнгæ æфсымæртæ, кæд чызджытæ, уæд – кæнгæ хотæ, кæд чызг æмæ лæппу, уæд та хъуамæ уыдаиккам лæг æмæ ус. Уыцы хабар æз хъуыстон чысылæй фæстæмæ мæ мадæй, æмæ фыццаг Зарийы уарзтон æфсымæры уарзтæй, фæлæ, куыд хъомыл кодтон, мæхи куыд æмбæрстон, афтæ йæ уарзын байдыдтон лæппуйы уарзтæй. Æниу сымах хъæугæ дæр ницæмæн кæнынц уыцы хабæрттæ, – загъта Хусейн æмæ мæм комкоммæ æрбакаст. Мæйы рухсмæ куыд равзæрстон, афтæмæй йæ цæсгомыл бадтис цины æнгас. Æвæццæгæн, йæ цæстыты раз сног сты йæ уæдыккон царды нывтæ, æмæ æхсызгон уыд йæ зæрдæйæн.

– Дзур, дзур, дæ хорзæхæй, – ракуырдтон дзы æз.

– Ныхас дардыл цæуы, фæлæ мæ фыд амардис, дыууæ азы мыл куы цыдис, уæд. Фыццаг дæр тынг хорз нæ цардыстæм, йæ зианы фæстæ та бынтон фæмæгуыр стæм. Уæдмæ Зарийы фыд Мохамед та хъæздыгдæр фæци: балхæдта зæхх, байгом кодта дукани, фос æм уыдис дзæвгар, æмæ дарын байдыдта æххуырстытæ. Æмæ нал фæндыдис Мохамеды йæ чызджы мæнæн раттын, ферох æй ис, кæддæр мæ фыдимæ ард кæй бахордта, æмæ, йæ фæсайын хорз кæй нæу, уый. Куы йын бакой кодтон мæ фæндон, уæд мын, йæ мидбылты зынæрвæссон худт бакæнгæйæ, дзуапп радта:

– Ды мæ аккаг сиахс нæ дæ, фæлæ рацу мæнмæ, ратдзынæн дын куыройгæсы бынат, кусдзынæ æмæ дæ бинонты дардзынæ.

Базыдтон мæ бон, бамбæрстон, ацал-ауал азы мæхицæн ныфс кæмæй февæрдтон, мæхи кæмæй буц кодтон, уыцы рæсугъд Зари

мæн кæй нæу, мæ фæндтæ, мæ бирæ цинтæ дзæгъæлы кæй фесты. Æмæ цæмæн? Мæгуыр кæй уыдтæн, уый тыххæй. Мæ зæрдæ-иу суынгæг, фыхтис мæ маст. Æнæхъæн къуыри фыдæнæн мæзджытмæ ламазмæ нал ацыдтæн. Фæлæ мæ Зари йæхæдæг уарзта бирæ, уый дæр, æвæццæгæн, тыхстис, хабар куы базыдта, уæд. Иухатт мæм æрбаминæвар кодта не ‘рвадæлты чызджы. Мæнæй уымæн, дам, зæгъ, йæ конд хъуыддаг афтæмæй куы ныууадза, уæд йæ худ аппарæд æмæ йæ сæрыл сылгоймаджы кæлмæрзæн стухæд.

Æз минæвар æрвитын байдыдтон, уыцы ныхæстæ кæмæн кодта, уыцы чызджы Заримæ. Æппынфæстаг хъуыддаг уымæ æрцыдис, æмæ ныууагъта йæ хъæздыг фыды, йæ мыггаджы, нал банымадта худинаг æмæ ралыгъдис мæ фæдыл. Кæрæдзийыл æрхъæцмæ нæ хъæцыдыстæм. Кæд мæгуыр цард кодтам, уæддæр нæхи нымадтам амондджынтыл. Æрмæст-иу куы æрымысыди, мæнмæ куыдæй рацыдис, уый, уæд-иу æрæнкъард.

«Æз дæу тыххæй рахицæн дæн мæ фыдæй, мæ хæстæджытæй, æмæ мын ничи ис дæу йеддæмæ. Цы уаин, кæмæ ма бакъул кæнин мæхи, дæуыл исты куы æрцæуид, уæд?» – дзырдта-иу ахæм сахат Зари æмæ-иу йæхи мæ хъæбысмæ æрбаппæрста, атыхстис-иу мæ хъуырыл, цыма æцæг исты фыдбылызы бахауинаг дæн, æмæ мæ удæгасæй раттинаг нæу, афтæ.

Тæригъæд ын-иу кодтон уæд æз дæр, тынгдæр-иу æй æрбалхъывтон мæ хъæбысы, æмæ-иу дзæвгар рæстæг афтæ бадгæйæ баззадыстæм...

Хусейн фенцад йæ ныхасæй. Йæ фæстаг дзырдтæ куыд хъуыстысты, уымæй æнцон бамбарæн уыд, йæ зæрдæ кæй суынгæг ис, уый. Фыццаг ныдджих, цы сугыл бадтис, уымæ, стыгъта йын йæ хъуынатæ, стæй йæ сæр хæрдмæ систа, скастис мæймæ æнæмбаргæ кастæй, арф ныуулæфыд æмæ дарддæр дзырдта:

– Фæцардыстæм афтæмæй иумæ æрмæст æртæ мæйы. Æз куыстон быдыры хурыскастæй хурныгуылдмæ. Уый фæстæ-иу нæхимæ систон æвдæз æмæ цыдтæн ламазмæ, азан-иу куы ныхъхъæр кодтой, уæд иннæ адæмимæ. Райсомы, сихоры, ечындыйы, æхсæвы ламаз та кодтон быдыры кæнæ хæдзары, уыцы рæстæг мæзджытмæ цæуын къухы кæй не ‘фтыдис, уымæ гæсгæ.

Иухатт куыстæй куы æрыздæхтæн, уæд мæм Зари радта иу

гæххæтты гæбаз мыхуырæвæрдимæ æмæ мын бамбарын кодта, къæнцыларæй æрвыст кæй у, уый. Æрбалæвæрдтой йæ изæры ламазы афон, фыст уыдис араббаг дамгъæтæй. Æз чысылæй ахуыр кодтон хъуыраны, чытаппы, зыдтон кæсын æмæ бакастæн гæххæтт. Зари мæ бафарста, цы фыст дзы ис, уымæй, фæлæ æмбæрстон, цас маст ын уыдзæн, уый æмæ сæфсон кодтон, нæ йæ æвзарын, зæгъгæ. Мæхæдæг ацыдтæн хъæуыхицаумæ, мæ тыхст ын радзурон, æмæ мæ кæд суæгъд кæниккой уыцы фыдбылызæй, зæгъгæ. Фæцагуырдтон æй, фæлæ йæ не ссардтон æмæ фæстæмæ раздæхтæн. Систон æвдæз, мæ ламазгæнæн чысыл гауыз мæ дæларм бакодтон æмæ ацыдтæн мæзджытмæ.

Молло лæуыдис йæ бæрзонд лæууæны, адæм æрытыдтой сæ ламаздзыхъхъытæ æмæ хъавыдысты ламаз кæнын райдайынмæ. Æз дæр æй се ‘ппæты фæстæ тагъд-тагъд айтыдтон æмæ æррæвдз кодтон мæхи.

«Бисмиллахи, æррæхмани-рахим! Дунейы скæнæг Хуыцау у иунæг, æмæ Йыл мах æууæндæм кæддæриддæр. Йæ хæстæгдæр пехуымпар у, æцæгдзинадæй, Мохамед-пехуымпар, æмæ мах цæуæм кæддæриддæр Йæ амынд фæндагыл!..» – дзырдта молло, йæ къухтæ уæлæмæ скæнгæйæ, арвмæ лæгъстиагхуызæй кæсгæйæ. Æмæ адæм дæр афтæ бакодтой.

Райдыдта ламаз, фæлæ мæнæн мæ зæрдæ æхсайдта уыцы гæххæтты гæбазмæ, ферох мæ, мæзджыты дæн, уый дæр. Адæм-иу æрбадтысты сæ зонгуытыл, æз-иу баззадтæн лæугæйæ. Адæм-иу сыстадысты, æз-иу баззадтæн мæ зонгуытыл бадгæйæ.

Сагъæс байдыдтон, куы ацæуон æфсадмæ, уæд цы фæуыдзысты, куыд цæрдзысты мæ зæронд мад æмæ Зари, чи сæ хæсдзæн, чи сæм кæсдзæн, уыл. Нæ уыдис, лæг йæ зæрдæ кæуыл бадардтаид, иу ахæм адæймаг. Зыдтон æй, æз куы ацæуон, уæд кæй амæлдзысты æххормагæй, уымæн æмæ бон-изæрмæ æнæрæнцойæ куыстам, уæддæр мæгуыр цард кодтам.

Фæцис ламаз мæзджыты. Фæлæ ма нæ молло баурæдта иудзæвгар рæстæг æмæ дзырдта: «Æмбал кæмæн нæй, уыцы иунæг Хуыцау æмæ Йæ хæстæгдæр пехуымпар-Мохамедмæ хъусæг пысылмон адæм, Османийы цæрджытæ, цытджын Турчы адæм! Æгас дуне сыстад, фæцис дыууæ дихы, æмæ зæххы цъарыл цæрæг дзыллæйæ

алчи дæр, йæ туг, йæ цард не ‘вгъау кæнгæйæ, æрлæууыдис йæ райгуырæн бæстæ, йæ дин бахъахъхъæныныл. Историйы мидæг махимæ хæцынæй никуы банцад гауырты бæстæ, Чырыстийы дингæнæг Уырысы паддзахад. Ныр дæр та нæм æрбайвæзта йæ къухтæ, хъавы нæ йæ армы бакæнынмæ, Мохамеды рухс кувæндæттæ Чырыстийы аргъуантæй баивынмæ. Алы туркаджы хæс дæр у уыцы гауыртæй пысылмон сыгъдæг дин бахъахъхъæнын æмæ Кавказы цæрæг пысылмон адæмæн уыцы гауыр Уырысы къухтæй сæхи ратонныныл тохы баххуыс кæнын.

Зонут уæхæдæг, ныр æнæхъæн афæдз хæсты быдыры сæ туг калынц уæ цот, уе ‘фсымæртæ æмæ хъæбатырæй хъахъхъæнынц райгуырæн бæстæ. Фæлæ уыцы гауыртæ сты æнæкæрон бирæ æмæ хъавынц махонтыл фæуæлахиз уæвынмæ. Уымæ гæсгæ нæ цытджын султан сиды ногæй йæ адæммæ, хæстмæ ног тыхтæ арвитыны тыххæй. Мачи бауромæд йæ фырты, йе ‘фсымæры. Мачи фæтæрсæд зындзинæдтæй, æмæ гауыртæй бахъахъхъæнын бафæразæм нæ райгуырæн бæстæ, нæ дин...»

Дзыхæй дæсны лæг уыдис нæ молло. Йæ ныхæстæ ахъардтой мæ зæрдæйы, ме уæнгты, æмæ мæ бафæндыдис тохы амæлын, Турчы адæм цы хæсты быдыры мæлынц нæ райгуырæн бæстæ бахъахъхъæныны сæраппонд, уым. Фæлæ мын нæ уыд ацæуæн, уæд бинонтæ сæфгæ кодтой мæгуыр æмæ сыдæй.

Мæзджытæй здæхтæн сæргуыбырæй, хъуыдытæгæнгæ. Æхсæвæр хæргæйæ, мæ мад бафиппайдта, æнкъард кæй дæн æмæ мæ, цы кæнын, уымæй бафарста. Æфсонæн ын загътон, мæ сæр риссы, зæгъгæ, æмæ дзы мæт бацыд: тæккæ куыстафон куы фæрынчын уон.

Зари бамбæрста, ме ‘рæнкъарды аххос, къæнцыларæй цы гæххæтты гæбаз сæрвыстой, уый кæй уыдис, æмæ хуыссынмæ куы ацыдыстæм, уæд мæ нал уагъта. Бæргæ йын æй нæ хъавыдтæн хъæр кæнынмæ, фæлæ мæм æгæр куы ‘рбаздæхт, дæу тыххæй ныууагътон мæ хæдзар, уæддæр мæ ды дæ хъуыддæгтæ æмбæхсыс, зæгъгæ, уæд дзы фефсæрмы дæн æмæ йын радзырдтон æцæг хабар.

«Æмæ уæд æз та цы фæуыдзынæн?» – сфæрæзта ма уынгæг хъæлæсæй, стæй мыл йæхи æрбаппæрста, ацауындзæг ис мæ бæрзæйыл, йæ цæсгом атъыста мæ дæллагхъуыр æмæ богъ-богъæй кæуын райдыдта.

Тынгæй-тынгдæр мæ æлхъывта йæхимæ, афтæмæй фæлæууыдыстæм дзæвгар рæстæг. Фæстагмæ йæ басабыр кодтон. Бавæрдтон ын зæрдæ райсом кусынмæ нал ацæуынæй, хъæуыхицау æмæ моллоимæ баныхас кæнынæй, цæмæй мын мæ тыхст уавæрмæ æркæсой æмæ мæ суæгъд кæной сидтæй.

Дыккаг бон фæныхас кодтон хъæуыхицауимæ. Бацыдтæн молломæ йæ хæдзармæ æмæ уымæн дæр фæдзырдтон мæ хабæрттæ. Фæлæ ницы. Нæ мын байхъуыстой мæ лæгъстæтæм. Æрмæст мын загътой, æртæ боны фæстæ кæй цæудзысты сидтонтæ хъæуæй, æмæ мæ уæдмæ цæттæ кæнын кæй хъæуы фæндагмæ.

Сыздæхтæн фæстæмæ æнкъардæй. Куыдта мæ зæронд мад, куыдта Зари. Уынгæг кодта мæхи зæрдæ дæр. Нал тасыд мæ къух куыстмæ.

Не 'мгъуыд куы 'рхæццæ ис, уæд æмбырд кодтой къæнцылармæ. Сидтонтæ, хæстон зарæг заргæйæ, се 'мбæлттыл зылдысты къордæй. Æз уыдтæн цæуынæввонг. Фæлæ мыл уаты Зари ныттыхстис, куыдта æмæ мæ нæ уагъта. Уыцы рæстæг уынгæй æрбайхъуыстис ме 'мбæлццæтты уынæр, æмæ æрбалæууыдысты нæ дуармæ. Зарийæн йæ буар æнахуыр рызт ныккодта, йæ зæнгтæ фæдыдагъ сты, йæ кæуын фæхъус, фæлæ йæ цæсгом мæрдон цъæх ацис, æмæ æрхаудта йæ зонгуытыл. Æз æй ацахстон æмæ йæ сынтæгыл æрæвæрдтон. Ницыуал æмбæрста. Фæуагътон æй æмæ æддæмæ разгъордтон, мæ мадæн ма загътон, цæмæй йæм йæ цæст фæдара, мæхæдæг баиу дæн къордимæ, æмæ заргæ араст стæм нæ иннæ æмбæлттыл зилынмæ.

Æрдиаг кодтой мадæлтæ, æрыгон чындзытæ сæ мæйтты фæдыл, куыдтой чысыл сывæллæттæ, куыдтой æнæуынæр куыдæй урсрихи зæрæдтæ сæ фыртты фæстæ.

Хур чысыл акъул, афтæ рахызтыстæм хъæуæй.

## II

Горæты дыууæ къуырийы ацахуыр кодтам, æмæ, нæ къæхтæ раст исын дæр нæма базыдтам, афтæмæй нæ æргæвдинаг фосы хуызæн вагæтты бакалдтой æмæ нæ Уæрæсейы арæнмæ, хæст цырынæй кæм цыдис, уырдæм аластой.

Æххормаг æмæ æнкъардæй фæндагыл арвыстам дыууæ боны. Нæ амондæн ма махимæ бадт фæцис Мурза-Али, зæгъгæ, иу мæ

цахъхъæн хæбуздзыхъхъытæ, фыдцъылыз, фæлæ æвирхъау хъазаг лæппу. Зарын, кафын, хъæлдзæг ныхас кæнынæй нæ банцад, æмæ мах дæр нæ бауагъта нæ сæртæ дæлæмæ æруадзын.

Дыккаг бон изæрæй бахæццæ стæм хæсты быдырмæ. Хъуысын нæм байдыдта сармадзанты нæрын, топпыты къæр-къæр. Раст цыма арв æрцæйкалдис, бæстæ уымæй уæлдай нæ уыд. Рызтис чысыл къорийау зæхх. Алкæмæ дæр нæ афтæ каст, цыма æгасæй нал аирвæздзæн. Æрмæст ма Мурза-Али нæ уагъта йæ зарын æмæ хъæлдзæг ныхас, фæлæ ууыл дæр фæбæрæг ис, йæхи ма афтæ тыххæй кæй дары.

Ныр дæр мæ зæрдæ бауазал вæййы, куы æрхъуыды кæнын, нæ сæрты сармадзаны нæмгуытæ куыд тахтысты, нæ алывæрсты топпыты æмæ пулеметты нæмгуытæ куыд цъыф-цъыф кодтой, уый, уæд. Кæннод уырыссаг «ура!» та... Уый нæ хотыхтæй фылдæр тас уагъта.

Фæхæцыдыстæм афтæ иу-æртæ боны. Фыццаг нæ уавæр хорз нæ уыд. Цалдæр хатты нæ Уæрæсейы æфсæдтæ фæстæмæ раппæрстой, амардтой нæ бирæ. Фæлæ уалынмæ нæ хъуыддаг рæвдздæр цæуын байдыдта. Атардтам фæстæмæ Уæрæсейы æфсады æмæ бацахстам фадатджын бынæттæ. Ныфсджынæй тохы бацыдыстæм.

Мурза-Али хæцыдис мæ фарсмæ. Диссаджы адæймаг уыдис. Цыфæнды тæссаг сахат дæр æй нæ федтаис æнкъардæй.

«Хъусыс, куыд хъæрзы? Æвæццæгæн, уæззау рынчын у», – æрбадзырдта-иу мæм, искуы-иу сармадзаны нæмыг куы фехæлд æмæ куы ныууынæргъыдта, уæд, йæхæдæг-иу бахудт.

Фæстаг бон ма бадтыстæм иу дзыхъхъы фæрсæй-фæрстæм æмæ æнхъæлмæ кастыстæм размæ абырсыны дзырдмæ. Хур аныгуылынмæ бирæ нал уыд, уæдмæ, командир куыд загъта, афтæ æхстам. Иуафон нæ хæдсæрмæ фехæлд шрапнел, йæ картеччытæ зæхмæ æркалдысты, фæлæ нын цыма ницы зиан ракодтой, афтæ мæм фæкаст. Æвиппайды Мурза-Али ныууынæргъыдта. Фæкастæн æм. Уый ма йæ тæвдæй фæстаг гæпп фæкодта, йæ фондзæхстон йæ къухы даргæйæ, стæй размæ фæцудыдта, æрхаудта йæ зонгуытыл, афтæмæй баззад иучысыл рæстæг. Йæ худæнхуыз хъæлдзæг цæсгом мæрдон фæлурс ацис, йæ цырд цæстыты уæлтъыфæлттæ æруæззау сты æмæ ма æнцадгай бырыдысты дæлæмæ... «Мæ...би...ной...наг

баззад... куырдуаты... Ныффысс æм-иу мæ хабар», – сдзырдта ма скъуыддзæгтæй, стæй размæ фæцудыдта æмæ кæрдæгыл бафæлдæхт.

Фæлæбурдтон æм. Фелвæстон æй мæ хъæбысмæ, фæлæ уæдмæ йæ уд систа. Æрмæст ма йæ нуæрттæ дыз-дыз кодтой... Æрæвæрдтон æй кæрдæгыл уæлгоммæ æмæ йæм æдзынæг ныккастæн.

«Мæн дæр ахæм бынатмæ хъæуы, абон куынæ уа, уæддæр райсом. Мæн дæр хъуыдыгæнæг нæ уыдзæн... Мæнæн дæр дзæгъæлæй баззайдзæн, бирæ мæ чи уарзы, уыцы Зари æмæ, мæн тыххæй йæ цард зындоны чи арвыста сидзæргæсæй, уыцы мад. Фæлæ цæмæн? Цæй тыххæй? Кæмæн цы кодтой, кæй бахъыгдардтой? Æгæрмæгуыр сыхагимæ дæр куы никуы фæхъаугъа сты. Æниу æз мæхæдæг цы хъомыс дæн, мæ марынил зæрдиагæй чи архайы, уыцы уæрæсейагæн? Кæрæдзи зонгæ дæр куынæ кæнæм, кæрæдзи уынгæ дæр куы никуы фæкодтам, уæд?» – дзырдтон мæхинымæр. Раст хъуыдытæ уыдысты уыдон, фæлæ сын зæгъæн никæмæн уыдис, уымæн æмæ рæстдзинад æмæ паддзахады хæстæн нæй фæрсæй-фæрстæм бынат.

Мæ сагъæстæй та фæцух дæн чысыл рæстæгмæ. Кастæн Мурза-Алимæ. Йæ уазал цæсгомыл хъазыдысты хуры хъарм тынтæ æмæ æвдыстой цавæрдæр цины æнгас. Æвæццæгæн, мæлæты фæстæ судзаг рыстæй куы фервæзт, уæд та нуæрттæ æрцахстой сæ ахуыр бынæттæ.

«Размæ гауыртæй райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ!» – фæцыд командиры хъæр.

«Ура-а-а! Ура-а-а!» – анхъæвзти æфсадыл. Лæнкæй рахæлиу стæм æмæ азгъордтам, уырысы æфсæддон хай кæм уыд, уыцырдæм. Сæмдзæгъд кодта сæ пулемет. Адæм фæтъæпæн сты зæххыл. Æмæ та ногæй куы фестадысты абырсынмæ, уæд дзы бирæтæ баззадысты дæлгоммæ хуысгæйæ. Ногæй та нæхи акалдтам размæ, кæм гуыбыр-гуыбырæй, кæм фазыл быргæйæ. Нæ ныхмæ лæууæг уырыссаг æфсад йæхи иучысыл фæстæмæ айста.

Адагмæ куыд фæуырдыг кодтон, афтæ гыццыл къутæры аууон мæ размæ фæцис иу уырыссаг салдат. Хурсыгъд мæрдон цъæх цæсгом, æнæдаст уадултæ, хидæй уымæл сæрыхъуынтæ йын – цы ма уыди уымæй тæригъæддагдæр! Кæрдæгыл бырынвæдæй бæрæг зындис, кæм хуыссы, цæф уым кæй нæ фæцис, уый.

Мæн куы ауыдта, уæд сындæггай йæ къух хæрдмæ систа, йæ

умæл цæстытæй мæм уацары каст скодта æмæ лæгъстæхуызæй сдзырдта: «Дон...» Фæлæ æз æхсаргард куы фæцъортт ластон, уæд йæ цæсгомыл фæзындис, цыма йæхи дæр фæнды, куы йæ æрцæвин æмæ йæ йæ хъизæмарæй куы фервæзын кæнин, ахæм æнгас. Æз мæхи бауромын бафæрæзтон. Уыцы сахат нæ цуры февзæрдис, уымæй размæ мæ фарсмæ акъоппы чи бадтис, ахæм янычар. Мæстыгæр æмæ диныл хæцæг уыд.

«Æ-æ, гауыры фырт, ды дæр мæ райгуырæн бæстæ абырсынмæ хъавджытæй дæ, пысылмон динæй фæхынджылæг кæнынмæ чи хъавы, уыдонæй?!» – фæхъæр кодта янычар æмæ уæззау цыргъ æхсаргард дард фæхаста.

Æвиппайды Хусейн фæхъус йæ ныхасæй, йæ зæрдæ суынгæг, йæ фыдхуыз уадултыл мæйы рухсмæ ферттывтой авджын къориты хуызæн дыууæ цæстысыджы. Аив æмæ бæлвырдæй дзырдта йæ таурæгъ Хусейн, дзæбæхдзинадыл йæ цæсгомы цины хуыз æвдисгæйæ, зындзинадыл дзургæйæ та йæ æнкъард æмæ мæсты æнцъылдтæ кæнгæйæ. Ахастой мæ йæ ныхæстæ дард бæстæм – тугæй ахуырст, топпыхосы фæздæгæй æмæхгæд æмæ сармадзаны нæмгуыты рæмыгъдтытæй æмбæрзт ранмæ. Ферох мæ ис, кæм дæн, кæм бадын, уый.

Хусейн куы фæхъус, уæд цыма хъал фæдæн. Дымдта фыццагау сæрдыгон рог дымгæ, бæстæ уыд сабыр, мæй æрттывта фыццагау стыр цъæх хъуымацы хуызæн арвыл тыбар-тыбур кодтой стъалытæ. Ныр уæлдай æхсызгондæр уыдис уыцы рæсугъд æрдзы нывмæ кæсын.

– Фæхаста æхсаргард дард, нырриуыгъта, æмæ дæ фыдгул афтæ... Лæг æрæхгæдта йæ цæстытæ, йæ къух ризгæйæ йæ риуыл æруагъта æмæ кæрдæгыл уæлгоммæ ахауд. Фæкодта ма фæстаг дзагъул, æнæмбаргæ кастæй ма нæм скаст, цыма афтæ зæгъинаг уыд: «Цæмæн мæ амардтат? Æз уæ дон куы агуырдтон, уæд мын уый бæсты карды цæф цæмæн радтат? Уæвгæ, бузныг, мæ хъизæмарæй мæ кæй фервæзын кодтат, уый тыххæй».

Уыцы æнгас мын ме уæнгты бауагъта цавæрдæр диссаджы тæригъæд: кæд уымæн дæр мæ хуызæн мæгуыр бинонтæ баззад æмæ йæм æрыздæхынмæ æнхъæлмæ кæсынц. Марæг дарддæр азгъордта. Æз уым лæугæйæ баззадтæн. Фæстаг æмбырд ма æрбакодта цæф лæг йæ нуæртты тых, хъизæмары æнхъырдтæ скодта йæ цæсгом, –

Хусейнæн йæхи цæсгом анхъырдтæ ис уыцы ныхас кæнгæйæ, – йæ риу хæрдмæ систа, йæ сæр æмæ йæ къухтыл æнцайгæйæ, фæлæбурдта йæ хæдоны тæрттæм æмæ сæ фæйнæрдæм арæмыгъта.

Йæ риуыкъæй куы фегом, уæд мæм дзы фæзындис моллойы конд сæрачы хуыд цыппæрдигъон чиныг. Уымæй бамбæрстон, уый дæр пысылмон кæй уыд, хæст райгуырæн бæстæ æмæ нæ дин бахъахъхъæнынил кæй нæ цæуы, фæлæ æндæр цæуылдæр. Цыма йæ мæхæдæг амардтон, уыйау мæм фæкаст... Æмæ, чи зоны, афтæ нымайæн дæр ис. Æз янычаримæ иучысыл дæр разы куынæ уыдаин, уæд ын ацахстаин йæ къух æмæ йæ марын нæ бауагътаин. Фæлæ мæхæдæг дæр дызæрдыг кодтон, сафинаг у æви нæу, ууыл. Нал баурæдтон уæд мæхи, æрхаудтæн йæ риуыл, ныхъхъæбыс æй кодтон æмæ ма мæ фæндыд, исты хос ын куы акодтаин, фæлæ байрæджы – лæг нал змæлыд... Сыстадтæн... Цæф кæм фæцис, уырдыгæй мæм фæзынд цавæрдæр гæххæттыты тыхтон. Бацыдтæн æмæ сæ систон. Се ‘хсæн разынд рæсугъд сылгоймаджы хуызист кавказаг дарæсы. Æз æм кæсгæйæ баззадтæн. Мæ сагъæстæ та райхъал сты. Айрох мæ, хæсты быдыры кæй дæн, уый. Нал æрхъуыды кодтон, уырдыг лæууæн кæй нæй, уый дæр.

Æвиппайды мæ сæры галиу фахс ныддыз-дыз кодта, æмæ мæ ницы фæрыст, афтæмæй мæ цæстытæ атартæ сты. Æрмæст ма бамбæрстон: фæцудыдтон æмæ фæфæлдæхын. Уый фæстæ мæ зонд атар, æмæ ницыуал ауыдтон.

## III

Мæхи куы æрæмбæрстон, уæд – диссаг! Хуыссыдтæн уырысы хæстон рынчындоны. Мæ уæлхъус лæуууыд бæрзонд, бæзæрхыг, ирдцъар, урсхил хæрзконд дохтыр æмæ мæм уырдыгмæ кастис, мад йæ чысыл сывæллонмæ авдæнмæ куыд фæкæсы, афтæ. Мæ сæр æгасæй дæр уыдис æнгом бæстытæ, æмæ йын бамбæрстон йæ галиу фахсы хъæдгомы дудгæ рыст.

Мæ цæстытæ дохтырæй аздæхтон, акастæн алырдæм. Мæ алыварс хуыссыдысты бирæ рынчынтæ. Сæ мæрдонхуыз цæсгæмттæ, уæззау нæтын, лæмæгъ æнгас уынгæг кодтой лæджы зæрдæ. Фæлæ мæ уыцы сахат мæ цæф афтæ нырræхуыста, афтæ, æмæ мæ цæстытæ ахгæд-

тон, кæд афынæй уаин æмæ ницыуал æмбарин, зæгъгæ. Хуыссæг та хæстæг нæ цыд.

Æллæх, æллæх, цы тухитимæ арвыстон æз уыцы рынчындоны æртæ мæйы! Ныр дæр ма нырризы мæ зæрдæ йæ койæ. Нал фæрæзтон мæ сæры рыстæн, æнцондæр мæм кастис амæлын, куырдтон дохтырæй, марг мын ратт, цæмæн дæ хъæуы мæ хъизæмар, цæмæн мын хæлæг кæныс уыцы чысыл хорздзинад, зæгъгæ, фæлæ мæм никуы байхъуыста æмæ дзырдта: «Фæразын хъæуы». Базыдтон æппæт хабæрттæ дæр. Хинæй рацыдис уырысы æфсад нæ полкъыл. Уыдон барæй лыгъдысты размæ æмæ нæ сæ фæдыл сайдтой. Стæй, се 'хсæн куы фестæм, уæд нæ уацары райстой.

Рынчындонæй рацыдтæн æртæ мæйы фæстæ. Мемæ рахастон мæ бæрæггæнæн.

Хусейн уыцы ныхас зæгъгæйæ йæ сау нымæтхуд systа æмæ йæ къух æруагъта, йæ сæры галиу фахсыл дæргъæй-дæргъмæ мæйы рухсмæ авгау чи æрттывта, уыцы стыр носыл, цыма нын æй амонгæ кодта, афтæ.

– Нал уыдис нæхимæ, Туркмæ, аздæхæн, стæй ма дзы кæмæ цыдаин? Ферох мæ ис зæгъын... Уый хæдразмæ мæ хъæуккаг æмбал райста сæхицæй фыстæг, æмæ, дам, Зари æмæ мæ зæронд мад амардысты. Дзырдта мын æй, куы сдзæбæх дæн, уæд, фæлæ уымæ дæр бæлвырд нæ фыстой, цы сыл æрцыд, уый.

Стæй радзæгъæл дæн куыстагур. Æрбафтыдтæн Ирыстонмæ. Быдырыхъæуы бацыдтæн æххуырсты Мисурæт, зæгъгæ, иу сидзæргæсмæ. Диссаджы фæлмæнзæрдæ, Хуыцауы уарзон адæймаг разындис. Хæдзары цы уыдис, уый мын никуы бавгъау кодта. Никуы мæ бауагъта маст, æмæ æз дæр архайдтон æнæ сайдæй кусыныл. Мæ цард цыдис дзæбæх, æмæ мæ ме стыр рыст рох кæнын байдыдта.

Фыццаг хатт куы федтон Мисурæты, уæддæр мæм афтæ фæкаст, цыма мын йæ цæсгом зонгæ у. Æрмæст нæ фæрæзтон æрхъуыды кæнын, кæм æй федтон, уый. Иухатт æй, хъæдæй æрыздæхгæйæ, бафарстон, йæ мой цæмæй æмæ кæд амард, уымæй. Уый арф ныуулæфыд æмæ загъта: «Кæд æгас у æмæ искуы дæуау уацары цæры, уæддæр ын цы бæрæг ис! Авд азы размæ йæ Турчы хæстмæ акодтой, æмæ ма дыууæ фыстæджы сæрвыста, уый фæстæ дзы ницыуал бæрæг хабар сыхъуыстис», – æмæ йæ цæстытæ доны разылдта.

Уый фæстæ йын æз дæр мæ хабæрттæ фæкодтон, æмæ ставд цæссыгæй фæкуыдта. Фæлæ уæд мæ зæрдыл æрлæууыдис иу хъуыддаг. Ферох мæ ис зæгъын: куы фæцæф дæн, уæд дæр мæ къухæй не суæгъд кодтон, мард салдаты разæй цы сылгоймаджы хуызист систон, уый. Куы мæ рахастой, уæд нывæн мæн æнхъæл кæй уыдысты, уымæ гæсгæ йæ батыхтой мæ дзаумæттимæ, стæй мын æй ме сдзæбæхы фæстæ радтой, æмæ йæ мемæ рахастон, цæмæн мæ хъуыдис, уый мæхæдæг дæр нæ зыдтон, афтæмæй.

Ныр уыцы къам æрымысыдтæн. Рацыдтæн кæртмæ, æдзынæг æм фæкастæн æмæ бæлвырд бамбæрстон, Мисурæты хуызист кæй уыд, уый. Цалдæр боны фæстæ йын куыддæр æгъдауæй бафтыдтæн йæ уатмæ. Къулыл ауыдтон дыууæ адæймаджы сурæты. Нæлгоймаг кастис уарзæгой æмæ хъæлдзæг æнгасæй. Æз æй базыдтон, мæнæй дон чи агуырдта йæ мæлæты сахат, уыцы салдаты къам кæй уыд, уый.

Умæй фæстæмæ Мисурæтæй хинымæр æфсæрмы кæнын байдыдтон, æфхæрдтон мæхи; цас мын фылдæр дзæбæх дзырдта, уыйбæрц мын уыди зындæр. Цæмæй хæйрæг уыди, мæгуыр, æз ын йæ лæджы кæй нæ фервæзын кодтон, мæхæдæг дæр ма йæ маринаг кæй уыдтæн, æмæ мын афтæмæй ахæм дзæбæхдзинæдтæ кæй кæны, уый?

Æмæ уæд мæхи фарстон: цавæр дин, цавæр райгуырæн бæстæ хъахъхъæдтон, цæмæн бауагътон Мисурæты лæджы марын, куы ницы мæ дардта, уæд? Цæмæн ын ныууадзын кодтон сидзæрæй йæ сывæллæтты, йе 'рыгон усы? Мæхимидæг хъизæмар байдыдтон. Архайдтон хæдзары зæрдиагдæрæй кусыныл, кæд уымæй фæсауонмæ мæхи сраст кæнин, зæгъгæ.

Афæдз æмæ æрдæг мидхъуырдухæн фæкодтон æмæ рацыдтæн Мисурæтæй, цæй тыххæй, уый нæ загътон, афтæмæй. Зыдтон æй, ахæм дзæбæх æмæ æнæмаст цардмæ кæй нал бахаудзынæн, уый, фæлæ мын æндæр амал нæ уыд. Ногæй та радзæгъæл дæн бынатагур. Уалынмæ бацыдтæн колхозмæ, ныр уæхæдæг куыд зонут, афтæ. Радтой мын хæдзар. Дæн сæрибар, мæ царды фадæттæ – зæрдæзæгъгæ.

Æз райгуырдтæн дзыхъхъынногæй. Кæддæр фыдгулыл кæй нымадтон, уыцы бæстæ ссис ме 'цæг, мæхи бæстæ. Æз карджын дæн ныр. Нæ фæскомцæдисонтæ газетты фæкæсынц, фæсарæнты

мулкджынтæ, дам, немæ хæцынмæ хъавынц. Карджын дæн æз, фæлæ ма ацæуин тохмæ уыцы лæджы фыдхорты ныхмæ.

О, æмæ уын уый дзырдтон. Хæст куы æрсабыр, уæд Туркмæ, цы хъæуæй рацыдтæн, уырдæм ныффыстон фыстæджытæ. Фæлæ ницыуал уæлдай базыдтон. Зари æмæ мæ мад амардысты. Цы кодтой, уымæн абон дæр ницы зонын. Æрмæст мæ зæрдæйы баззад сæ сæфты судзаг маст. Мæнмæ гæсгæ мæ ныр æрра нал фæхондзыстут абоны хъуыддаджы тыххæй.

Хусейн арф ныуулæфыдис æмæ скастис арвмæ. Йæ цæсгомыл хъазыд цины æнгас.

Мæй йæ хæрдгæ тынтæ уæфта зæхмæ. Чызджы риуæгънæджыты дурты хуызæн тыбар-тыбур кодтой фæтæн цъæх арвыл иугай стъалытæ. Изæры сыгъдæг уадымс дымдта хæхты ‘рдыгæй æмæ йемæ хаста Æрæфы доны сусæг сыр-сыр.

*1933 аз*

# АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 100 АЗЫ



**(1924 – 2018)**

*Мæ адæм у сæдæкуыстон,*
*Сæдæныфсон, сæдæрыстон.*
*Цы сæ зæгъдзынæ ды?!*

*АЙЛАРТЫ Измаил*

# ЦАРД, МÆ ХУРТÆ, ВАЗЫГДЖЫН У...

## МАДЫ ЗÆРДÆ

Хъарм цæссыгтæ аргæ-арын,
Сагъæс: «Чызг æви лæппу уыдзæни?»
Багъæц!.. Сонт кæуын!
Куы фервæзид, тæхуды!..
Ног хорзæхмæ зæрдæ рисгæ худы...

* * *

Буц арфæтæ... Хъарм сойджын хæринаг...
Авдæнбæттæн... Ноггуырд уæд цæринаг!
Даргъ æхсæвты раст-бастæй – фынæфхæрд,
Уазæг бафтыд, уæд – ирон фынгæвæрд...

Ма йыл рацу хистæрты раз комдзог –
Сабийæн фæстауæрц у йæ комдзаг...

* * *

Дурты тулын, дæтты райвылд кæмтты,
Арвы нæрын, сонт дымгæтæ, уарын
Сты æнæнцой мады зæрдæ марæн...
Рагъы сæрмæ хосгæрдæнты авдæн
Чи фæхаста радыгай сæ авдæн?!
Авдимæ æхсæвæй бонмæ рæзти,

Авдимæ фæцыд зæрдæйы хæрзты.
Цоты амонд – райгуырæн уæзæгыл,
Уырдыгæй фæпырх вæййынц фæндæгтыл.
Хох дæр комы маст-тыхæн фæлдахын, –
Стыр тæригъæд – мады зæрдæ скъахын.
Царды хæстæ буц лæвæрттæй фидынц, –
Мады зæрдæ – дун-дунеты фидыц.

## СУСÆГ УАРЗОНДЗИНАД

Уарзондзинад, базырджын дæ, базырджын...
Стахтæ, уæд цы бæрзæндтæм нæ фæлварыс!
Цард, мæ хуртæ, вазыгджын у, вазыгджын:
Кæм – æнцой, кæм та – уæззау тыхæвзарæн.

Де 'взонг зæрдæ, чи зоны, кæд фехсайдта,
Сонт бæллиц кæд акодта фыццаг къахдзæф?!
Йе 'нкъарæнтæ авд хатты кæй нæ сайдтой,
Уый уыди æнæрæвдыд, æнæуайдзæф.

Кæд дæ монцтæ райдыдтой фæлмæн байæ,
Уæд нæ зоныс удты хъынцъым – уарзты ад.
Даргъ уынгты дæу агуырдтон дæ къабайæ,
Тетрæдты 'хсæн федтаин дæ тетрад.

Дойныйæн дæ доны къусау райстаин,
Дидинæгæй зæрстаин дæ фæндæгтæ.
Афæдзыл дæ комы-комдзаг уæрстаин,
Мин хатты дзы уагътаин мæ мондæгтæ.

Фæлæ бонтæ къулбæрзæйæ уадысты,
Тигъæй тигъмæ агуырдтон нымд цæстæнгас.
Сусæгæй нæ зæрдæтæ фæрадысты,
Æмæ не 'хсæн не 'рцыди æргом ныхас.

## ФÆДЗÆХСТ

Иу хатт цæуыс ацы къахвæндагыл
Æмæ йыл дæ уды фæд ныууадз!
Цъусдуг абад æфцæджы уæрагыл
Æмæ дзы дæ хидвæллад ысуадз.
Комы сæрæй комы бынмæ акæс, –
Амбырд кодта къахвæндæгтæ хъæу.
Дæу хæссы æвæд рындзтыл дæ сагъæс,
Æмæ дын фыдыкъона – фæхъхъау!

Суагътай дзы хъæдын къусæй дæ дойны,
Бахордтай дзы цæхх æмæ кæрдзын
Æмæ схызтæ æфцæгмæ æмбойны, –
Рохстæй баззад арф комы дæ зын.

Хæрды фæстæ ирхæфсæн уырдгуыты
Рог ныдзæвдæй тынгдæр цуды къах.
Тутыры гуырд сау зыгъар уæнгуытыл
Хинымæры хъугæмттæ фæлдах.

Бæхбæттæны саргъæвæрдæй – байраг,
Уаты ауыгъд ифтыгъдæй – гæрзтæ.
Рагъæныл – дæ басылыхъхъ æд уæйлаг,
Разæй та дын – аргъæутты бæстæ.

Мусты – наййаг дзагхоры уыгæстæ,
Уалдзæджы цъæх – фæззæджы бæркад.
Хохаг хъæутæ фаззæттау – æнгæстæ,
Бацæуæгæн – алыхуыз лæггад.

Знаджы номæй рахæсдзынæ уайдзæф,
Бафтдзæни дыл хойраджы фыдæх.
Бакодтай рæстаудæны къахдзæф,  –
Никуы дын æй ферох кæндзæн зæхх.

Кады сæрæн уазæгуаты бацу,
Фæлæ ма ‘лхæн цæхх æмæ кæрдзын.
Уазæгæн ирон хъæу зæгъы «‘гас цу!»,
Знаг та дзы хæддзуйæ у хæрдджын.

## НÆЙ НЫФСХАСТÆН АРГЪ

Адæймагæн у йæ фæндаг
Рухс бæллицтæй даргъ.
Хохмæ никуы схызт нæуæндаг, –
Нæй ныфсхастæн аргъ.

Худ лæджы сæрæн – йæ фидыц,
Астæуæн та – рон.
Бартæ стыр бæрзæндтæм сидынц,
Рындзтыл райы бон.

Дард фæндагыл тæрс æгадæй,
Цауты ‘вдисæн – зæхх.
Амондджын цæгъды фæлладæй
Зад хуымты æртæх.

Стахт дæрддзæст цæргæс нæ сæрты, –
Бонмæ сиды цард.
Рындзтыл фæд хъайтар æгæрды,
Арвмæ схизы зард.

## ЗÆРОНД АХУЫРГÆНÆДЖЫ КАТАЙ

Сæргуыбырæй фæцæуын уынгты,
Æнахуыр хъуыдытæ – уæззау...
Цыма ыздыдон ацыд уæнгты,
Цыма мыл хъодыгонд у хъæу...

Мæ уæрджытæ уæлгъæдæй цудынц,
Тыхулæфт нал фæкæны фаг.
Къæмдзæстыгау мæ рустæ дудынц,
Цыма дæн адæмæй хъæстаг.

Бæргæ нæ базæронд дæн азтæй,
Нырма зæрдæрайгæ – мæ куыст.
Мæ цæсгомы æнцъылдтæ – мастæй,
Мæ урсхил – адæмæн сæ рыст.

Хъуыды кæнын, цы уа мæ рæдыд,
Кæд цотæн не скодтон бынтæ?..
Ныййарджытæн фыстон сæ рæвдыд
Афтид мæстытæ ‘мæ зынтæй?!

Кæд царды ахуыргæнæг не сдæн,
Нæ уыди ме скъола дзуар, –
Кæд сабитæ фæкодтой местæн,
Зæрдæмæ не ссардтой дуар?!

Куыннæ мæ уадзынц бархи къахдзæф,
Цæмæн мыл акъуырынц сæхи?
Цæмæн сæм кæсы раст дзырд уайдзæф,
Æгъдау цæмæн хонынц тыхми?!

Сæргуыбырæй фæцæуын уынгты,
Цыма фынæй адæн, фынæй...
Цынæ бæркад вæййы нæ фынгтыл,
Фæлæ дзы фарны хъæстæ нæй...

*АЙЛАРТЫ Измаил*

# ИРОН СЫЛГОЙМАДЖЫ НАМЫС

*Уац*

Ирыстоны æмæ ирæтты цардыуаджы тыххæй алы адæмты ахуыргонд минæвæрттæ цы мысинæгтæ ныууагътой мыхуыры фæрстыл, уыцы æрмæг Цыбырты Алексийы фырт Людвиг нæмыггай, халгай фембырд кодта æмæ сæ цалдæр чиныгæй рауагъта Цхинвалы 1981 азæй фæстæмæ («Периодическая печать Кавказа об Осетии и осетинах»).

Цыбыры-фырт ахæм зынаргъ, хъæздыг æрмæг кæй æрхаста нæ иумæйаг фарны фынгмæ, уымæй стыр хæрзты бацыди ирон адæмæн: иуæй, нæ фыдæлты уæзæгмæ, райгуырæн къонамæ акæсын кодта æндæрниан адæмты раззагдæр минæвæртты рагондæр цæстæнгасæй, æмæ бæлвырддæрæй федтам фыдæлты цардвæндаджы хидæй хъацыд, тугæй ахуырст сæрсæфæн рындзтæ, иннæмæй та хуыздæр бамбæрстам фыдæлты удуæлдай фæллæйтты монц цины æмæ масты равгыл, æмæ, уыдæттæ хатгæйæ, кæд, майдыма, фæбæрзонддæр уаид адæмты астæу нæ дзыллон хиæмбарынады зондахаст: чи уыдысты нæ фыдæлтæ, чи стæм мах, æмæ цы уыдзысты фидæны нæ кæстæртæ?..

Ирæтты цардыуаг æмæ удыгъæды фæдыл цы æндæрниан адæмты минæвæрттæ фыстой, уыдоны фылдæр хай мæгуыр нæ цардаиккой, бæгънæг æмæ стонг не 'ййæфтаиккой, цæхджын хидимæ сæ туг нæ калдаид уæззау куыстæгты ахæсты. Æфсæст та æххормаджы рис никуы зыдта, касти йæм йæхи цардыуаджы цæстæй. Æнæ бафыдæбонæй, æвæлмонæй хъæздыг æмæ бонджыны йæ мæгуыр æфсымæр дæр нал фæхъæуы. Фæллæйттæ-бынтæ цины, ныфсы хос куыннæ вæййынц, фæлæ искæй куыстæй цæрæг бонджынты кæнынц стырзæрдæйæ æнæфсис æмæ æгъатыр.

Рагон Ирыстонмæ æфтыдысты бухъцарды ахуыргонд минæвæрттæ, æмæ сæ фылдæр «уæздан» уазджыты цæстæй кастысты мæгуыр хæххон адæммæ. Æнæ рæдыд, æнæ азымæй зæххыл иунæг адæмыхатт дæр нæма царди. Гыццыл адæмтæй стыр адæмтæм фылдæр азымтæ æмæ рæдыдтæ вæййы. Фæлæ стыр адæмтæ, гыццыл адæмтæм баруагъдæй ныхилгæйæ, фылдæр рæдыдтæ æруадзынц, уæлахизы сæрбæрзондæй кæсгæйæ.

Кæуылты зæрдæргъæвд æмæ зонджын уыдысты æрдзон уагæй

Пушкин æмæ Лермонтов, фæлæ мæгуыр хæххон адæмы удыгъæды хуыздæр миниуджытæ, сæйрагдæр, удхъомысы хæрзтæ кæронмæ нæ бамбæрстой, цæстмæ сын дардтой сæ мæгуырдзинад. Кæцыфæнды адæм дæр хохæй быдырмæ кæд истæмæй фидауынц, уæд – сыгъдæг удыгъæд æмæ фидар æуууæнкæй, уæздан æфсарм æмæ хæрзудыбæстæй. Æвæлмоны хæринæгтæ æмæ даринæгтæ рæстæджы ахæсты фесæфынц, адæмы удхъомысы хуыздæр миниуджытæ та фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуынц...

1830 азы газет «Тифлисские ведомости»-йы фыстæуыди: «Иу усы æвджид йæхи чи ныууадза, иронæй ахæм стæм ис, суанг мæгуыртæй дæр бирæтæн ис дыгай устытæ, бонджынтæн та – фæндзгæйттæ æмæ фылдæр». Дыгай устытæн уæвæн уыди царды бæрæг уавæртæм кæсгæйæ: чи уæзданы номæй номылус дардта, чи та зæнæджы адæргæй æрхастаид дыккаг. Уымæй фылдæр устытæ дарын нæ фыдæлтæ нымадтой æгадыл.

Нæ уæды æнæхуынд, хæддзу уазджытæй чидæртæ та «бирæ хъæнтимæ» «гыццыл» хæрзтæ дæр хатыдтой: «Несмотря на то, женщины, которые, так сказать, у осетин заменяют рабочую скотину для домашнего обихода, – до того жалка их участь, – занимаются приготовлением предметов, наиболее необходимых в семейном хозяйстве». Чи та сæ æппæлыди, комкоммæ амонгæйæ: «...Женщины у осетин поставлены лучше, чем у остальных горцев; они занимаются домашнею работою и пользуются уважением и почетом среди своих».

1830 азы хæдхæцæг паддзахы æфхæрæн гæрзифтонг æрдонгтæ «æнæсæттон хъæддаг хæххонты» æрсабыр кæнынмæ сæ ных куы сарæзтой, уæд Хуссар Иры кæмттæй райхъуысти æнæрцыды фыдракæнд хабæрттæ, æмæ, уыцы цауты чи архайдта, ахæм йæ зонгæтæм фыста: «...Ихсыд айнæг фæхстыл быргæйæ, Зорайы цъуппыл куы алæууыдыстæм æнæхъæн æфсæддон къордæй, уæд цæхгæрлыг айнæджы тæккæ былыл арф хъоргъы сæрмæ цавæрдæр æрыгон сылгоймаг не ‘мбæлттæй иуыл йæхи стыр дуры ауунæй знæт мысау фехста, æмæ уыдонмæ бакæсын!.. Хъæддых цæнгтæй æрцахста сылгоймаг хъазахъхъаджы æмæ ауындзæгæй баззад айнæджы сæрмæ. Хъазахъхъаг фидар фæлæууыд йæ мидбынаты, æмæ, сылгоймаджы цæнгтæ куы бафæлладысты, уæд феуæгъд æмæ сæрсæфæнмæ асхъиудта». Гъемæ райгондæй хатдзæг скодта: «Хъазахъхъаг сыл-

гоймагыл «фæуæлахиз» æмæ æгасæй баззад!» Уыцы фыстæджы дарддæр æппæлæгау дзуры: «Чысангомы абырджытæм гуырдзиаг милицæйы кусджытимæ тырнгæйæ, æрдузы ауыдтам цæуæг æмæ йæ банымадтам абырджытæй иуыл. Сабырæй йæхи куы радтаид, уый нæ фæндыд, фæлæ нæ ныхасмæ нæ байхъуыста». Уыйадыл æй фехстой, æмæ разынди æрыгон сылгоймаг... Йæ туджы æвдылди, афтæмæй йæ ныууагътой амæлыны æфсонæй. Фæлæ дыккаг бон разынди уацайрæгты ‘хсæн . Дыууæ нæмыджы йæ риуæй ахызтысты, уæддæр ма фыдбын кæмтты æхсæвыгон дæс версты фæцыд æмæ йæхиуæттæм баирвæзт... Æфсæддон дохтыртæ йын йæ цæфтæм куы зылдысты, уæддæр, зæгъы, не схъæрзыдта...»

Цæуылты дзурæг сты уæды паддзахы Уæрæсейы æфхæрæн хæстон къордты хъуыддæгтæ: ирæтты «хъæддагдзинадыл» æви сæхи мæгуыр сырддон удыгъæдыл?! Чи фæуæлахиз уыцы диссагæн дзуринаг хъæбысхæсты: паддзахы гæрзифтонг салдæттæ æви хæххон æнæазым сылгоймæгтæ?!

«Хъæздыгæй, мæгуырæй сын хæрынæн бæрæг рæстæг нæй, кæй кæд бафæнда, уæд бахæры æмæ уымæй дæр – хибæрттæй, алы рæтты». Æнæхъæн адæмы фынгæвæрды тыххæй ахæм хатдзæгтæ скæндзæни мысæггагæй хахуыр адæймаг. Ирон бинонты æнгом цардæн хуыздæр æвдисæн уыди сæ фынгæвæрды æгъдау, афон æмæ рæстæг хынцгæйæ. Искуы-иу æнæуаг бинонтæ алы рæтты къæбæргай кæд хордтой, уæд уым æппæт ирæттæ цы аххосджын уыдысты?

Ирон сылгоймаджы цардыуаг æмæ удыгъæдыл дзургæйæ нæхи адæмы интеллигенцийы минæвæрттæ дæр рæдыдысты, мысæггагæй хатдзæгтæ кæнгæйæ. Октябры революцийы агъоммæ ирон сылгоймаджы нымадтой иухуызон барстæй æбарыл, ссæстыл, цагъарыл. Советон дуджы та сæрибарæй сулæфыди, схæцыди йæ сæрыл, дзæнæты цъæхх нæууыл абадти.

Царды рæстаг хъæрмæ лæмбынæг куы байхъусæм, уæд рагæй-æрæгмæ ирон адæм кæд искæмæн сæрыстырæй кад æмæ рады æгъдæуттæ лæвæрдтой, уæд – сылгоймагæн: сылыстæгæн, ныййарæг мадæн, тугхæстæджы хо æмæ æгъдауæй хæстæджы чындзæн. Уыцы уагыл сылгоймаджы раттæг зæдтæ æмæ бардуæгты – Мадизæн æмæ Мады Майрæмы, Сæрызæд æмæ Алардыйы – нымадтой уæлдай райгонддæрæй.

Сылгоймаг ирон адæмæн уыди æфсармы, намысы сæрæвæрæн, фæрнджынæй – аив æгъдæутты райдайæн, коммæгæсæй – æнæцам чызг, къуызгæ уайсæстæй – æнхъæлцауы чындз, сывæллæтты мад æмæ бинонтæ иугæнæг æфсин. Нæлгоймаг хæдзары – уазæг, сылгоймаг – æфсин, фысым, зæгъгæ, фыдæлтæй ныхасæн баззад æмæ амоны ирон бинонты цардыуаджы мидисджын фæткмæ. Нæлгоймаг кæд мыггаджы, хæдзарвæндаджы бындурыл нымад цыди, уæддæр сæ ныййарæг, се схъомылгæнæгыл нымадтой цотхал сылгоймаджы.

Нæлгоймаг буары скондæй тыхджындæр у, фæлæ царды ныфс сылгоймаджы лæмæгъдæр уæнгты фылдæрæй ахады. Зындзинæдтæн цас фидардæр у сылгоймаг, уый та у сæрмагонд ныхасы аккаг. Нæ фыдæлтæ бинонты номæй уарзтой бирæгæйттæй цæрын, æмæ сæ сæйрагдæр иугæнджытæ уыдысты Стыр Мад æмæ Стыр Фыд. Бинонтæ стырæй чысылмæ кастысты æфсины цæстæнгасмæ, хъуыстой лæмбынæг йæ аудæны цæстуарзон ныхасмæ æмæ мæлдзыджытау æмзонд-æмвæндæй змæлыдысты, хастой сæ удты сыгъдæг тугвæллой иумæйаг къæбицмæ, хордонмæ, уыдонæн та уыди иу æфсин – Стыр Мад.

Стыр Мад æмæ Стыр Фыды фарн цыди сæрæй бынмæ бинонтæм, æмæ уыдоны уынаффæйæ куыстой æмвæнд-æмзондæй, хордтой æмæ дардтой æнæ уæлдай хæрзтæ домгæйæ, æнæ уæлдай хъулон митæй. Æнгом, хæрзæгъдау бинонтæ арвы цæфау стъæлфыдысты байуарынæй. Ныхасæн дæр ма баззад, фыдгулы бинонтæ сæ хистæрты сæрæгасæй уарынил ныллæууæнт, зæгъгæ. Нæ фыдæлтæн астæуарт, къонайы рæхыс, Сæрызæд æмæ Бынатыхицау цас кадджын уыдысты, уыйбæрц аргъ кодтой бинонты æфсинæн дæр. Куывды, чындзæхсæвы сæ сæйрагдæр куывдтæй иу уыди бинонты бирæ æмæ сæрæгас. Гъемæ ирон цардыуаджы æгъдауæн нæй бамбарæн æнæ социалон-æхсæнадон бындуртæ-уидæгтæ уынгæйæ, хатгæйæ.

Ирон цардыуаджы кæнонтæн æфсармы, намысы фæлгæтты æвæрдæй сæ сæйрагдæр рахæцæн уыди хидарыны уаг – уайсадын стырæй чысылмæ, сылгоймагæй нæлгоймагмæ. «Ирон-уырыссаг дзырдуаты» дзырд «уайсадын» амынд цæуы ахæм хуызы: «уст. молчать (в присутствии старших – о невестке)». Ам дзырдуат аразджытæ уайсадыны æгъдау нымайынц чындзæн дзыхæй нæ дзурыныл хистæрты раз. Афтæмæй уайсадыны æгъдаумæ хаудтой адæймаджы хуыздæр

миниуджытæ æфсармы, намысы, æууæнчы уагыл хистæрæй кæстæрмæ, нæлгоймагæй сылгоймагмæ. Искæмæ дзыхæй нæ дзурыны уаг та нымадтой æгадыл. Ирон царды канд ног чындз нæ уайсæста. Къуызгæ уайсæсты хъæлæсæй дзурыныл архайдтой æгъдауылхæст ирæттæ кæддæриддæр, æмæ уыцы мидисыл дзурæг сты æмбисæндтæ дæр: «Тиутæ æмæ ходыгъдтæ куыд уайсадой, чындзытæ дæр афтæ», «Æфсин æмæ хицау куыд уайсадой, чындз дæр афтæ», «Иуы уайсæстæй уайсæст нæй», «Уайсадыны æгъдау – дыууæрдæмы æгъдау», «Кæйдæр æнæуаг чындз, зæгъы, дзыхæй нæ дзургæйæ йæ хицауы рихитæм баруагъдæй бавнæлдта», «Чындзы уайсæст йæ куыстæгтыл бæрæг у», «Кæйдæр налат чындз, зæгъы, дзыхæй нæ дзургæйæ, астæурæхыс раппæрста æмæ къустæ кæрæдзиуыл фæхоста». Сæдæгай æмбисæндтæ баззад ирон æвзаджы уайсадыны фæдыл, æмæ æмткæй дзурæг сты рæсугъд цæрдхъом æгъдауыл. Ног чындз йæ сусæг катæйттæ æфсинæй раздæр никæмæн бамбарын кодтаид зæрдæхсайæн бонты, фæлæ се ‘хсæн ныхас цыди къуызгæ уайсæстæй, фæлмæн хъæлæсæй. Чындзæн йæ ноджы бонты куыстæгтыл зын æххæссæн уыди, æмæ йын æххуысты цыдысты тиутæ æмæ ходыгъдтæ, сæ хъус æм дардтой æфсин æмæ хицау, стæй йæ цардæмбал.

Иу æмæ дыууæ хæдзары хицауы не сдзурын кодтой сæ чындзыты сæхимæ сæрмагонд фынгæвæрды уагыл, фæлæ сæ хуыздæр куывдтæ æмæ арфæтæ уыдысты уайсæсты æгъдауыл: «Дæ дзыхыдзырдæй – бузныг, фæлæ намысы, æфсармы иумæйаг уагыл». Æфсармы, намысы уагыл цардысты нæ фыдæлтæ, æмæ сын уыцы увæры сæрæвæрæн уыди царды рæстад. Уыцы рæстады фарнæй сидти Къоста дæр йæ мæгуыр адæммæ: «Цы уайсадæм кæрæдзимæ, – зæгъут-ма раст уæ ныхæстæ!» Цавæр уайсæсты кой кæны Къоста, – чындзыты æви Иры гуыппырсар фæсивæды уайсæсты?!

Ирон хæдзармæ сылгоймаджы номæй бадзурын уыди æлгъыстыл нымад, дзырдтой æгъдауыл нæлгоймаджы номæй, æмæ уый дæр уыди æхсæнадон æфсарм, намыс. Уайсæсты тыххæй баззад дзæвгар цыбыр ныхæстæ-дзырдбæстытæ: æгъдауыл уайсæст, аив уайсæст, фæлмæн уайсæст, нымдыл уайсæст, бæрцыл уайсæст, къуызгæ уайсæст, цурон уайсæст, цæстмæхъус уайсæст, аразгæ уайсæст...

Фыдæлты цардыуагæй ма хæхты цæргæйæ баззад цыдæртæ мæ рæстæджы фæлтæртæн, æмæ сæ кæй рох кæнæм, уымæй рæдийæм.

Ног чындзы иугæр цæрæн хæдзармæ бинойнаджы номыл бахуыдтой, уæд уый фæстæ кодтой тиуты æгъдау. Мыггаджы, хæстæджыты лæппуфæсивæд амбырд уыдаиккой ног чындзы уатмæ изæрыгон æмæ йæ сæхимæ сдзурын кодтаиккой бæрæг фынгæвæрды фæткыл: йæхи къухæй сын радтаид нуазæнтæ, æмæ дзы арфæтимæ æрцыдаид æхцайы лæвæрттæ дæр. Уыйхыгъд ма чындз зонгæ кодта хъæубæсты фæсивæдимæ, æмæ йын се 'хсæн æнцондæр уыди цæрын æфсæрмаджы номæй.

Ирон адæмæн сыхбæсты, хъæубæсты сæ хуыздæр æрлæууæны, æрбадæны бынат уыди Ныхас. Уырдæм æвдæлоны рæстæг цыдысты нæлгоймæгты хистæр фæлтæртæ æмæ кодтой æгъдауыл ныхас, хастой иумæйаг уынаффæтæ. Ныхасы рæзты сылгоймæгтæн дæр æнæ цæугæ кæм уыди: чи дон хаста, чи – куыроймæ ссинаг, æмæ уайсæсты уагыл дардтой сæхи æнæ уæлдай сонт митæй. Ныхасы рæзты ног чындзы бахъуыди цæуын, уæд ын æгъдауыл хистæртæ дæр фестадаиккой.

Фыдæлты заман сылгоймæгтæн дæр уыди сæхи æрбадæнтæ, æрлæууæнтæ фæскъулты, хурмæбадæнты. Уымыты архайдтой сæ лыстæг куыстæгтыл æлвисынæй бахуыйыны онг. Хъазгæмхасæнтæй дзырдтой сылгоймæгты дæлгоммæ æвзагæй, мысыдысты куыдхистæрæй æвзонджы бонтæ. Фæлæ сæ хъæубæсты иумæйаг фæтк рохуаты нæ зади. Сæ рæзты нæлгоймаг цæуæг фæци, уæд ын зæронд устытæ дæр фестадаиккой.

Æгъдауджын хъæубæсты сылгоймагæн цъæлныхас, хъæлæсыдзагæй дзурын кады хос нæ уыди. Мæстджын сылгоймаг йæ цæсгом суагъта, æгоммæгæс цотмæ æддиауæй хъæр кæны, уæд дзы зæронд лæгтæ фыр æфсæрмæй сæхи ауумонмæ ластой, æмæ дзы мæстджынæй исчи бафиппайдтаид: «Сылгоймаг хъæргæнæг, фидиуæг хъуаг ма уыдыстæм!»

Цыфæнды дæрдджын, æмпъызтытæ дарæсы кæд цыдысты уæды ирон сылгоймæгтæ, уæддæр хæрзæхсад-хæрзæфснайдæй цæсты ахадыдтой къуызгæ æфсармы фæлгæтты зæххон зæдтау. Хъазынмондагæй кæуылты змæлаг уыдысты ирон чызджытæ алы кары, фæлæ, сæ хъæр хъуысы, уæд сын хистæртæй исчи бауайдзæф кодтаид.

Уæлдай фидыцджындæрæй ахадыдта уайсадыны уаг ног чындзы фæлысты, æмæ йæ рæзты æфсæрмаджы уагыл æнæ арфæйы ныхасæй цæхгæрмæ ничи ахызтаид. Кæй зæгъын æй хъæуы, алы рæстæджы

дæр уыдаид иугай сылгоймæгтæ, уæлдай æнæфсармдæрæй, цурон æмæ цæстмæхъусæй чи уайсæста, ахæмтæ. Уыдон канд хистæрты нæ, фæлæ сывæллæтты цæсты дæр нæ ахадыдтой. Æнæуаг, æнæнамыс цыфæнды уайсæст куы кодтаид, уæддæр йæ мæгуыр уды фыдæхæн бамбæхсæн нæ уыди. Къустæ, уидгуытæ кæрæдзиуыл нæ дзургæйæ чи хоста, уый дæр æгад уыди æмæ, уайсадæджы номæй хъæлæсыдзагæй чи хъæр кодта, уый дæр. Ахæмты тыххæй баззад æмбисонд: «Иу хæдзары хицау, зæгъы, йæ уæздан чындзы йæхимæ сдзурын кæныны тыххæй тохъхъыл аргæвста æмæ сыхбæсты хистæрты æгъдауыл æрхуыдта, иннæ та, зæгъы, гал аргæвста, цæмæй йæм йæ налат чындз фæстæмæ уайсадын райдыдтаид, уый фæдыл».

Сылгоймаджы цардыуаджы бирæ фæзилæнтæ уыди фыдæлты заман. Æгъдауы, æфсармы номæй кæмдæрты йæ уды бартæ æхсæны арæнау кайд цыдысты, æмæ уыцы уавæры рæстæг хосгæнæг у: куыдфæстагмæ тугисыны, скъæфыны, чызджы æвæндонæй моймæ дæттыны, дзыхæй нæ дзурыны фæдыл уайсадыны æгъдæуттыл адæм сæ къух систой. Фæлæ, фыдæлтыккон уагыл уайсадыны æгъдауæн йæ сæйрагдæр фидыц хидарыны аив фæткыл дзурæг кæй уыди, уый рохгæнинаг нæу абоны ирæттæн.

Лæгæн – худ, сылгоймагæн – кæлмæрзæн, зæгъгæ, æмбисондæн хастой фыдæлтæ. Худ æмæ кæлмæрзæны кадæн дунейы хæзнатæ дæр нæ уыдысты кадылмард, æфсармылхæст ирон дзыллæйæн. Фæлæ æппæт хæрзты астæу сылгоймаджы кæлмæрзæны уæз æмæ æфсармæн æмбал нæ уыди. Дыууæ туджджыны кардæлвæстæй кæрæдзи марынмæ ссардтой, уæд сæ æнæхъæн æфсадæн дæр сæ бон нæ уыди баиргъæвын, фæлæ ирон сылгоймаджы кæлмæрзæны æфсармæй кæрдтæ кæрддзæмты тъыстой æнæ уæлдай дызæрдыгæй. Уыцы æгъдау дзурæг уыди иумæйаг уайсæстыл, æмæ йын дунейы адæмты хъомысджындæр æгъдæуттæй æмуæз, æмсæр нæ разынид.

Сылгоймаджы æфсармæн, намысæн фыдæлты заман уыд бæрæг арæнтæ туг æмæ æгъдауæй хæстæгады фæлгæтты. Æфсармыл, намысыл дзурæг уыди уайсадыны уаг дæр, æмæ рохуаты хъуамæ ма зайа фæстæзады, зианхæссæны номæй...

Фыдæлты замантæ фесты, баззадысты нын зæронд хæзнатау сæ цæрдхъом æгъдæуттæ. Уыдонæй абоны царды хуыздæр фадæттæн къуылымпыйы хос цы у, уый аиуварс кæнæм, иннæтыл хъæуы ауæр-

дын. Уайсадыны ӕгъдау дзыхӕй нӕ дзурыны уагыл цы «ахуыргӕнд-тӕ» банымадтой, уыдон та нӕ бамбӕрстой ирӕтты царды хъӕрӕн йӕ дзыллон бындуртӕ. Дыууӕ ӕмудӕй, ӕнгомӕй цӕрӕг цардӕмбалы астӕу дӕр сыгъдӕг монцы ахӕстытӕ нӕй, уайсӕсты уагыл фарны арӕнтӕй хизынц, – уӕд сӕ уарзондзинад куыдфӕстагмӕ свӕййы ӕгомыг цӕрӕгойты монц. Ахӕмтӕ бирӕ хӕттыты кӕрӕдзийӕн фестынц ӕцӕгӕлӕттӕ монцты фӕдыл зилгӕйӕ, ӕмӕ сӕ цард дӕр – хӕлд, сӕ цот дӕр – бецау. Алкӕд дыууӕ хорзы иумӕ нӕ фӕцӕрынц: чи – цӕмӕй ӕххӕстдӕр, чи – цӕмӕй ӕгуыдзӕгдӕр, фӕлӕ, къайады фарнӕн нымд кӕнгӕйӕ, хорз ӕмӕ ӕвзӕр дӕр иумӕ цардысты зӕрон-ды, хъаймӕты бонмӕ, ӕмӕ уымӕй амондджын уыдысты фыдӕлтӕ.

Ӕнӕ уӕлдай мысӕггаг ӕфсӕнттӕй комкоммӕ куы кӕсӕм абоны цардмӕ, уӕд ирон бинонты астӕу фарны уагыл сылгоймаджы ӕфсарм фӕцудыдта бирӕ цӕмӕйдӕрты. XX ӕнусы кӕронмӕ ӕввахс дӕр ма сылгоймагӕн уыди базонӕн кар ӕмӕ кондӕй, дарӕс ӕмӕ уындӕй. Ныр сылгоймӕгтӕ ӕмӕ нӕлгоймӕгтӕ кӕрӕдзийы дарӕсты цӕуынц, ӕмӕ сын хӕстӕгмӕ дӕр нал и раиртасӕн. Рӕстӕмбис нымадӕй, ирон мадӕлтӕн уыди фӕндзгай, ӕвдгай сывӕллӕттӕ, ныр баззадысты кӕнӕ иугӕйтты, дыгӕйтты ӕвджид, науӕд та сты бынтон ӕнӕзӕнӕг. Уӕдӕ хицӕн цы къӕйттӕ аисты суанг цотджынӕй дӕр, уыдоны ны-мӕц дӕр фӕфылдӕр ис... Гъемӕ ӕгъатыр у ӕрдз: сылгоймаг хъуамӕ цоты бирӕйыл тыхсид, ӕмӕ, цоты куынӕгыл кӕй архайы фӕстаг азты, уый аххосӕй йӕ цардыбонтӕ къаддӕрмӕ цӕуынц. Хуыцау цы хӕрзтӕ ратты адӕймагӕн цӕрыны уагыл, уыдоныл куынӕуал фӕцауӕрды, уӕд ын сӕ айсы бынтондӕр...

# ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 100 АЗЫ



**(1924 – 2007)**

*Ис театрæн фидæн? Ис ын фидæн... Æрмæст театр хъуамæ æнкъара, кæмæн лæггад кæны, уыцы адæмы кæй хъæуы, уый.*

*УАНИОН*

# ЦÆРГÆСТЫ ХОХМÆ ФÆНДАГЫЛ

Ирыстоны фысджытæй зæрдæйы фæндиаг балæггад кæнын лæджы кæй рухс номæн фæнды, уыдонæй иу у æгæрон курдиаты хицау, ирон литературæ æмæ театралон аивады сомбоныл йæ уд цырагъау кæмæн сыгъд, уыцы драматург, УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæг, Цæгат Ирыстоны адæмон артист, Дыгурон театры бындурæвæрæг æмæ аивадон разамонæг, УФ-йы Фысджыты цæдисы уæнг, æхсæнадон куысты хъæппæрисджынæй кæй зыдтой, уый – адæмы уарзон хъæбул Темыраты Иласы фырт Дауыт. Ацы аз йæ райгуырдыл æххæст кæны 100 азы. Чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты баззад уæздан, зæрдæхæлар, кæстæртыл аудæг хистæрæй. Дауыт уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæлтæрæй, – зындзинадæн фæразын чи зыдта, цардæн аргъ кæнын æмæ йæ æгæрон уарзтæй уарзын, уый.

Ирыстоны театралон аивады историйы сыгъзæриндонытылд дамгъæтæй фыстæй баззад йæ ном. 1993 азы уыцы зын уавæрты, йæ уды хъаруты руаджы Ирыстоны байгом кодта Дыгурон театралон студи. 1996 азы 10 ноябры Хæххон аграрон университеты Културæйы галуаны кадджын уавæры уыцы театралон къордæн лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы паддзахадон Дыгурон драмон театры ном.

Дауыт райгуырд Дигорайы 1924 азы 15 августы. Йæ фыд уыд граждайнаг хæсты архайæг, амард 1929 азы. Мад куыста колхозы. Скъолайы авд къласы каст фæуыны фæстæ Дауыт 1942 азы ахуырад райста Цæгат Ирыстоны театралон училищейы. Уыцы аз æм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. 1946 азы сыздæхт Ирыстонмæ æмæ уæдæй фæстæмæ йе 'ппæт хъарутæ дæр лæвæрдта аивадæн. 1954 азы онг бакуыста Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон драмон театры артистæй, ахъазыд дзы 60 ролæй фылдæр. Ацыд йе 'нæниздзинады тыххæй. Хистæр фæлтæр ныр дæр сæ зæрдыл дарынц Дауыты Рæмонаты Хадзымæты, Къостайы, Незнамовы æмæ æндæрты. Фæлæ йæ Оводы ролы чи федта, уый йæ цæрæнбонтæм дæр нæ ферох кæндзæн.

1954 азы кусын райдыдта радиойы дикторæй. Уæдмæ æрвыст æрцыд Мæскуыйы Е. Вахтанговы номыл академион театры цур Щукины номыл театралон училищейы студимæ. Уым ирон фæсивæды

ахуыр кодта актеры дæсныйадыл. 1961 – 1962 азты уыд Уырыссаг театры директор. Уый фæстæ та – Культурæйы министрады аивæдты хайады сæргълæууæг. 1964 азы Дауыт ацыд Мæскуымæ Уæлдæр литературон курсытæм. Каст фæцис театралон аивад иртасыны факультет. 1966 азы йæ снысан кодтой Цæгат Ирыстоны адæмон кафты ансамбль «Алан»-ы аивадон разамонæгæй. 1970 – 1976 азты уыд Фысджыты цæдисы бæрнон секретарь, Цæдисы правленийы сæрдар, уый фæстæ та, 1977 – 1985 азты, республикæйы культурæйы министры хæдивæг.

Бæлвырд у, Дауыты цардвæндаг кæрæй-кæронмæ баст кæй уыд ирон аивадимæ, ирон культурæйы алы къабазимæ дæр куыста лæмбынæг æмæ хъæппæрисджынæй. Йемæ æмдзу кодта йе сфæлдыстадон куыст дæр. Ирон театры сценæйы Дауыты пьесæтæй æвæрд æрцыдысты «Мухтар», «Мастисджытæ», «Ард», «Фæндыры хъарæг», «Мæлæтæй тыхджындæр» «Спартак», «Ванойы рындз», «Зауыр æмæ Зубатыр», «Чи у мæ туджджын?», «Туджы аргъæй», «Цæргæсты хох» æмæ æндæртæ. Ис æм бирæ иуактон пьесæтæ дæр. Стыр æнтыстдзинæдтæ равдыста ирон æвзагмæ уырыссаг æмæ фæсарæйнаг классикты уацмыстæ тæлмацы. Дæсны уыд радзырдтæ фыссынмæ. Уыимæ прозæйæ фыст уацмыстæ æмæ поэзи Дауыты хуызæн аив чи бакастаид, ахæм дæсны зын ссарæн уыд. Радио кæнæ телеуынынады дзургæйæ, йæ рæсугъд хъæлæс, йæ аив ныхас кæй зæрдæмæ не ссардтаиккой фæндаг, ахæм стæм уыд. Уымæн ма абон æвдисæн сты, йæ аивад æмæ курдиатæн ын стыр аргъ чи кодта, уыдонæй фыстæджытæ. Хистæртæ, суанг ма дзы скъоладзаутæ дæр æргом кæнынц се 'гæрон уарзондзинад Дауытмæ, зæгъынц ын бузныг, бæрзонд кæй хæссы ирон аивад æмæ лæджы кад. Искуы уыцы æрмæджытыл æнцой кæнгæйæ бакæндзысты стыр наукон куыст, раргом кæндзысты Дауытæн, ныронг мах дæр кæй нæ зонæм, ахæм хабæрттæ сæ иртасæнты руаджы.

**СЕЧЪЫНАТЫ Элитæ:**

– Дауыт Иласы фырт махæн, йæ фæстæ кæй ныууагъта Дыгурон театры, уыдонæн канд разамонæг нæ уыд, фæлæ уарзон хистæр. Фыды цæстæй нæм каст.

Абон æй бамбæрстам, цы стыр уаргъ райста йæхимæ, уый. Ирыстоны алы хъæутыл фæзылди, афтæмæй æрæмбырд кодта стыр къорд.

Чи йæ кары уыд, æмæ йын фадат фæци йæ бæллиц сæххæст кæнынæн, чи бынтон æрыгон уыди, æмæ йæ йæ ныййарджытæ нæ уагътой, чи та, театр цы у, уый æппындæр нæ зыдта… Фæлæ алкæй дæр бауырныдта, стыр хъуыддаг кæй аразы йæ адæмæн!

Мах иу бинонтау баст уыдыстæм кæрæдзийыл. Канд актеры дæсныйадыл нæ нæ сахуыр кодта, фæлæ ма царды бирæ хъуыддæгтыл. Мæт кодта махыл, зыдта, чи кæм цæры, куыд цæры, суанг уый дæр. Никуы ферох кæндзынæн йе ‘нкъард цæстæнгас… Театр байгом кодта, фæлæ тынг мæт кодта йæ фидæныл.

Хъаруджын адæймаг уыд, махæн дæр – ныфс! Афтид къухтæй æрлæууыдыстæм театр аразынмæ æмæ йæ сарæзтам. Куыд цин кодтам, ног спектакль нæм-иу куы фæзынд! Кæннод нын-иу исты ног дзаума куы балхæдта.

Фыццаг фæндыр нын куы балхæдта, уæд махæй амондджындæр нæ уыд! Фæлæ нæ цин бирæ нæ ахаста… Нæ бынат иу ранæй иннæмæ куы ивтам, уæд нын æй чидæр адавта… Уыцы рæстæг рынчын уыд Дауыт Иласы фырт, æмæ йын цæмæй хъыг ма уа, уый тыххæй иумæ æрæмбырд кодтам æхца æмæ сусæгæй ног фæндыр балхæдтам!

Бирæ мысинæгтæ ныууагъта, æмæ нæ зæрдæты уыдзысты, цалынмæ цæрæм, уæдмæ! Арæх мысын уыцы сыгъзæрин азтæ, æмæ йын алкæд дæр фæзæгъын бузныг!

* * *

Цард æппынæдзух йæхи кæнонтæ фæкæны. Райсом кæмæ цы æнхъæлмæ кæсы, уый Хуыцауæй уæлдай ничи зоны æмæ нæдæр базондзæн. Æнцон нæ уыд Дауыты хъысмæт. Йе ‘ккой уæззау уаргъ сæвæргæйæ, ныфсджынæй цыд размæ æмæ дзы хъыпп-сыпп дæр никуы ничи фехъуыста. Уымæн æмæ дардмæ уыдта, кæстæртæн фæндаг гæрста, рухсмæ сæ хуыдта. Тæхуды, куы феникkат йæ архивтæ, йæ фыстæджытæ, йæ къухфыстытæ, боныгтæ, блокноттæ, йæ бирæ фыдæбæттæ, суанг ма, Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ, лекцитæ цы тетрæдты фыста, уыдон иуууылдæр. Дыгурон театрæн бындур æвæргæйæ, цы æвзарæнты ацыд, уыдон ныффæрæзтой æрмæст гæххæтт æмæ йæ фидар уд. Адæмы уарзондзинад æвдисæг æнæнымæц фыстæджытæ канд Ирыстонæй нæ, фæлæ Советон Цæдисы алы къуымтæ æмæ ма суанг фæсарæнтæй дæр бæстон æфснайд сты журнал «Мах дуг»-ы

редакцийы. Хæстæгдæр рæстæг сæ ратдзыстæм Литературон музеймæ. Уыцы фыстæджытæй нæ цалдæр рахæссын фæнды уæ размæ.

*«Дорогой мой! Здравствуй!*

*Вчера вечером получили еще одно твое письмо, и хотя был до чертиков уставший, все как рукой сняло! Спасибо тебе, родной! Я тебе уже писал два письма, но почему они до сих пор не дошли? По подсчетам бабули, первые должны были дойти вчера, 6.09.1979 г. Ты пишешь, что скучаешь, а я тебе так завидую! Ты хоть можешь выкупаться, загорать и т.д. А я не успеваю даже покушать. Ну, ничего, скоро я тоже пойду в отпуск. Вчера с мамой ездили к Сосику в колхоз. Жив, здоров, чувствует себя хорошо, работает с удовольствием. Он сразу спросил: «Зарик пишет? А как он себя чувствует?» и был очень доволен, когда на все получил положительные ответы. Бабуля на десятом небе от того, что ты написал: «Целую и обнимаю всех, а особенно бабушку». Она даже во сне с тобой разговаривала. Передает тебе большие приветы. Да, не забудь передать наши приветы Эльбрусу и Вадику, а также остальным новым друзьям! Поздравляем тебя с избранием председателем Совета (а вот Совета чего, это мы не разобрали, так что уточни в следующем письме). Вот видишь, ты уже и с французами познакомился. Здорово! А я вот за всю свою жизнь встречался с ними только один раз, когда работал в Москве, но познакомиться не пришлось.*

*Читаешь ли ты литературу или не остается времени? Надо бы тебе вести дневничок. Когда-нибудь это будет бешеный документ! (Для тебя самого, конечно). Ну, давай, будь здоров и весел! Жму твою руку! Обнимаем тебя все! Ждем твоих писем! Целую! Твой папа.*

*7 сентября, 1979 г., Орджоникидзе».*

*«Байрайайтæ, нæ дзæбæх Тамара æма Дауыт!*

*Зои хæццæ Германий адтан æма уин æрæгæмæ дзуапп кæнун...*

*Дауыт! Е бабæй циуавæр инфаркт æй?! Ниууадзæ сæйунтæ. Æз æма дæ размæ берæ кустæгтæ ес.*

*Мæнæ ци энциклопедий кодтан, е гъæуама финст æрцæуа 3 – 4 анземæ. Дæу ихæс ба – театри косгути нæмттæ иссерун.*

*Дауыт! Сæйунтæй Тамари мабал тæрсун кæнæ, фал фæццагайай косунмæ.*

*Тагъд-тагъд бал гъæуй сæ хигъд. Алфавитон æгъдауæй сæ ранимайай. Æвæдзи, уруссæгтæй ка фесгухтæй Иристони, уонæбæл дæр рахъæртун гъæуй.*

*Ку дæ фæндæ уа, уæд ма еске дæр райсæ æнхосгæнæгæн.*

*Хигъдмæ æнгъæл кæсун еу 2 – 3 мæймæ. Уæдта контракт ниффинсдзинан æма сæбæл очерктæ кæндзæнæ...*

*Цæй, кусти дзубандитæбæл фæдтæн.*

*Дзæбæх æма нин æнæнез уотæ еугурæй дæр!*

*Нæ хъури уæ кæнæн, уæхе Зоя æма мæхуæдæг.*

*Исаев.*
*27.01.1992 г.»*

Дауыты æрмæджыты ‘хсæн ис Тугъанты Махарбеджы фырт Энверы фыстæджытæ дæр. Бæрæг у, стыр ныфс дзы кæй уыд, кæй йын баххуыс кæндзæн йæ фыд Махарбеджы номæн аккаг аргъ скæныны мадзæлтты, цæмæй йæ нывтæ хъахъхъæд æрцæуой, стæй Дур-Дуры сæ хæдзары уавæр сбæлвырд уа.

*«Дорогой Дауыт! Чтобы ты знал: кажется, за подписью Свердлова был Декрет о помещениях участников гражданской войны. На этой основе Горская республика не допустила имений Махарбека и Батырбека Тугановых. Постарались Марк Авсарагов и Казбек Борукаев. Но, так как 28.09.1919 года карательный отряд полковника Кара Мурзи Гутиева конфисковал все наше имущество, то просто нечем было жить в селе. Махарбек работал в Зем.отделе Дигории, и решили в домах, в Дур-Дуре организовать Сельхозтехникум, что и сделал Бердиев Дудар.*

*Это краткая история. Надо весь участок взять под госохрану. Вместо школы для отстающих в развитии надо сделать интернат по живописи и музыке. А то это просто позор для республики, в домах народного художника и первого марксиста на Северном Кавказе (Батырбека) сделать школу умственно отсталых.*

*Прошу тебя, поговори с Сергеем Койбаевым. Он человек развитый, мог бы быть директором нового интерната. А то он возможно боится нагоняя от Минтроса.*

*Сам я чуть ли не целый год болею, должен лечь на операцию в Орджоникидзе, в ЦКБ на Иристонской.*

*Хорошая книга получилась у Дзидзоева – «Развитие полит.мысли в Осетии». О Батырбеке тоже надо вспомнить. Возмущает меня отношение двух братьев к памяти своего отца. Крахоборы!*

*Желаю здоровья и успехов!*

*Твой Энвер.*
*5.03.1980 г.»*

*«Дорогой Дауыт!*

*Махарбека нельзя рассматривать, как только осетинское явление. Он официально считается учеником И.Е. Репина. Когда я был в пенатах, зашел разговор, обещали любую помощь в организации мемориала Махарбека. Готовы были выслать по вызову Сев.Осет.МК консультантов. А это надо будет сделать. Обещали помощь и экспонатами. Конечно, Репину надо будет уделить место в экспозиции. Махарбек был связан с Арменией, Грузией, Дагестаном, Туркменией. Посмотри его «Литературное наследие». Здесь огромное поле для показа дружбы в культуре народов. Без русской помощи здесь не обойтись. Тебе виднее, когда надо будет к ним обратиться. Связь с Репинскими пенатами нужна с самого начала. Их поддержка многое значит.*

*А связь Махарбека с заграницей? Влияние на его творчество немца Штука, испанца Сулоаги, особенно итальянца Сегантини. Он все писал крестьян, пастухов, батраков. Отсюда и любовь Махарбека к простому горскому народу.*

*Если все это изложить, интуристы рот разинут. Я уж не говорю о наших.*

*Хорошо бы на этой территории создать интернат для одаренных. Но для этого надо весь участок передать в МК. Ну, прости меня.*

*Уважающий тебя Энвер.*
*6.02.1988 г.»*

*ТЕМЫРАТЫ Дауыт*

# ДЗУЛ

*Радзырд*

Ацы хабарæй рацыд къорд азы. Уæд ма колхозтæ сæ тыхы уыдысты. Афтæ рауад, æмæ æхсæнадон бынæттæ иууылдæр уыдысты хъæуы астæу фæзы: хъæуы уынаффæдон, скъола, посты хайад, чысыл рынчындон, клуб æмæ дукани. Уыдæттæм та цæуæг куыд нæ уыдаид, гъемæ уыцы ран цыфæнды афон дæр адæм æмызмæлд кодтой. Æмæ уыдонæн се 'ппæты дæр уыдта зæронд Хадзырæт. Бадтис-иу сæ кулдуармæ йæхи конд фæхсбандоныл дынджыр пæлæхсар кæрдо бæласы бын. Кастис, хъуыста адæммæ, сæ хъуыддæгтæм, сæ митæм. Кæм-иу смæсты, кæм-иу йæхинымæр бахудт, кæм-иу йæ хъуыдыты аныгъуылд. Хорз зыдтой Хадзырæты хъæубæстæ бынтон æрыгæттæ æмæ ног æрлидзæг цæрджытæй фæстæмæ. Кадджын лæг уыди, бирæ бафыдæбон æхсæнадон куыстыты, колхозы быдырты. Хæстæй сыздæхт цæфтæ æмæ хæрзиуджытимæ. Хъæуыхицауæй дæр цалдæр азы бакуыста. Нæ, ничи ацыдаид Хадзырæты цурты æнæ салам ратгæ. Уый дæр-иу сын æхсызгонæй дзуапп лæвæрдта. Мæнæ та ныр дæр сæ сыхаг зæрон ус Залихан салам-келамтæ куы акодта, уæд æй афарста, куыд стут, зæгъгæ.

– Бирæ цæр, Залихан, бирæ цæр. Хуыцауæй бузныг, нырма уал фæразæм. Фæлæ диссаджы фын федтон, уæллæй. Æмæ цы амоны, уый та мын ды зæгъ, ды дæсны вæййыс ахæмтæм.

– Цы федтай, цымæ? Хæрзаг та дæ лæппуйы бонтæ...

– Уæллæй, базыдтай йæ. Сылтаныхъы быдыры фестадтæн. Ех, цæй рæсугъд вæййы зад мæнæуы хуым! Рог дымгæмæ-иу дзаг æфсиртæ иумæ куы базмæлыдысты, уæд цыма раст денджызы уылæнтæ фæйлауынц, афтæ мæм касти. Сæ сæртæ-иу иуæрдæм, стæй та иннæрдæм уыцы уæзданæй куы акъул кодтой, уæд мын цыма салам лæвæрдтой. Стæй та най кодтам. Сыгъзæрин мæнæуы дынджыр кæритæ самадтам… Иуы дзы мæхи баппæрстон æмæ аныгъуылдтæн йæ хъарм хъæбысы. Уалынмæ дын мæнæуы алы нæмыг дæр куы фестид сыгъзæрины къæртт. «Нæ! Нæ мæ хъæуы сыгъзæрин! Мæн дзул хъæуы, мæнæу!» – ныхъхъæр кодтон мæ хæлæсы дзаг æмæ фехъал дæн. Цымæ мын цæмæ расайдзæн?

– Ницæмæ. Ӕдзух уыдæтты кой кæнæм æмæ сæ фыны дæр уынæм.

– Ӕвæдза, уæддæр зæххыл хоры куыстæй кадджындæр æмæ арфæйагдæр куыст нæй. Мæхицæн дзырд радтон, хæсты фæстæ, зæгъын, кæд фервæзон, уæд æнæмæнг хъуамæ агроном суон. Сæххæст ис мæ бæллиц. Ацал-ауал азы кæм нæ бакуыстон... Ныр та мæнæ зæронд къодах... Ех-ех... – арф ныуулæфыд Хадзырæт.

Уыди сихормæ ‘ввахс, афтæ дуканийæ дзаг хызынтимæ рахызт асæй рæстæмбис, бæзджынтæ арæзт, хæрзхаст сылгоймаг, йæ буармæ фæсарæйнаг дзаумайæ, йæ цæсгоммæ та ахорæнтæй дзæбæх чи базылд, ахæм. Йæ хæдфæстæ ратылд нæрст хъыбылы хуызæн, йæ дæргъ æмæ йæ уæрх зын раиртасæн кæмæн уыдисты, ахæм тымбылгуыр лæппу. Цыдаид ыл 7-8 азы бæрц, йæ къухы – урс дзулы буханкæ. Лæппу асинтыл куы ‘рхызт, уæд æм базгъордта замманайы рæсугъд къæбыла. Цинтæ йыл кæны, йæ къæдзил тилы, йæ уæрджытыл ын йæ сæр ахафы, цыдæртæ бахъыллист-мыллист кæны. Лæппу йæм æргуыбыр кодта, йæ буар ын аныхта, къæбыс йæхи уæлгоммæ ауагъта. Лæппу дзуццæджы æрбадт йæ цуры æмæ йын дзул дætты. Къæбыла йæм басмуды, фæлæ йæм не ‘вналы, æвæццæгæн, æфсæст у.

– Гъа, гъа, ахæр-ма дзы цæй, замманайы хъарм дзул, – лæгъстæ кæны лæппу, къæбылайы адау-адау кæнгæ. Сæ хъæлæбамæ лæппуйы мад фæстæмæ фæзылд æмæ уыциу тъæлланг фæласта:

– Уый та... Цал хатты дын загътон, къухæй-иу ма ‘внал уыцы æнæхайыры куыйтæ æмæ гæдытæм, зæгъгæ?! Ӕхсынкъæй, низæй, алы хъылмайæ сæ тæккæ дзаг сты!

– Нæ-æ, ма! Тынг сыгъдæг куыдз у! Кæс-ма, куыд дзæбæх у! Замманайы гæбыла! – уыцы ныхæстимæ лæппу æнæрхъуыдыйæ дзулы кæронæй иу чысыл ратыдта, йæ дзыхы йæ баппæрста æмæ та къæбыламæ æргуыбыр кодта.

– Аппар æй, зæгъын! Ныр ма уыцы дзул дзыхмæ схæссынæн бæззы?! – тарстæй йын йæ къухтæм фæлæбурдта мад.

– Ма! – лæгъстæгæнæгау æм бахатыд лæппу.

– Нæ хъусыс æви? Аппар æй, загътон! Кæмæ дзурын æз?!

Залихан дисгæнгæ каст куы сæ иумæ, куы – се ‘ннæмæ, стæй мадæн бауайдзæф кодта:

– У-у, гормон, сывæллоны цæуылтыл ахуыр кæныс? Куыд ын æппарын кæныс дзул?

– Мæнæ афтæ! – уыцы ныхæстимæ сылгоймаг лæппуйы къухæй дзулы буханкæ стыдта æмæ йæ уынджы бæрæгастæумæ ныддыввытт кодта.

– Хуыцауæй та куыд нæ тæрсыс, гормон?

– Цæй-ма, Залихан, ахуыргæнæг нал дæ, æз та – де скъоладзау, æмæ дæ фæндаг дар! Ницы хъуыддаг дæ и!

Залихан исдуг ницыуал сдзырдта, стæй æрæджиау бафтыдта йæ ныхасмæ:

– Чи зоны, раст зæгъыс, Гæдисгæ, ницы хъуыддаг мæ ис... дæ хуызæттимæ... Æрмæст, – цыдæр ма зæгъынмæ хъавыд, фæлæ нал сфæрæзта. Йæ ризгæ къухæй цыдæр хос систа, йæ дзыхы йæ бакодта æмæ фырадæргæй фæхсбандоны кæроныл банцой кодта, зæронд лæджы фарсмæ æрбадын нæ бауæндыд.

– Æрмæст ... дзул æппарынæн тæригъæд у, гормон. Уый нын Хуыцауы лæвар у, æмæ йæ нæ фæтчы зыввыттытæ кæнын, – тыххæйты ма лæмæгъ хъæлæсæй йæ ныхас ахицæн кодта ус.

– Тæригъæд? – йæхи нал баурæдта Хадзырæт, – нæ, уый æдзæсгом ми у, æнæныппаргæ ми! Худинаг!

– Худинаг, йед, – сфæзмыдта йæ сылгоймаг. – Æллæх, æллæх, ахæм ма дзы кæрдзынхъус лæг уа... Дæ-дæ-дæй, мæгур нæу, мæгуыр, ахæм чъынды лæг кæй хæдзары цæры…

– Уый чъындыдзинад нæу, фæлæ цæсгом, хуымæтæджы æгъдау! – Хадзырæт хъуамæ ныртæккæ ацы æнæджелбетт сылгоймагæн бамбарын кæна йæ рæдыд, фæлæ уый йæхæдæг фæраздæр:

– Гъемæ сымах цæрут уæ цæсгæмттимæ, – мæнæн та æнæ сымах дæр уынаффæгæнæг уыдзæн, – хъæбæрдзыхæй, æнæрвæссонæй фæлыг кодта ус. Йæ лæппуйы къухыл фæхæцыд æмæ йæ ахæр-хæр кодта. Хадзырæт йæ фæстæ кæсгæйæ баззад, стæй арф ныуулæфыд:

– Е, уæу-уæй, уæу-уæй, уынаффæгæнæг уын кæй нал и, уæ сæфты къахыл дæр уымæн ныллæууыдыстут.

– Кæимæ та тох кæныс, Хадзырæт? – айхъуыста зонгæ хъæлæс. – Дæ бон хорз.

– А-а, Иван. Арфæгонд у. Мæнæ иу æдзæсгомимæ. Ахæмтæ халынц нæ кæстæрты дæр. Мæнгæй нæ акæнынц, æвзæрдзинад низ у, хæцгæ низ, загъгæ. Сывæллæттæ дын ахæм ми феной. Уæд уыдон дæр – зыввытт! Уартæ гъе! Сæ цæст дæр нæ фæныкъулынц,

афтæмæй – бырæттæм, фосы тæгæнатæм… Уæу-уа, Залихан, лæугæ цæмæн кæныс? Æз дæр мæ мастыл фæдæн æмæ... Æруадз дæхи, чысыл дæ фæллад суадз, стæй цæудзынæ. – Æрбадын æй кодта, стæй бадзырдта кæртмæ: – Гъæй, хæдзаронтæ, мæнæ ма Залиханæн дон радавут! Кæм дæ, кæм, Цæрай? Ничи дзы ис æви?

– Ис, ис, фæцæуын, – райхъуыст кæйдæр хъæлæс, – ныртæккæ!

– Ды дæр уал абад, Иван, кæд никæдæм тагъд кæныс, уæд.

Хорз лæг уыд Иван. Хæларзæрдæ, æнæзивæг. Зын ссарæн уыд, йæ лæггæдтæ, йе 'ххуысæй æнæхай чи уыдаид, ахæм. Ноджы, уырыссаг уæвгæйæ, бынæттон æгъдæуттæ афтæ хорз зыдта æмæ диссаг. Уыдæтты тыххæй йæ адæм уæлдай бирæ уарзтой.

– Кæдæм ма тагъд кæнын, мæ пенси цæуы, – загъта Иван, фæхсбандоныл бадгæйæ. – Уæдæ, зæгъыс, зыввытт, и?

– Уæллæй, зыввытт.

– Нæ йæ 'мбарын, куыд ис дзул æппарæн? Уый нæ зоны, стонг цы у, никуы уыдис æххормаг. Ех-х, æз цытæ бавзæрстон, уыдон мачиуал бавзарæд. Мæ амондæн ма ардæм сæфтыдтæн хæрз сывæллонæй.

– Кæцæй?

– Уæрæсейæ. Сыдæй мардыстæм. Нæ хъæуы гæдытæ, куыйтæ нал баззад. Хордтам кæрдæджытæ, уидæгтæ, лыстæг карст хъæмп, хус сыфтæртæ, гагадыргъытæ, картоф æмæ цæхæрайы уæлзæнг. Гыркъотæ фыцгæ доны ныккал, æмæ дын уый та нæ цай. Цыминаг фыхтам хуырхæг æмæ футæгæй… Сусхъæды сыфтæртæй-иу хъæбынтæ дæр акодтам... Зайаг хал-иу куы нæ фаг кодта, уæд-иу ыл афтыдтам æлыг, суанг ма лами дæр, ныххафтам-иу сыд картæфтæ, фыхтам сæ æд цъар. Фæстагмæ æппындæр ницыуал уыдис. Нæ мыггаг Савинтæй удæгас ничиуал баззад. Æз ма кæйдæртимæ ардæм сирвæзтæн. Фæлæ ам дæр... уынгтæ байдзаг сты æрцæуæг адæмæй. Рæсыдысты, мардысты, куыдтой, куырдтой… Бынæттон адæм сын бæргæ æххуыс кодтой, сæ бон цæмæй уыд, уымæй, фæлæ се 'ппæтæн цы кодтаиккой?.. Иуизæр æрфæлдæхтæн æз дæр. Бамбæрстон æй, æрхæццæ ис мæ адзалы сахат. Мæ бон нæ уыд æххуысмæ сидын, хъæрзын... Хуыссыдтæн æнцад, æнæзмæлгæйæ, æнхъæлмæ кастæн мæ удхæссæгмæ. Фæлæ мын Хуыцау фæтæригъæд кодта… Сæмбæлд мыл иу хуыцауысконд лæг Зауырбег, рухсаг æрбауа. Аласта мæ сæхимæ, раздæхта мæ мæрдтæй. Уый фæстæ мын-иу афтæ: æз,

дам, нæ уыдтæн дæ ирвæзынгæнæг, фæлæ, дам, Уастырджи уыди, табу йын уæд!

Залиханæн йæ зæрдæ суынгæг æмæ йæ цæссыгтæ нал баурæдта.

Хадзырæт тыхсы: уыцы хойраг уынджы бырæттимæ... Иваны ныхæсты фæстæ бынтондæр смæсты:

– О, Хуыцау дын æй ма ныббара! Цы чындæуа, куыд æй систæуа? Иу цæуæг дæр нал и, иу кæстæр зынæг. Иванæн дæр куыд фæцума кæна уæдæ, йæхи карæн лæгæн. Бæргæ йæм бацæуид йæхæдæг, фæлæ йæ рынчын уæрджытæ, сыджыт сæ бахæра. Иу хæдтулгæ фæзынд, фæлæ йæ иувæрсты афардæг, дыккаг дæр афтæ. Хадзырæт мæстæй скъуыйы.

Уалынмæ иу ноггомау «Жигули» тигъæй фæзынд, йæ уромæнты хъыррыст фæцыди æмæ дзыхълæуд фæкодта. Зæронд лæг сулæфыд, ныр дзул сисдзысты, зæгъгæ. Машинæйæ рагæпп кодта хæрз къаннæг лæппу, райдайæн кълæсты ахуырдзау чи уыдаид, ахæм, æмæ дуканийы ʻрдæм фæцæйзгъордта, фæлæ, дзул куы аудта, уæд æм бауад æмæ йæ пуртийау йæ къахæй никъкъуырдта. Хадзырæт исдуг фæуыргъуыйау, адон сансала бахордтой, зæгъгæ, стæй йæм мæстыйæ бадзырдта:

– Цы ми кæныс, æдзæсгом?!

Лæппу йæ хъазт нæ уадзы.

– Уæддæр ма йæм кæс?! – мæсты кæны Иван дæр.

– Кæмæ дзурын æз? У-у, налат, уый дзул у, дзул!

– Æцæг? Æзынмæ пурти у, – ныккæл-кæл кодта лæппу, стæй фыдæнæнгæнæгау базарыд: «Каравай, каравай, цасы аргъ у – банымай», – æмæ та фæцæйзгъордта йæ «пуртимæ». Фæлæ йæ æвиппайды фæурæдта цавæрдæр æнæнхъæлæджы тых:

– Æгъгъæд!

Уый уыди Хадзырæты тызмæг хъæлæс. Кæрæдзимæ джихæй кастысты, йæ аххос кæронмæ чи не ʻмбæрста, уыцы тарст саби æмæ, æнæгъдау кæстæрты тыххæй дзуапп чи агуры, уыцы зæронд лæг.

– Хæстæгдæр-ма рацу, – сдзырдта æрæджиау зæронд лæг.

Лæппу не змæлыд. Уый не ʻмбæрста, цы ʻрцыд, цы ракодта, йæ ныййарджытæ йын «ма кæ» цæмæй загътаиккой, ахæмæй?

– Па, – загъта ма тыххæй.

Хъæлæбамæ адæм сæ алыварс æмбырд кæнын райдыдтой. Уыцы

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ





Дзанайты Азанбегимæ



Галиуæрдыгæй рахизæрдæм: Суанты Ким,
Аскер Махмудов, Евгений Воложанин, Темыраты Дауыт,
Гæздæнты Булат æмæ Олег Миткеев. Норвеги



Ирон театры артистты фембæлд Щукины номыл рауагъдонтæ æмæ ахуыргæнджытимæ. Дауыт фыццаг рæнхъы астæуæй. 1958 аз.




Дыгурон драмон театр гом кæнгæйæ. Ноябрь, 1996 аз





Дыгурон театралон скъола-студийы 3-аг курсы ахуыргæнджытæ æмæ ахуыргæнинæгтæ. 1996 аз



Темыраты Дауыт, Тауытты Светланæ,
Гасынты Жорж æмæ Бекъойты Розæ. 2000 аз



Æхсызгон фембæлдтытæ театры. 1996 аз




Дауыт, Уататы Бибо æмæ Гаппуаты Тæтæрхъан



Дипломон спектаклътыл ныхас кæнгæйæ. 1996 аз



Театрæн æххуысгæнджыты советы æмбырд





Спектакль «Дыууæ усгуры»-йы актертæ пьесæйы автор Хæмыцаты Цæрай, режиссер Сæбанты Тамерлан æмæ театры аивадон разамонæг Темыраты Дауытимæ. 1997 аз



Спектакль «Дыууæ усгуры»-йæ. 1997 аз



Спектакль «Антигонæ»-йæ. Дауыты фæстаг роль





Дыгурон драмон театры къорд. 2001 аз



Спектакль «Аланты Нана»-йæ. Режиссер Бекъойты Розæ



Дауыт æмæ Сечъынаты Элитæ. Спектакль «Аланты Нана»-йы фæстæ


Спектакль «Амран»-æй


Спектакль «Дурын уазæг»-æй


Спектакль «Цигантæ»-йæ



Спектакль «Цæргæсты хох»-æй. 1975 аз



Спектакль «Цæргæсты хох»-æй. 1975 аз




Дыгурон драмон театры къорд. 2000 аз




Темыраты Дауыты цырт Дзæуджыхъæуы Намысы Аллейы

ракæнонхуызæй машинæйæ рагæпп кодта ныллæггомау сырхцъар лопъосæр лæг. Йæ нарæг цæстытæ фиуты бын фесты. Йæ ронбаст дзæвгар æрзæбул. Уæззау къахдзæфтæй бацыд Хадзырæтмæ. Йæ масты дзæкъул атыппыр, цæстытæ сæ бынæттæй рацæйгæпп ластой. Йæ цæст æрхаста зæронд лæгыл, стæй нытътъæлланг кодта:

– Цы хабар у?!

Раст уыцы рæстæг байгом кæрты дуар æмæ дзы рахызт бæрзонд бæзæрхыг лæппулæг, æвæццæгæн, Хадзырæт Цæрай кæй схуыдта, уый. Конд æмæ уындæй Хадзырæты цæрмæстыгъд бакодта. Цыдаид ыл дыууиссæдз азы бæрц кæнæ чысыл фылдæр. Балæвæрдта доны къус Залиханмæ æмæ ницы 'мбаргæйæ каст адæммæ.

Цæрайы куы федта, уæд лопъосæрæн йæ хъæбæрдзых фæлæмæгъдæр ис, йæхи тыххæй уромгæйæ бафарста:

– Цæй-ма, сывæллонмæ цы ныккомкоммæ стут?

– Куыд цы, куыд? Нæ йæ уыныс, цы ми кæны, уый?

– Уадиссагæй йæ ницы кæнгæ уынын.

– Куырм бадæ æви? Цæмæй хъазы, уый нæ уыныс?

– Æмæ цы? – ницы æмбарæгау сдзырдта лæг, – мæнæ уын йæ аргъ, æмæ æрсабыр ут, Хуыцауы хатырæй, – æмæ йæ мидбыл худгæ йæ дзыпмæ нывнæлдта.

– Йæ аргъ? Уымæн аргъ нæй! Уæвгæ, дæумæ аслам кæсы, уымæн æмæ йыл дæ чъиухид нæ ныккалдтай. Фæлæ æз цæрæнбонты хоры куыст кæнын æмæ йын æз зонын йæ аргъ. Ды та кæйдæр фæллойæ дæ хытъын бафсæстай æмæ дæхицæй ныббуц дæ. Дæуæн æй дæ бон у балхæнын, ныззыввытт æй кæнын æмæ та балхæнын, дæ фыртæн дзы хъазæн дзаума саразын æмæ та балхæнын, уымæн æмæ ды… ды дæр ахæм æдзæсгом дæ, ды! Сæгъæй, дам, сæныкк гуыры, – йæ маст нал баурæдта Хадзырæт.

– Æгæр нæ, æгæр нæ!.. Нæ дæ 'фхæрын, æмæ мæ ма 'фхæр!

– Уæдæ дын арфæ ракæнон?

– Æмæ мæ 'фхæргæ та цæй тыххæй кæныс? Хуыцауæй бузныг, æххормаг аз нæу, мыййаг.

– Æмæ ды та цы 'мбарыс æххормаг азæн? Мæнæ мæнау мæрдтæй куы раздæхтаис, уæд æндæр зарæг кæнис, – сдзырдта Иван дæр.

– Цæй, сдиссаг æй кæнут, цыма цы не 'рцыд, ахæм хъуыддаг у, – сдзырдта лопъосæр.

– Æцæг, æцæг, – схор-хор кодтой æрбацæуджытæй дæр чидæртæ.

– Хъуамæ ма цæуа! – фæсыпп сæ кодта Хадзырæты хъæлæс.

– Омæ сывæллæттæ сты, уыдон цы зонынц? – нæ сæтты лопъосæр.

– Хъуамæ йæ зоной сæ авдæнтæй, сæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ, дзул хъазæн гукку кæй нæу, фæлæ царды хос! Адæмыл исты стыр бæллæх æрцыди, зæгъгæ, уæд-иу фыццаджыдæр сæ хоры æвæрæнтæ ирвæзын кодтой. Уый у æппæты райдиан, хæзнаты хæзна!

– Хæзнаты-хæзна, – сфæзмыдта йæ дуканигæс, – уый дæр хъæлæбамæ рацыд. – Далæ Ростовы облæсты иу хæлиудзых фараст путы дзул басыгъта… æмæ йын стæрхон кодтой 9 суарийы ивар бафидын.

– Æллæх, æллæх, амардтой йæ уæдæ.

– Иу путæн – иу суари…

– Ох, ох, фашисттæ ныл Ленинграды куы ‘рхъула сты, уæд мæ… – сцæйдзырдта Залихан, фæлæ йæ лопъосæр нæ бауагъта.

– Цæй, уыцы аргъæуттæ…

– Хъусгæ, уе ‘ппæт дæр хъусгæ уыцы «аргъæуттæм»! – Хадзырæт уыцы карзæй загъта уыцы ныхæстæ, æмæ йæм ничиуал бауæндыд фæстæмæ сдзурын. Залихан æм бакаст, бамбæрста йын йæ хъуыды æмæ райдыдта йæ ныхас:

– Сыдæй фæцагъды сты адæм. Æххормагæй амард æхсæзсæдæ цыппор дыууæ минмæ æввахс – уый фæстæ йæ базыдтон. Ирыстоны цæрджыты бæрц. Ирыстоны! Лæвæрдтой мамæлайы къæбæр – 125 граммы, цъататæ, цъæмæлтæ – фæлæ уæддæр 300 граммы куы сси, уæд адæм кæугæ кодтой фыр цинæй… ме ‘нахъом саби… уал азы рацыд, фæлæ мæ нæ рох кæнынц йæ фæстаг ныхæстæ: «Мамæ… мамæ, æццæй, амæлдзыстæм?»

– Нæ, нæ, мæ къона.

– Уæдæ Вася афтæ куы зæгъы, не ‘ппæт дæр, дам, мæлгæ кæндзыстæм æххормагæй… Æццæй?

– Нæ, нæ, мæ гыццыл хур, мамæ дын йæ цонг æрбалыг кæндзæн, уæддæр дæ нæ бауадздзæн...

Уымæн йæ бон дзурын нал уыд, фæлæ… уыцы тæригъæддаг, уыцы лæгъстæгæнæг цæстытæ… О, мæ бон куыд бакалд, мæхæдæг дæс марды цæуылнæ акодтон?.. Ныр дæр ма мæм уый цахъхъæн сывæллæтты уынæр куы ‘рбайхъуысы, уæд мæм афтæ фæкæсы,

уый мæ хъæбулы хъæрзын у… Уынджы искæй сывæллон скуыдта, зæгъгæ, уæд мæ зæрдæйы тугтæ нытæдзынц…

Иу дзæвгар рæстæг ничиуал ницы сдзырдта. Стæй Хадзырæт загъта:

– Дзулы тыххæй æвирхъау митæ кодтой. Иу хъæуы сылгоймæгтæ æхсæв дзултæ фæкодтой, райсомæй сæ хъуамæ партизантæн аласта-иккой. Фæлæ сæ немыц базыдтой, иу хæдзары сæ æрæмбырд кодтой, дуæрттæ сыл сæхгæдтой æмæ сæ удæгасæй басыгътой. Зæрон лæгтæ, устытæ, æнахъом сабитæ… Дзулы тыххæй…

– Раст мæнæ дæ фырты цахъхъæн лæппуйы уынджы æрбамард-той, сæ хæрæндонæй сын йæ рынчын хойæн уартæ ахæм дзул кæй рахаста, уый тыххæй, – загъта Иван.

– Дзулы тыххæй, – бафтыдта та йæ ныхасмæ Хадзырæт.

– Мах та дзы хуыты хæссæм, хъазты, бабызты…– сдзырдта дуканигæс.

– Цæй, кæд искуы иу дзул… – схъуыр-хъуыр кодта чидæр.

– Искуы иу дзул, зæгъыс? Фондз милуан тоннæйы афæдз! – фæбæлвырд кодта йæ ныхас дуканигæс.

– Фосæн?

– Канд фосæн нæ. Дзæгъæл хæрдзтæ, æмткæй райсгæйæ.

– Фосæн ма куы уаид, фæлæ зыввыттытæ, æппаргæ.

– Æппаргæ нæ, фæлæ хаугæ куы ‘ркæна, уæддæр æй хъуамæ лæг сиса æмæ йæ бафснайа.

– Фехъуыстай? Хъуамæ йæ сиса æмæ йæ бафснайа, – йæ фыды ныхæстæ дыккаг хатт загъта лопъосæрæн Цæрай, æмæ йæ сæрæй ацамыдта дзулмæ.

– Ма мыл хъæртæ кæн!

– Куынæ. Исчи мæ исты фехъуыста ахæмæй? Ничи, – кæсгæ дæр æм нæ бакодта, афтæмæй загъта Цæрай.

– Мæ хæдзарыл, мæхæдæг æй æрбадавдзынæн, – зæронд ус фæтарст, хыл сæм куы рауайа, уымæй. Чидæртæ фæцæйуадысты дзулмæ.

– Фæлæуут! – баурæдта сæ Хадзырæт. – Йæхæдæг! Хъуамæ йæ фена йæ байзæддаг. Фыдгæнæг йæ митæ йæхæдæг куынæ сраст кæна, уæд сыл никуы æрфæсмон кæндзæни.

– А-гъа уæдæ! Бынтондæр мæ фыдгæнæг ацарæзтат, и?

– Фыдгæнæг дæхæдæг аразыс дæхицæй! Стæй далæ уыцы сабийæ, ныридæгæн дзулæй хынджылæг кæнын кæй ахуыр кæныс. Уый куыд не ‘мбарыс, гормон, дзулæй афтæтæ кæнын кæй зæрдæ комы, уый йын йе скæнæгыл дæр нæ бацауæрддзæни, – загъта Залихан.

– Сис æй! – зына-нæзына фæхъæбæрдæр кодта йæ ныхас Хадзырæт, тыххæй ма уромы йæхи ацы къуыдипмæ. Йæ хуыз фæцыд. Йæ къухты тугдадзинтæ адæнгæл сты. Йæ дæндæгтæ кæрæдзиуыл андæгъдысты, суанг ма, йе ‘фсæрты нуæрттæ куыд змæлыдысты, уый дæр бæрæг уыд. Йæ лæдзæг афтæ нылхъывта, æмæ йе ‘нгуылдзтæ скъæс-къæс кодтой. Адæм ныхъхъус сты.

– Сис æй! – сдзырдта та Хадзырæт тыхулæфт кæнгæйæ æмæ йæ рыст дæр ницæмæ даргæйæ, басанчъех кодта лопъосæрмæ. Адæм старстысты, ныптæккæ цыдæр бæллæх æрцæуддзæн, зæгъгæ, фæлæ ничи уæндыд се ‘хсæн бацæуын. Мæстæй судзы Цæрай. Гъей джиди, бæргæ бамбарын кæнид ацы æнæзонгæ схъиуд ныхасгæнæгæн, сæ сыхаджы загъдау, «по чем фунт», фæлæ…

– Нæ йæ сисдзынæн! – срæцыгъта лопъосæр. Нæ йæ фæндыд йæ фырты раз йæхи æгуыдзæгæй равдисын. – Æмæ мыл ма хъæртæ кæн! – фæци йæ ныхас, цæхгæр фæзылд, ацæуон, зæгъгæ, æмæ, куы бамбæрста, ничи йæ уромы, уæд ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Æз дæ хорз зонын… мах хъæуы дæр акуыстай… – йæ ныхас нал фæци. Йæхæдæг дæр нæ бамбæрста, Цæрай, дзурæджы уæлхъус куыд февзæрди, уый.

– Лæппу! – фæхъæр ма кодта Хадзырæт. Хорз зыдта йæ фырты, фæлæ байрæджы.

Лæг афæлдæхт, ныддæргъ. Адæм схъомпал сты. Иутæ сæхи баппæрстой Цæраймæ æмæ йæ иргъæвынц, иннæтæ бадын кæнынц Хадзырæты. Чидæртæ лопъосæры алыварс схъомпал сты, дон ын дарынц, йæ фындзы тугтæ йын сæрфынц. Æрæджиау йæ чемы ‘рцыд, рабадт, алырдæм акæстытæ кодта, йæ былтæ асæрфта, стæй цудтытæгæнгæ сыстад æмæ нырдиаг кодта:

– Æз дæ… Æз дын… тæрхондонмæ! Æз дæ ахæстоны бамбийын кæндзынæн! Æз дæ… ахæм æфхæрд… фæдзурут милицæмæ! Хъуамæ йæ ныптæккæ акæной! Сæ дыууæйы дæр!

– Акæнут мæ! Кæд нæхи дæр æмæ не ‘гъдæуттæ дæр хъазинаг кæнæм, уæд, – загъта Хадзырæт, – фæлæ ахъуыды кæнут, чи нæ у кæнинаг?..

Тарст сывæллон иуварс рохуаты аззад æмæ куыдта. Ничи йæ базыдта, дзул кæд æрбахаста, уый. Йæ тарст къухтæй йыл фидар ныддæвдæг… Æвæццæгæн æй дæттынвæнд никæмæ кодта. Залихан æм бацыд æмæ хæцгæ нæ, фæлæ йæм рæвдауæгау йæ мидбылты бахудт, йæхи нанайау ын йæ фæлмæн къухæй йæ рус æрдаудта:

– Ма тæрс, мæ къона, алцы дæр хорз уыдзæн. Æрсабыр у, ма ку. Сабыргай дзул райста, бирæ йæм фæкаст, йæ ризгæ къухæй йæ адау-адау акодта, стæй мæллæг хъæлæсæй сдзырдта:

– Ацы дзул мæ уæд куы уыдаид, уæд фервæзтаид мæ хъæбул…

Æмæ та хъуыдытæ, æвирхъау, зæрдæрис хæссæг хъуыдытæ.

*Октябрь, 2005 аз*



*НÆКУЫСАТЫ-ЕДЗИТЫ Наирæ*

# МÆ БÆЛЛИЦТЫ БÆРЗОНД АРВМÆ ТÆХЫН

## КУЫВД

О Сфæлдисæг, мæ Ирвæзынгæнæг!
Мæ Иры зæхх Дæ сау фыдæхæй бахиз.
Дæ цæстæнгас æм макуы уæд тызмæг, –
Рæстаг тæрхон æгас дунейы нал ис.

О Стыр Хуыцау, цы стæм Дæ разы – рыг.
Нæ лæппуты нын ма сафæнт ызнæгтæ.
Ды барон дæ, æхцон Дын нæу нæ хъыг,
Уадз ма кæлой ныййарджыты цæссыгтæ.

Кæддæр нæ зæххыл тугуарæн уыдис, –
Нæ Иры дзыллæ фервæзти, нæ сыскъуыд.
Ныр сæфынц хæсты фæсивæд, фæдис!
О Сфæлдисæг, кæйдæр рæхыс та аскъуыд…

Кæмæндæр та йæ хæдзары бындур
Æвиппайды куы ныззылди, куы фехæлд…
О Стыр Хуыцау, Ды не знæгты фæсур!
Нæ Иры зæххыл туджы зæйтæ ракалд.

Æркæс-ма нæм, ныххатыр кæн, ныббар!
Уадз ма сæфой нæ фæсивæд æрвылаз.
Ды – не Скæнæг, нæ фæндæгтæ – Дæ бар,
Нæ адæмы нын раст фæндагыл сараз.

*22.05.2024 аз*

## УАРЗОНДЗИНАД

О Уарзондзинад, цал хуызы дын ис –
Æмбалы уарзт, ныййарæджы, хъæбулы...

Сæ диссагдæр – Хуыцауы уарзт, мæ ис,
Уый се ‘ппæты дæр алцæмæй æмбулы.

О Уарзондзинад, цас хъару дæм ис!
Æхсыры цадау ленк кæнын дæ фурды.
Рыст зæрдæйæн ды фесафыс йæ рис,
Дæ уылæнтæй ысфæлдахыс къæйдуртæ.

О Уарзондзинад, цас бæркад дæм ис!
Дæ бирæ хæрзтæй дзаг дæн æз æфсирау.
Дæ урс æхсырæй нал зонын æфсис,
Мæ удрæбыны сæрттивыс сапфирау.

*20.05.2024 аз*

## МÆ ФЫДЫ ЦÆСТЫТÆ

Мæ фыды цæстытæ мæм къамæй кæсынц,
Йæ цæсгомы ‘нцъылдтæ уым арфдæр зынынц.
Æгас ма куы уыди, – нæ сæ уыдтон æз,
Уæд цардæн æххæстæй нæ зыдтон йæ уæз.

Мысинæгтæ, къамтæ… кæм ма йæ уынын?
Мæ фыд мын æмбæрста мæ сагъæс, мæ зын.
Уыдтæн æз æххуысхъуаг, уæззау уыд мæ уаргъ, –
Мæ фыд мæм ссыди… о, уымæн нæй аргъ.

Фæлмæн дзырдтæ дзураг нæ уыдис мæ фыд,
Уæддæр ын æмбæрстон йæ сусæг рæвдыд.
Йæ арфæ, йæ уарзтæй нæ уыдтæн æз цух,
Йæ зæрдæ ис мемæ мæ царды æдзух.

*20.05.2024 аз*

## ИРОН ÆВЗАГ

Ирон æвзаг мæ хæзна у, мæ фат,
Уый фидиуæгау атæхы мæ разæй.
Фыдæлты ‘взагæн чи нæ кæны кад,
Уый сидзæрау æнæ хай у йæ тавсæй.

Мæ райдзаст хур – алайнæгты æвзаг –
Мæ адæмæн, мæ бæстæйæн æрттивы.
Дзырды хъомысæй фестъæлфы ызнаг,
Ныхасы фарнæй царды фæндаг ивы.

*23.04.2024 аз*

## ИРОН ТЫРЫСА

Ирон тырыса сахары фæйлауы, –
Ирыстоны нæ бамынæг ÆХСАР.
Нæ адæмы нын раст зондыл æфтауы, –
Фыдлæг нæ бæстæн макуы суæд æлдар.

Фыдыбыстæмæ, Иры зæхмæ сидынц
САБЫРДЗИНАД, РÆСТДЗИНАД æмæ ФАРН.
Нæ тырыса – Ирыстонæн йæ фидыц,
Йæ фæзынд уыд нæ адæмæн лæвар.

Йæ тырыса кæм æрсадзы ирон лæг,
Хæххон цæргæсау уыцы ран – хæдбар.
Нæ тырыса – нæ цæугæ хох, нæ айнæг,
Нæ йыл цæуы тыхгæнæгæн йæ бар.

Нæ тырыса – СЫГЪДÆГДЗИНАДЫ символ,
Ирон лæгæн – йæ НАМЫС æмæ КАД.
Йæ сæраппонд нæ ауæрды йæ цардыл, –
Нæ фыдыбæстæ макуы уæд хъыгдард.

Нæ тырыса куы разына Хъæриуæй,
Йæ цъуппыл дæр – рæсугъд æмæ æдас.
Ирон лæппу йæ хъахъхъæны йæ риуæй,
Бæсты сæрвæлтау ферох кæны тас.

*27.05.2004 аз*

ХУГАТЫ Сергей

# АРВЫ НÆМЫГ*

*Роман*

## 9

Æзнауыр скъолайæ рацыд. Йæ пъартфел ын йæ цонгыл уæз кодта – цалдæр бæзджын дзырдуаты дзы уыди. Урочы дзырдуат амыдта – цæмæн хъæуы дзырдуат, куыд дзы агуырдæуы, цы дзырд дзы агуырдæуа, уыдæттæ. Ныр сæ фæстæмæ рахаста. Йæ фæндаг уыди клубы æмбонды рæбынты. Диссаджы æмбонд уыди уый. Рагон фидар агуыридурамад бындурыл – цæстæй-цæстмæ цæджындзтæ, сæ сæртæ – цъуппамад, къæвдайы дон сæ куыд нæ хъара, рæсугъддæр куыд уой, æмæ – бынтон диссаг та уый уыди! – æнæбасæттонгъуыз куыд уой. Æмæ цыдæр уæлдай цин хастой, æнæбасæттонгъуыз кæй зындысты, уымæй. Цæджындзæй цæджындзы ‘хсæн – гауызыйас æфсæйнаг цæст, æмæ, гауызыл куыд вæййы, афтæ йыл æнгуылдзы стæвдæн æфсæйнагæй нывæфтыд арæзт. Æмæ фидыдта уыцы нывæфтыд, фидыдта æмбонд æгасæй дæр.

Нæ, уыцы æмбонд чи сарæзта, уый нывгæнæг ма уыдаид, уый зын бауырнæн у. Бæстон куыстытæ кодтой хъазахъ сæ цотæн, сæ цоты цотæн, фæлæ сæ царды уылæнтæ ахастой æмæ сæ ныйиугай кодтой царды къуымты, сымах, дам, революцийы ныхмæ хæцыдыстут. Станицæмæ хæхтæй æрлыгъдысты мæхъхъæл. Уый фæстæ, Германы хæст нæма фæци, афтæ мæхъхъæлы дæр ахастой, далæ сæ Скæсæны уазал бæстæтæм ахастой, сымах, дам, немыцы фарс уыдыстут. Станицæмæ æрлидзын кодтой ирæтты.

Клуб ныр клуб у, фæлæ йæ хъазахъ аргъуанæн сарæзтой. Йæ сæрыл цы цалдæр цъуппы ис, уыдонæй стырдæр чи у, ууыл конд уыди дзуар, уыцы бæрзондæй дардмæ куыд кастаид, афтæ. Стæй мæхъхъæл дзуар раппæрстой æмæ йын нæ бынаты мæйырдæг бакодтой, уый дæр дардмæ куыд зындаид, афтæ. Ныр та йыл тырыса конд и уыцы цъуппыл, сырх тырыса. Тырыса дарддæр зыны дзуарæй дæр æмæ мæйырдæгæй дæр. Тырыса дард зыны, сырх тырыса.

*Дарддæр. Райдайæн 2024 азы 6 – 7-æм номырты

Ӕмæ-иу Ӕзнауыр хъуыды кодта, цымæ, уый гæнæн ис, æмæ аргъуанæн йæ дзуар раппар, мæйырдæг ыл бакæн, æмæ уымæй аргъуан мауал уа, фæлæ мæзджыт суа? Нæ, уый гæнæн нæй, æвæццæгæн. Аргъуан фæцаразай, аргъуаны цинтæ дзы фæисай, стæй йын чидæр, бынтон чидæр, йæ дзуар мæйырдæгæй раива, æмæ уымæй аргъуан мауал уа! Нæ, афтæ гæнæн нæй, æвæццæгæн, кæд аргъуан аргъуан у, мæзджыт та мæзджыт у, уæд. Аргъуанæн арæзт чи ‘рцыди, уымæй мæзджыт саразай, уый гæнæн нæй.

Ныр-иу дзы кино æвдыстой, стæй-иу дзы лæппутæ æмæ чызджытæ клубы хицау Дзандоры разамындæй хъазтизæртæ арæзтой – кафыдысты æмæ зарыдысты. Исты пьесæ дæр-иу равдыстой, уый дæр Дзандоры разамындæй. Ӕмæ-иу йæ разы клубæн бацæуæнтæ нал уыд адæмæй. Ныр дæр чидæртæ лæууыд клубы раз, фæлæ сæм Ӕзнауыр йæ хъус не ‘рдардта. Уым алы хатт дæр фæлæууы исчитæ. Бæргæ, баздæх сæм æмæ семæ алæуу, фæлæ йæ цыма не ‘вдæлди, афтæ йæм зынд. Цæмæннæ йæ æвдæлди, уый нæ зыдта, стæй йæ кæй не ‘вдæлди, уый дæр нæ зыдта. Уæддæр æм афтæ каст. Ныртæккæ дæлæ куыройдоныл иу былæй иннæ былмæ цы фæрв тымбылтæ æвæрд и хиды бæсты, уыдоныл бауайдзæн æмæ сæ сыхы бараст уыдзæн. Ӕмæ уæд æрцыди йæ хъустыл – чидæр æм дзырдта йæ номæй, æмæ уыцы æхсызгон хъæлæсмæ цыма арвы дуар фегом и. Ӕмæ ныззылд æд пъартфел Ӕзнауыр. Дæле, автобус кæм æрзилы, йæ фындз фæстæмæ горæты ‘рдæм кæм фездахы, уыцырдыгæй тагъд-тагъд сцæйцыди Тинатин. Йæ уæлæ цы тæнæг пæлæз уыд, уымæн йæ цæппæртæ æвæрд нæ уыдысты. Чызджы тагъд цыдæй пæлæз йæхиуыл фæстæмæ ахæцыд, æмæ афтæ зынд, цыма пæлæзæй размæ рахизынмæ хъавы Тинатин.

– Цы хорз у, кæй дæ æрбаййæфтон, уый! – дзуры цингæнгæ, Ӕзнауырмæ нæма æрбахæццæ ис, афтæмæй. – Горæтæй ардæм цы рахаста, уым ууыл хъуыды кодтон, кæй дæм æрæрвитдзынæн. Ӕмæ, нæ сыхæгтæй, йæ дуар кæмæн нæ бахостон, ахæм дзы нал баззад, дæумæ æрвитынæн чи бæзза, ахæм лæппу дзы агуырдтон. Ӕмæ дæ уыцы дзæбæх ауыдтон.

– Ӕз дæр дæ уыцы дзæбæх ауыдтон! Ӕцæг дын зæгъын, ныры хуызæн дзæбæх дæ никуы ауыдтон, æвæццæгæн.

Тинатины афтæ æнæнхъæлæджы афтæ дзæбæх кæй ауыдта, уый

йыл фæзынди, куыстдзагæд лæгыл дыууæ-æртæ сыкъайы куыд фæзына, афтæ – бахъæлдзæг и, æмæ йæм дзурын дæр æрцыди, афтæ истытæ-истытæ дзурын.

– Стæй цы бадæ?

– Цæмæй?

– Никæмæ разынди, мæнмæ кæй æрæрвыстаис, ахæм лæппу?

– Нæ йæ бахъуыды кодтон – чи зоны сæ разынд искæмæ, чи зоны, – нæ. Скъолайы уыдтæ? – бафарста стæй Тинатин.

– Скъолайы уыдтæн, – загъта Æзнауыр.

– Æмæ дзы цы хабæрттæ и?

– Стыр хабарæй – ницы, гыццыл хабæрттæ – хæрх.

– Æмæ гыццыл хабар хуыздæр куы у, – бахудти Тинатин.

– Хуыздæр нæ, фæлæ бирæ хуыздæр, – бахудти Æзнауыр дæр.

– Уæдæ ныр афтæ бакæнæм, æмæ махмæ цом.

– Уалæ сымахмæ?

– Уалæ махмæ.

– Цæмæ?

– Уым дын æй зæгъдзынæн. Тæрсгæ æппындæр мацæмæй кæн.

– Æппындæр?

– Æппындæр.

– Уæдæ хорз. – Æзнауыр йæ пъартфелмæ æркасти. – Уый зонгæйæ йæ уым ныууагътаин.

– Скъолайы?

– О.

– Цæмæн?

– Уæдæ йæ ныр уæлæмæ фæцæйхæсс. Стæй та йæ дæлæмæ рацæйхæсс. Хæрзаг мачи зæгъа...

– Йæ зын – уæлæмæ схæссын. Стæй дæ мах рухсæй нæ рауадздзыстæм, талынджы дæ пъартфел нæ зындзæн, æмæ, куы ницы фена, уæд цы хъуамæ зæгъа уыцы мачи? – бахудти та Тинатин. Абон цыдæр худынарæзт уыди. Стæй ноджы дзурынарæзт. Æмæ та йæм Æзнауыр дæр бадзырдта:

– Уæд ын зæгъæн ницы уыдзæн уыцы мачийæн, æмæ цы хъуамæ зæгъа?

– Зæгъæн ын кæй ницы уыдзæн, уый-иу зæгъæд!

Стæй фæцæйцыдысты донбылты уæлæмæ. Цыдысты фæр-

сæй-фæрстæм, æмæ Æзнауыры зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр ын Гасбол хъазгæмхасæнты, фæрсæй-фæрстæм цæуын хорз кæй у, уый тыххæй цы дзырдта, уый: «Фæрсæй-фæрстæм цæуынæй хуыздæр цæуыны амал дунейы нæй. Фæцæуынц æмæ фæныхас кæнынц. Уый, дыууæ куы уой, уæд. Сæ иу фæдзуры исты, æмæ йæм иннæ бакæсы, стæй, иннæ куы фæдзуры исты, уæд та йæм уый дæр бакæсы. Æмæ цæуынц – иу цæуы, иннæ дæр дзуры. Афтæмæй сæ иу иннæйыл хахуыр ныхас бахæсса, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ сæ иу разæй цæуы, æмæ иннæ дæр разæй цæуы. Сæ иу разæй куы цæуа, иннæ фæсте куы цæуа, уæд иумæ нæ цæуынц æмæ ныхас дæр нæ кæнынц иумæ. Раззагæн, кæмæ дзура, уый нæй, æмæ фæстагæн дæр нæй, кæмæ дзура, уый. Афтæмæй иумæ нæ цæуынц, сæ иу цæуы æмæ иннæ дæр цæуы».

Арæх-иу дзырдта афтæтæ Гасбол. Уый-иу сæ дзæбæх дзырдта, лæг æм хъусынæй нæ бафсæстаид. Æзнауыр сæ афтæ дзæбæх дзурын нæ зоны. Æмæ сæ куыд зона афтæ дзурын, йæ разæй чи цыд, уый сæ куы дзырдта, уæд! Æмæ сæ Гасбол дæр, йæ разæй чи цыд, уымæй фехъуыстаид, Афанасий Афанасийы фыртæй. Уæдæ йæхимæ кæцæй æрцыдаиккой уыцы ныхæстæ æмæ уыцы хъуыдытæ Гасболæн!

Тинатин уæдæй нырмæ ницы дзырдта, афтæмæй йын дзурын æмбæлди уымæн дæр – фæрсæй-фæрстæм цыдысты. Ныр фездæхти дзурынмæ:

– Уæдæмæ, фыдбылызтæ иууылдæр уырдыгæй цæуынц. Раззаг кæмæ дзура, уый нæй, фæстаг кæмæ дзура, уый нæй, кæд йæ чъылдыммæ дзура раззагæн, æмæ чъылдыммæ фæнды дзур, фæнды – ма. Цæсгом хъæуы, цæсгом – лæг кæмæ дзура, уымæн хъуамæ йæ цæсгоммæ дзура. Æмæ йын йæ цæсгоммæ кæса, уæд æмбæлы ныхас йæ нысаныл.

– Мæ къух куы æвдæлид, уæд ахæм æмдзæгъд æркæнин, ахæм! – бахудти Æзнауыр.

– Уый дæ æфсон фæци, – бахудти Тинатин дæр. – Уæдæ ма дæ фæндыдаид, кæддæра афтæ нæ нымдзæгъд кодтаис, æмæ сыхбæсты зæрæдтæ, сæ уæлæфтæуттæ се уæхсчытыл, афтæмæй сæ къæсæртыл нæ ралæууыдаиккой! Æмæ хъуамæ фæрсæй-фæрстæм цæуиккой адæм. Гæнæн кæм и, уым.

– Æмæ, гæнæн кæм нæй, уым дæр. Уæд дзы фæзындзæн гæнæн, цæмæй фæрсæй-фæрстæм цæуæн уа, уымæн.

...Русуданы цинæн ныккæнæнтæ нал уыд. Куы-иу сæ иумæ фæци фæрстытæ кæнынмæ, куы – сæ иннæмæ. Æмæ-иу кæй афарста, уымæ дæр-иу цыма дзæбæх нæ хъуыста – иннæйы та тагъддæр куы афæрсид, афтæ йæ фæндыди цыма. Æрæджиау загъта:

– Æз та ма Зазионмæ ныууайынмæ хъавыдтæн, абæрæг æй кæнон, æзын.

– Æмæ дæ мах ницы бахъыгдардзыстæм. Кæд дæ фæнд нæ аивтай, уæд æй абæрæг кæн, – загъта Тинатин.

– О, о! Абæрæг æй кæнон. Мæнæ мын ибон кæй æрбахастай, уыцы раздарæн дæр ын ныддавон, уæддæр мæнæн цыбырад кæны.

– Ныддав ын æй, – цыма йæ разæнгард кодта раздарæн хæссынмæ, уыйау загъта Тинатин.

– Æмæ ма йын æндæр цы ныддавон?

– Ныддав-ма йын истытæ, – бахудти та Тинатин. – Æвæргæ та сæ мæнæ Æзнауыры пъартфелы ныккæн. Уæззаугомау дын уыдзæн, фæлæ мын ды уæйыг Æдзи дæ.

– Нæ, нæ, – фæтыхсти Æзнауыр, – пъартфел – мæхæдæг.

– Дæхæдæг æй уæлæмæ фæхастай, æмæ дын фаг у. Цыма дæу йеддæмæ никæй фæнды уый хуызæн пъартфел фæцæйхæссын!

Уæдмæ Русудан схæцтытæ кодта пъартфелыл.

– Мæнæ цы уæззау у æцæг! Уагæры дзы цы и?

– Чингуытæ, Æдзи, чингуытæ!

– Æмæ чиныг афтæ уæззау у, уый куынæ зыдтон. Акæсæд-ма исчи чиныджы митæм!

– Нæ, Æдзи, чиныг уæззау у. Чиныгæй уæззаудæр æппындæр ницы и, кæд мæ фæрсыс, уæд, – худти æмæ худти Тинатин.

Стæй ацыди Русудан. Раздарæны фæстæ ма дзы нοджыдæр цыдæртæ нывæрдта, æмæ йæ тæнтæ къуыппытæ адардтой пъартфелæн.

Тинатин цай æрæвæрдта сæ тымбыл фынгыл, æмæ ныхæй-ныхмæ æрбадтысты. Стæй æнахуыр хъуызгæ каст бакодта Тинатин Æзнауырмæ.

– Мах цæдис сарæзтам.

– Цæдис, зæгъыс? – Æзнауырæн йе ‘рфгуытæ сæхиуыл кæрæдзимæ бахæцыдысты.

– О, цæдис.

– Чи саразта цæдис?

– Мах, студенттæ.

– Цы хуызæн цæдис сарæзтат сымах, студенттæ? – Æзнауырæн йæ цайы къус æрлæууыд æрдæгвæндагыл, стæй сындæг-сындæг æрыздæхт фæстæмæ фынгмæ.

– Ирон æвзаджы сæрхъуызой чи уа, ахæм цæдис. Йæ сыгъдæгыл ын чи тох кæна, ахæм цæдис, йæ ирон уд ын чи хъахъхъæна, ахæм цæдис.

– Уый диссаг куы у! – загъта хъæрæй Æзнауыр, цыма цæуылдæр тыхсгæ бакодта, уый хуызæн. – Æмæ уын кафедрæйæ ничи ис уæ цæдисы?

– Нæ, ничи нын дзы ис.

– Æмæ уын æй зонгæ дæр нæ кæнынц?

– Кæд æй зонынц, уæддæр дзургæ ницы кæнынц. Стæй йæ зонгæ дæр, æвæццæгæн, нæ кæнынц, йæ дуæрттæ йын гомæй нæ дарæм нæ дзæбæх цæдисæн.

– Бирæ стут?

– Нæ, бирæ нæма стæм, стæй, тагъд абирæ уæм, уымæ нæ тырнæм. Фæлтау цъусдæр æмæ хæрзхъæддæр – нæ зæрдыл дарæм Ленины фæдзæхст, – бахудти Тинатин. Æзнауыр æм бакасти – цы дзæбæх худти Тинатин æмæ цы дзæбæх дзырдта! – Стæй афтæ баныхас кодтам, цæмæй нæ цæдисы уа ахуыргæнджытæ дæр, ирон æвзагыл йæ зæрдæ кæмæн риссы, йæ уды хъæр ын чи хъусы æмæ кæмæ хъары йæ уды хъæр, ахæм ахуыргæнджытæ. Æз сын загътон: нæ хъæуы ис ахæм ахуыргæнæг, – Тинатин фæлæууыд йæ ныхасæй æмæ Æзнауырмæ бакаст: куыд фæцæудзæн йæ зæрдæмæ уыцы ныхас?

Æзнауыр-иу нывнæлдта йæ цайы къусмæ æмæ-иу æй æрзылдта йæ мидбынаты.

– Хорз хабар æрбахастай, тыны тын. Æмæ, тыны тын чи уа, уый æндæр хабар куыд хъуамæ æрбахæсса?! Стæй, ахæм хабар алчи нæ базондзæн хæссын, – Æзнауыр худти æмæ бæрæг уыд, цы дзырдта, ууыл нæ худти, Тинатин цы хабар æрбахаста, уый цинæй худти. – Ном нæй уæ цæдисыл?

– Ис. Бонвæрнон.

– Æмæ уæм цы фæндтæ ис?

– Фæндтæ нæм бирæ и. Фыццаг хъуамæ газет рауадзæм, стыр газет

нæ, гыццыл газет. Къуыри иу хатт чи цæуа, ахæм газет. Тох кæнæм хъуамæ, нæ мыхуыры оргæнтæ куыд халынц ирон æвзаг, уыимæ, скъолаты цы сидзæр лæппуйы уавæры ис, уыимæ, хицауад æм цы цæстæй кæсы, уыимæ, уыцы ирон æвзаджы бæрæгбоны фæстæ йæ мæгуыр æмæ йе 'нæркаст кæй æмбæхсы, уыимæ.

– Уе 'мбырдтæ университеты вæййынц?

– Нæ. Политрухсады хæдзары. Афтæ дзæбæх лæг у уыцы хæдзары хицау! Ирон æвзагыл тайгæ æмæ 'руайгæ чи кæны, ахæм. Зæронд коммунист. Нæ цæдисы цинæй сырæзти.

Æзнауыр хъуыды кодта Гасболыл. Уый сын ма зона сæ цæдисы хабар! Уымæй ахæмтæ ирвæзы?! Иубон куы уа, уæд сын смидæг уыдзæн се 'мбырды. Æмæ Гасбол уым куы уа, уæд дзы уымæн дæр æнцондæр уыдзæн истытæ архайын. Æмæ афарста Тинатины, афтæмæй йæ афæрсынмæ нæма хъавыд – мæнæ йæ февдæла сæ цæдисы койæ. Уæд æй бафæрсдзæни Гасболæй – фæрсдзæни йæ истæмæйты-истæмæйты æмæ æхсызгон цинтæ кæндзæни йæхицæн. Фæлæ йæ цыдæр хæйрæджытæ фæкомкоммæ кодтой фæрсынмæ:

– Гасбол уын нæу ахуыргæнæг?

– Гасбол Арамазы фырт! – фæтыхсти Тинатин, йæ тъæпæн арм йæ уадулыл авæрдта. – У нын. Уыди нын.

– Æмæ уын нал у?

– Гасболы æрцахстой.

– Куыд æй æрцахстой?! – йæ бандонæй йæхиуыл схæцыд Æзнауыр, æхххæст не сраст и, афтæ баззад – æрдæграст, æрдæггуыбырæй. Тинатин дæр сыстад, æмæ лæууыдысты. Фынг дæр лæууыд, йæ фарсмæ лæууыди пец дæр. Æдде лæууыдысты изæрмилтæ, хæдзары къултæм æввахсæй-æввахсдæр истой сæхи.

– Кæд æй æрцахстой?

– Цы къуыри ацыд, уæд.

– Чи йæ æрцахста?

– ПÆК-ы кусджытæ. Уырдæм æм бацыдысты.

– Кæдæм?

– Университетмæ. Йæ лекци дæр æрдæгкастæй баззад.

Æзнауыр уыцы гуыбыр лæудæй лæууыд, Тинатин-иу æм бакаст. Цыдæр-иу æм хъавыд бадзурынмæ цыма, фæлæ та-иу æм ницы бадзырдта æмæ уæд загъта:

– Уыцы даргъ тыргъы къордтæй лæууыдысты ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. Дзургæ сæ ничи ницы кодта. Æмæ тыргъы æрхуым ныббадт сæ æмыр лæудæй. Афтæмæй сæм бакæс, уæд сыл æргом зынд, алкæмæ дæр сæ дзурын цыди, фæлæ йæ кæнæ зæгъын нæ арæхстыты, цы дзурын сæм цыди, уый, кæнæ та дзы тæрсгæ кодтой цæмæйдæр.

Æнæуи-иу æгæр авнæлдта, уый хатыдта Æзнауыр, тарсти йын, исчи йыл æвзаг куы бахæсса! Фæлæ йæ куыд баурæдтаид, куыд ын загътаид, уыцы ныхæстæ афтæ кæнгæ не сты æмæ алы ран кæнгæ не сты, зæгъгæ. Йе ‘мбал куы уыдаид, йе студент æмбал, уæд – бæргæ! Фæлæ йæ ахуыргæнæг уыд, йæ ахуыргонд ахуыргæнæг!

Æмæ йæм нал цыди бадын. Бадын нæ, фæлæ йæм æппындæр ницыуал цыди. Фæфæнд-иу кодта ацæуын. Фæлæ йæм, иуæй, цæуын дæр нæ цыд, иннæмæй, Русуданы сæхимæ куы ныййафа, уæд ын цы хъуамæ зæгъа?!

Æмæ та загъта Тинатин уæдмæ:

– Ацы хъæуккаг дæн, уый куы базыдта, уæд мыл ахæм цинтæ бакодта. Стæй мæ дæуæй фæрсыныл фæци: æмæ, дам, уæд Æзнауыры нæ зоныс? Зонын æй, зæгъын. Хорз, дам æй зоныс. Афтæ та мæ цæмæн бафарста? Æмæ йын загътон: «Хорз æй нæ зонын». Уый мæм цыдæр гуырысхогæнæджы каст æрбакодта. Æмæ бахудти. Æмæ дисæн бахъуыдтæн: цæмæн мæм æрбакасти афтæ, стæй цæмæн бахудти?

– Æвæццæгæн, фæгуырысхо дæ ныхасыл, хорз æй нæ зонын кæй загътай, ууыл.

– Цæмæй йыл хъуамæ фæгуырысхо уыдаид?

– Раст кæй нæ уыди, уымæй.

– Æмæ йæ цæмæй базыдта?

– Куыд æй загътай, уымæй.

Æрæджиау ссыди Русудан, йæ къухæй æрдаргъ иу хъуымацæй дзæкъул; йæ ком æнгом æхгæд нæ уыди, æмæ дзы зындысты урс чылауитæ, дæргъæццон чылауитæ. Йæ бустæтæ йæ разæй æрбахаста:

– Тыхгæнæг у ацы Зазион, уый нырмæ нæ зыдтон. Уæдæ йын æз афтæ зæгъын, нал дзы цæуы, уый уæддæр æвгæны ‘мæ æвгæны. Æмæ мæ цæнгтæ бадон сты, æмæ сæ мæ иу къухæй ме ‘ннæ къухмæ радæтбадæтгæнгæ фæхастон уым уæлæмæ!

Тинатин æмæ Æзнауыр лæууыдысты æмæ чылауиты дзæкъулмæ кастысты.

Стæй рацыд Æзнауыр. Каудуары онг йæ фæдыл рацыд Тинатин.

– Æмæ йæм кæд афтæ æввахс уыдтæ, уæд мын æй куыд никуы загътай?

– Раст дын зæгъон æви дын раст ма зæгъон?

– Раст мын зæгъ.

– Тæрсгæ кодтон.

– Цæмæй?

– Куы йæ базонай, дзæбæх æй куы базонай, æмæ дæ уый дæр куы базона, дзæбæх дæ куы базона уый дæр.

Стæй рацыд. Цыди, æмæ йæм афтæ зынд, цыма фæцуддзæн, цыма йын æнæ фæцудгæ нæй, æмæ йæ лæдзæг хъæуы цыма. Лæдзæг хорз у, тынг хорз у лæдзæг. Лæдзæг кæмæ вæййы, уый æцæг лæджы хуызæн вæййы. Хъæууынгты дæр хуыздæр фидауы лæдзæгджын лæг. Фæлæ хъæуæй-хъæумæ фæндагыл куы фæцæйцæуа лæдзæгджын лæг, уæд куыд фидауы, уæд!

Цыдысты уыцы ницы-мацы хъуыдытæ йæ сæрмæ æмæ цыдысты йæ сæрæй, цыма йæ сæрæн дыууæ дуары уыди: иу – мидæмæ цæуæн дуар, иу – æддæмæ цæуæн дуар. Æмæ цыди. Тарсти, куы фæцуда, уымæй, фæлæ йын æнæ цæугæ нæ уыди, æмæ цыди. Цыди дон дæр йæ фæрсты æмæ цыма цыдæртæ дзырдта. Кæд нæ дзырдта, уæддæр дзырдта цыма. Æзнауыр-иу æм куы байхъуыста, куы – нæ. Æмæ-иу æм куы хъуыста, уæд нæ, фæлæ куынæ хъуыста, уæд-иу æм кæд нæ райхъуыст Гасболы ныхæсты хуызæн цыдæр ныхæстæ донæй. Гасболы ныхæстæ-иу нæма фесты конд донæн, афтæ-иу Афанасий Афанасийы фырты ныхæстæй дæр цыдæртæ куы ‘рбайхъусид Æзнауырмæ. Æмæ-иу уæд хъусынмæ фæци доны иугæндзон дыгъал-дыгъулмæ. Æмæ-иу базыдта Æзнауыр – Гасболы ныхæсты хуызæн сæ чи уыд, уыдон дæр-иу базыдта, æмæ Афанасий Афанасийы фырты ныхæсты хуызæн чи уыди, уыдон дæр. Уый йæ наукон разамонæг уыди, Мæскуыйы аспирантурæйы куы ахуыр кодта Гасбол, уæд. Æмæ йæ уынгæ никуы фæкодта – кæм æй федтаид?! Хъусгæ дæр æм никуы бакодта – кæм æм бакодтаид хъусгæ дæр?! Афтæмæй йын йæ ныхас хицæн кодта Гасболы ныхасæй. Æмæ-иу æм йæ ахуыргонд æмбæлттæ куы

бамбырд сты йæ куыстмæ, уæд-иу цы нæ радзырдтаид! Зонгæтæ йын бирæ уыди: ахуыргондæй, фыссæгæй, артистæй! Суанг ЦК-йы кусджытæй дæр бирæты зыдта, æмæ йын йæхи дæр зыдтой. Æмæ-иу цы нæ радзырдтаид æмæ цы нæ зыдта бæсты хабæрттæй æмæ хицауады хабæрттæй!

Гасбол-иу къуымы бадт йæ къаннæг стъолы фарсмæ. Йæхиуыл архайдта – ма хъуса хистæрты ныхасмæ. Фæлæ йæ уагъта уыцы ныхас йæхимæ æнæ хъусгæ?! Гасболæн афтæ парахат нæ уыди йæ ныхас. Афанасий Афанасийы фырт-иу хъазгæйæ йæхи Фет дæр рахуыдта. Æмæ-иу худтысты йе 'мбæлттæ, худти-иу йæхæдæг дæр – уыцы парахат худт-иу кодта, æмæ-иу афтæ зынд, цыма йе 'ппæт цæсгомæй дæр худти. Йе 'ппæт цæсгомæй дæр нæ – йе 'ппæт уæнгтæй дæр. Æмæ-иу тынг фидыдта, афтæ-иу куы худти, уæд. Æмæ-иу кæцырдæм нæ фездæхтаид йæ ныхас! Фет, дам, фыдызгъæлмæ æмхиц уыд. Афтæ, дам-иу загъта: мæ разы дзæбæх дзидзайы хай куы вæййы, уæд ма дуне искуы исты хъуаг у, нæу, – ферох мæ вæййы. Æз дæр, дам, бирæ уарзын дзидза, æмæ уыцы хъуыддаджы æмхуызæттæ стæм ме 'мномимæ.

Стæй сæ уынджы баздæхти Æзнауыр. Дон ацыди дарддæр, йæ дыгъал-мыгъул йæ уæлæ ахаста.

Мидæмæ нæ бацыд, уынджы сисрæбын цы бадæн уыд, Зазион сыхы устытимæ кæм абады, уым йæхи æруагъта. Уынг уыди талынг. Талынг уыдысты иннæ уынгтæ дæр. Далæ хъæуыбын куыройдон æмæ фæрвджыны дон кæм баиу сты, уым гыццыл ГЭС сарæзтой, фæлæ-иу æй фæсахсæвæр ахуыссын кодтой. Æвæццæгæн, æгæр куыстæй исты куы кæна, уымæй йын тарстысты. Æмæ йын æхсызгон уыди, талынг кæй уыди, уый. Ноджы талынгдæр куы уыдаид, уый дæр æй фæндыд. Куыд нæ хъахъхъæдта йæхи! Цыдæриддæр фехъуыста Афанасий Афанасийы фыртæй, дзырдта сæ æмæ сæ дзырдта. Æвæццæгæн, раст кæй уыдысты, уый йæм афтæ хъарыди, æмæ сæ ма дзура, уый йæ бон нæ уыди. Адæм дæр, раст цы уыд, уый куы зыдтаиккой, афтæ йæ фæндыди.

Уæддæр æгæр фæзмыдта Афанасий Афанасийы фырты. Уый, дам-иу Берияйы кой кæнын куы райдыдта, йæ сæр йæ иу уæхскæй иннæмæ раппар-баппар кæнгæйæ æмæ уыцы уæззау улæфтытæ кæнгæйæ: «Цы лæг амардтой, мисхалы бæрц азымджын ницæмæй

уыд, афтæмæй! Йæ хæдзармæ йын хæстон машинæтæ батардтой æмæ йæ амардтой. Амардтой уый хуызæн лæджы!»

Стæй-иу Гасбол та уыцы уац æрхъуыды кодта: «Æртæ хатты æлгъыст баййафæг Бери́я, райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй чи рацыд æмæ дунейы империализмæн агентæй чи ныллæууыд!» Уыцы уац йæхæдæг бакасти Гасбол. «Правда»-йы уыди кæнæ «Известия»-йы. Куыд бауæндыд, куыд æнцонæй бауæндыд, гъæйтты фыссæджы ном чи фæхаста, уыцы Катаев, сæр дæр кæмæн нæ уыд æмæ бын дæр, уыцы гæды ныхæстыл?! Кæд сыл нæ бауæндыд æмæ афтæмæй ныффыста уыцы уац, уæд йæхæдæг æртæ хатты нæ, фæлæ дæс хатты æмæ сæдæ хатты æлгъыст баййафинаг куы у! Уæд ыл ирон хъоды бакæнын куы хъуыди, йæ царды бонтæ адæмæй иппæрдæй куыд æрвита, доны къус бадæттæг дæр ын куыд нæ уа, афтæмæй куыд æрцæуа йæ мæлæт. Кæд æм, мыййаг, уырыссаг кæй нæ уыди, фæлæ Уæрæсейы хицæуиуæг кæй кодта, уый тыххæй изгард хаста, уæд ыл йæ цæсгом куыд нæ басыгъди, уыцы уац фыссынил куы æрбадт, уæд ыл куыд нæ ныггуыпп кодта йæ цæсгом! Уæдæ дæ, адæм фыссæг кæй хонынц, ууыл нытту кæнай? Æмæ, цæмæй йæ фыдгæндтæ ма разыной, уый тыххæй ноджы стырдæр фыдгæнды чи бацыд, уыцы хицауы дæллагхъуыр абырай! Сыгъдæг чи уыд, уыцы лæджы марæгæн йæ цæстмæ ма бадар йæ фыдгæнд, фæлæ йе 'мцæдисон скæн дæхи!

Æзнауыр зыдта Катаевы роман «Урс дары наупæлæз – хæрз иунæг», касти йæ æмæ йыл цин кодта, фæлæ, газеты цы рауагъта, уый нæ зыдта, æмæ, род йæ мадмæ бауасынмæ куы фæхъавы, уæд æм куыд фæкæсы, афтæ касти Гасболмæ.

– Уый хуызæн лæджы амардтой, æмæ хъыг ма бакæн, фæлæ марджыты фарсмæ балæуу, æмæ йын ноджы фыддæртæ хъуыди, зæгъгæ, ралæхур, дунейы адæм кæй кæсынц, уыцы газеты! Æртæ хатты æлгъыст баййафæг, дам! Æмæ Советон Цæдис уый зонд-джын æмæ амалджын архайды руаджы куы фервæзти, уартæ йын Америкæ æмæ Англис цы тæрхон рахастой, уымæй: хъуамæ йын йæ тæккæ стырдæр горæттæй фондзыл æмæппæрст æркодтаиккой фондз атомон бомбæйы. Æмæ сау фæнык куы фестадаиккам, уыцы хæсты фæстæ нæ астæу сраст кæнынæн куынæуал уыдыстæм! Фæлæ нæм уæдмæ фæзынди бомбæ махмæ дæр, æмæ сæ тых æрха-

уди. Ӕмӕ нӕм Берияйы руаджы фӕзынди уыцы бомбӕ. Уый бон баци, ӕндӕр никӕй бон бауыдаид уыцы банымӕдтытӕ ӕмӕ уыцы бахыгъдтытӕ самал кӕнын. Курчатов, стыр физик, уый лӕууыди уыцы куысты сӕргъы ӕмӕ куыд загъта, уый зоныс? Берия, дам, куынӕ уыдаид, уӕд, дам нӕм атомон бомбӕ фӕзындаид иууыл хуыздӕр дӕс азы фӕстӕ. Ӕмӕ уӕдмӕ нӕ Цӕдисӕн йӕ хъӕдхъиутӕ дӕр нал уыдаиккой. Ӕмӕ йӕ амардтой, йӕ цырыхъхъы хъусы аргъ чи нӕ уыд, уыдон ӕй амардтой. Сӕ ныхас баиу кодтой ӕмӕ йӕ амардтой. Амардтой йӕ, цӕмӕй, цы бирӕ фыдгӕндтӕ фӕкодтой, уыдон сын ма рахъӕр уой. Афтӕмӕй сӕ нӕ ныууадздзӕн, уый зыдтой, уымӕн йӕ туджы уыди алы хъуыддаг дӕр кӕронмӕ хӕццӕ кӕнын, ӕмӕ йӕ амардтой. Цӕсгомы хъӕстӕ кӕуыл нӕ уыди, уыдон амардтой, се 'хсӕн цы иунӕг цӕсгомджын лӕг уыди, уый. Амардтой йӕ, стӕй ахабар кодтой, знаг, дам, разынд ӕмӕ, дам, ахст у, ӕмӕ, дам ыл тӕрхон кӕндзысты. Афтӕмӕй йын йӕ мард кӕттаджы тыхтӕй рахастой салдӕттӕ йӕ хӕдзарӕй, ӕмӕ йӕ цы фӕкодтой, уый ничи базыдта. Сӕхӕдӕг фӕсидтысты сӕ мыхуыры кусӕг цъыфкалджытӕм, сӕ дӕлбар партион кусджытӕм – калут цъыф, тъӕпп кӕнут цъыф, йӕ сыгъдӕг ном ӕмӕ йӕ сыгъдӕг цӕсгомӕй куыд ницыуал фӕзына. Фӕлӕ, сыгъдӕг ном ӕмӕ сыгъдӕг цӕсгомыл цъыф нӕ хӕцы. Уый нӕ, фӕлӕ цъыф лӕгӕн йӕхимӕ здӕхы, уыцы цъыф, йӕхи ном ӕмӕ йӕхи цӕсгоммӕ. Ӕмӕ цы зынгӕнинаг куыстытӕ фӕкодта ӕмӕ сӕ цы цӕсгомджынӕй фӕкодта! Хӕсты бонты ӕппӕты зындӕр цы уыди? Хӕцӕнгарз цӕттӕ кӕнын. Ӕмӕ кӕй бӕрны уыд уыцы куыст? Берияйы. Уӕдӕ уыцы стыр хӕстон заводтӕ далӕ Скӕсӕнмӕ ӕмӕ уартӕ Астӕуккаг Азимӕ ласын куы бахъуыд, уӕд кӕй бон бауыдаид уыцы ӕнӕрцӕугӕ зын куыстӕн разамынд дӕттын? Берияйы. Ӕрмӕстдӕр Берияйы. Сталин хорз зыдта, йӕ алыварс бадджытӕй чи цы хъом уыди, уый. Ӕмӕ-иу завод ӕдзӕрӕг ран ӕрӕвӕрдтой, ӕмӕ-иу дзы мӕйы бонмӕ танк ратылд, ӕмӕ-иу дзы хӕдтӕхӕг стахти. Ӕмӕ йӕ амардтой. Уымӕн ӕй амардтой, ӕмӕ, Сталины кӕй амардтой, уый сын ма рахъӕр уыдаид, уый гӕнӕн сын нал уыди – ныр бӕстӕйы ӕдасы ӕмӕ мидхъуыддӕгты министрадтӕ иугонд уыдысты, ӕмӕ йын разамынд Берия лӕвӕрдта уыцы иугонд министрадӕн. Ӕмӕ ӕппӕты разӕй, Сталин куы амард, уӕд мидхъуыддӕгты министр

чи уыди, уымæй хъуамæ райдыдтаид йæ фæдысгарæн куыстытæ, æмæ уыдон, уыцы фæдысгарæн куыстытæ, комкоммæ уымæ кæй уыдысты, уый базыдта, уæдмæ бæстæйы хицау чи сси, уыцы æнæджелбетт æмæ тыфтырыкъо лæг, куыд нæ йæ базыдта, æмæ тæссæй йæ хæлаф иуæй-иу рæтты бахуыдыдз, афтæмæй фæдис систа. Æмæ йæ уæлхъус æрбалæууыд, цæмæй хицау суа, уый мондагæй йе стыр номыл чи нытту кодта, уыцы номдзыд хæстон æд æфсад æмæ æд хотыхтæ. Æмæ Рейхстагмæ куыд бырстой, афтæ бабырстой Берияйы хæдзармæ дæр.

Гъе, уæууæй, гъе! Лæджы бон цытæ аразын у, æмæ цæмæты æрхæссы йæ сæр!

## 10

Иуафон йæхиуыл схæцыд – мидæмæ ахиза. Уыцы хъуыды йæм ныр цал хатты æрцыд! Йæхиуыл дæр-иу сцæйхæцыд, фæлæ та-иу не схæцыд йæхиуыл, æмæ та-иу æрсабыр и хъуыды дæр. Ныр, куыддæр сыстад уыцы ныллæг бадæнæй, афтæ уартæ уынджы, цыма ерысы бацыдысты, фылдæр рухс сæ чи равдиса, ууыл, уыйау, сæ рухс сæ разы нал цæуы машинæйы дыууæ цæстæн, афтæмæй æрбатагъд кæны машинæ. Уайтагъд æрбахæццæ и йæ размæ уыцы рухс æмæ талынджы айсæфт. Æмæ æрбайхъуыст уыцы талынгæй Æзнауырмæ:

– Ацыгаты Æзнауыр ам цæры?

– Ам цæры, – бадзырдта талынгмæ Æзнауыр дæр.

– Ды нæ дæ, мыйййаг, Æзнауыр?

– Æз дæн.

– Мæнæ дæм гæххæтт.

Стæй йæ разы æрбалæууыд иу сау æндæрг Æзнауырæн, иу тымбыл рухсы цæст фæцарæзта гæххæтмæ, ручкæ йын йæ къухы фæсагъта:

– Ам дæ къух æрæвæр, – стæй йæм гæххæтт радта:

– Уым алцы дæр амынд у.

– Цы дзы у амынд?

– Кæд дæ цæуын хъæуы, кæдæм дæ цæуын хъæуы, кæмæ дæ цæуын хъæуы.

Стæй та схæцыдысты машинæйы рухсытæ, æмæ зилгæ нæ ракодта машинæ, фæлæ уынджы комкоммæ атагъд кодта йæ рухсыты фæстæ.

Ӕзнауыр бамбæрста: сидынц æм ПӔК-мæ, сидынц æм Гасболы тыххæй, æмæ йе уæнгтæ, цы калд уыдысты, уымæй ноджы тынгдæр ныккалдысты. Лæууыди уыцы талынджы уыцы гуыбырæй. Бадын æм нæ цыди, цæуын дæр æм нæ цыди, фæлæ йæм лæууын дæр нæ цыди. Цыди йæм Гасболы уынын, Гасболы ныхасмæ хъусын. Фæлæ уыцы фæнд дард уыди, тынг дард, бæллиц куыд дард вæййы, афтæ дард. Афтæ у лæджы хъуыддаг: цы йæ фæфæнды, уый дард вæййы, цы йæ нæ фæфæнды, уый – хæстæг; æмæ йæ цы нæ фæфæнды, уый сæрты фæдзыназы, цы йæ фæфæнды, уымæ. Цы дзурдзæн, куыд дзурдзæн – уый-иу цытæ дзырдта, уыдонæн дзурæн нæй, цæй дзурæн и уыдонæн! Фæлæ, уыдоны бæсты цы дзурын хъæудзæн, уыдон цы сты æмæ кæм сты?! Ахъуыды сыл нæ хъæуы? Фæлæ сыл куы ахъуыды кæна, уæд уыдзысты æрхъуыдыгонд ныхæстæ, гæды ныхæстæ, æмæ сын куыд схæцдзæн гæды ныхæстæ кæнынил уыцы ран! Ӕнæуи дæр дзы гæды ныхас æмæ къахæн ныхас йеддæмæ куы ницы æрцыди, уартæ йæ куы саразтой, уæдæй фæстæмæ. Ӕмæ уый гæды ныхæстæ дæр ныр хъуамæ баиу уой семæ æмæ дзыназой семæ уыцы æлгъыст хæдзары къуымты. Уый гæды ныхæстæ дæр, Ацыгаты Ӕзнауыры гæды ныхæстæ дæр. Фыццаг хатт хъуамæ ракæна гæды ныхæстæ уыцы хæдзары.

Иуафон йæ цæсты кæронæй ауыдта уыцы арт, судзгæ арт, сырхсырхид арт. Ӕмæ йæм кæсгæйæ баззад. Арт цыдæр æнæрхъæц сыгъд кодта. Ӕмæ нæ бамбæрста, хæстæгдæр куыд балæууыди уыцы рудзынгмæ, уый – арт кæцæй ауыдта, уыцы рудзынгмæ. Рудзынг уыди ныллæг, хæрз ныллæг, зæххы æмбуар, нарæг æмæ дæргъæццон. Ӕзнауыр багуыбыр и рудзынгмæ æмæ дзы уырдыгмæ касти, цыма зæххы хуылфмæ касти, афтæ. Артæн йæ фаллаг фарс лæууыди, астæуæй уæлæмæ гом чи уыд, ахæм нæлгоймаг æмæ цыдæр даргъхъæд æртысгæнæй, Ӕзнауырмæ бæхы цæфхады хуызæн чи фæкаст, ахæм æфсæйнæгтæ рафæлдах-бафæлдах кодта. Йæ гом уæхсчытæ сырх дардтой, æмæ афтæ зынд, цыма ныртæккæ схæцдзæни лæг, æнæ схæцгæ йын нæй, æмæ, цалынмæ фæуа сыгъд, уæдмæ судздзæн, æмæ йæм кæсгæйæ баззад Ӕзнауыр цыма, кæд ссудздзæн, уымæ æнхъæлмæ каст. Уалынмæ йæ хъустыл æрцыд кæйдæр уæззау цырыххъыты тъæпп-тъæпп, стæй ауыдта: салдат ын йæ уæлхъус топп хæрдмæ фæхаста, цыма йын дзы йæ уæхскмæ-

аразæнæй йæ бæрзæй нырриуыгъын хъавыд. Стæй та йæ сусæг хъæр фæцыди салдатæн: «Адде у ардыгæй!»

Уый фæстæ-иу хъуыды кодта Æзнауыр: æвæццæгæн æм, уартæ кæм фæлæууы дуарбахизæны, уырдыгæй амыдта – ацу уырдыгæй! Фæлæ йæ нæ уыдта Æзнауыр. Æмæ йæм уæд ралагæрста салдат, йæ мæстæй йæ бынат дæр ныууагъта. Уæд институты ‘рдыгæй бульвары ‘рдæм фæцæйцыдысты – иу ахъаззаджы къорд уыдысты – чызджытæ æмæ лæппуты æмхæццæ къорд. Хъæрæй хъæлдзæг ныхас кодтой æмæ хъæрæй худтысты сæ хъæлдзæг ныхæстыл. Æзнауыр фæсте куыд аззад, уый сæ ничи æрхъуыды кодта. Хорз уыди, æмæ йæ ничи æрхъуыды кодта. Æниу хорз дæр цæмæй уыди, мæгъа?!

Ныр цы ми кæндзæн уыцы хæдзары! Фæрсдзысты йæ æмæ йæ фæрсдзысты, къахдзысты йæ æмæ йæ къахдзысты. Æмæ цы ми кæндзæн? Цы сын дзурдзæни сæ къахæн фæрстытæн? «О» сын кæндзæн æви сын «нæ» кæндзæн? Æмæ уæд йæ зæрдыл æрбалæууыд Гинойы хабар. Барахъты номдзыд Гинойы хабар. Уый сын уыцы фыссæг ракодта уыцы хабар, – институты сын фембæлд кæимæ сарæзтой кафедрæйы кусджытæ, уый. Куы йæ æрцахстой Гинойы, уæд ын, йæ хъисфæндыр æрбахæссын кæна сæхицæй, уый бар радтой. Зарджытæ фыста Гино – сæ ныхæстæ дæр сын йæхæдæг фыста æмæ сæ куыд зарын хъæуы, уый дæр. Æмæ-иу сæ зарыд; хъæлæс дæр ын хорз уыд, хъарыд адæймагмæ, хъæрм дæр æй кодта æмæ уазал дæр. Æмæ йæм куы ‘рбахастой йæ фæндыр, уæд бамидæг сты æмæ сæ кусджытæй кæйдæр баппæрстой, Гино цы хатæны уыд, уырдæм, цыма уый дæр ахст лæг у, уый хуызы, йæ хъус куыд дара, цытæ цæгъддзæн æмæ цытæ зардзæн, уымæ. Кæннод æгæр номдзыд уыд Гино, æмæ зын уыди, революцийы знаг æй рахонай, уый. Афтæмæй дын Гино, уым цы зарæг ныффыста, уый куы ‘рцæгъдид йæ хъисфæндырыл æмæ йæ куы базарид! Зарæгæй уыйбæрц додой райхъуыст революцийы знæгтæм, йæхæдæг дзы афтæ сыгъдæгæй разынд Гино, æмæ йæм кæронмæ хъусын нал бафæрæзта лæг, систа дамбаца æмæ йæ йæ ныхыл ныццавта.

Диссаг фæкасти уый студенттæм. Æнæхъæн мæй, мæйæ дæр фылдæр æндæр ныхас нал уыди студентты ‘хсæн. Дзырдтой, зарæджы тых куыд æгæрон у, Гино куыд хъæбатыр лæг уыди, уый тыххæй.

Раджы æрхæццæ ис горæтмæ. Йæ сагъæстæ йæ нæ æрлæууын уагътой, нæ æрбадын, æмæ фыццаг автобусыл рацыд. Дуарбахизæны иуварс авджын къулы цы рудзынг уыд, уырдæм бавдыста йæ гæххæтт, уым цы кæсæнцæстджын лæг бадт, уый телефоны кæмæдæр адзырдта æмæ загъта Æзнауыръæн:

– Сахаты бæрц уæртæ бæлæсты бын атезгъо кæн, стæй-иу æрбацу.

Æзнауыр уынгыл цæхгæрмæ бахызт. Уым бæлæсты бын æмхæццæ лæудæй лæууыдысты иу цалдæр лæджы. Æзнауыр бамбæрста: ацы хæдзармæ у сæ каст: хъуамæ дзы исчи рацæуа æмæ исты хабар рахæсса. Æзнауыр, бахизæны иу бæласы зæнгæй иннæ бæласы зæнгмæ цы лæгъз фæйнæг æвæрд уыд, уымæ иуцасдæр фæкаст, стæй йыл æрбадт.

Иуафон лæгтæй иу æддæдæр алæууыд, стæй сæм фæстæмæ разылд, цыма сæ анымайын йæ зæрды уыд, уый хуызæн. Лæгæн уыд æнахуыр ставд бæрзæй, йæ сæрыл-иу хæрдмæ куы схæцыд, уæд-иу йæ бæрзæйыл цæхгæрмæ цалдæр суанджы абадт.

– Кæм ма ис лæг! – дзырдта йæхицæн дзурæгау, фæлæ хъæрæй. Æзнауырмæ дæр дзæбæх хъуысти йæ ныхас. – Лæгтæ нæ, фæлæ лæджы нывтæ, уæртæ сывæллæттæ мелы къæрттытæй асфальтыл цы лæджы нывтæ скæнынц, ахæм нывтæ, гъе! Уый йеддæмæ уыцы хæдзармæ афтæ кæсай æмæ афтæ ныхъуырай дæ уæззау цæссыг!

Лæгтæ, кæй кæм æрæййæфта уыцы ныхас, уырдыгæй аздæхтой се 'ргом бæрзæйджынмæ.

– Ууыл æрæмбырд у æнæхъæн горæтыдзагæй æд фæрæттæ æмæ æд сагæйттæ æмæ йæ зæгæлгай ныккæн, дур дзы дурыл куыд нал баззайа, хъæд – хъæдыл, афтæ.

Лæгтæ йæм æнкъардæй кастысты фæйнæрдыгæй, кæмæн сæ йæ цæстытæ бæгъгъæттæй баззадысты, чи сæ æртъæпп-æртъæпп кодта. Стæй, йæ лæдзæджы къадзони йæ дæлармmæ чи сарæзта, гуыбырæй чи лæууыд, уыцы кæуындзаст лæг бадзырдта бæрзæйджынмæ:

– Фæлæуу-ма, Елдзар, æмæ дæ чи уадзы уый хуызæн хæдзар калын?

– Хонæг дæм куыд нæ арвитдзысты, рацу-ма, Дудырыхъо, мæнæ ацы хæдзар халæм, æмæ йæ куыд фехалæм, уый нын бацамон! Хъуамæ сæ ма ныууадзæм, ма, хъуамæ сæ хъæлæсы алæсæм æмæ сæ улæфæнты ныббадæм æмæ сæ ма ныууадзæм, басæттæм сæ хъуамæ, бамбæрстай

– басæттæм! Æмæ йæ ныффалгæрон кæнæм, йæ хъæдхъиутæ йын хæрæгуæрдоныл ахæссæм – æрмæстдæр хæрæгуæрдоныл! – æмæ сæ уартæ куыдзæппарæн æрхмæ акалæм. Йæ бынаты та йын цырт саразæм, – нæ хуыздæрты нын ам бацарæфтыд кодтой, – æмæ-иу раздæр, лæг кæм æрхауди, цырт ын уым арæзтой, – лæг йæ къух систа æмæ йæ тъæпæнæй йæ бæрзæйыл æрæвæрдта: – Цалынмæ ай ам лæууа, уæдмæ нæ цæсгæмттæ адæммæ æвдисынæн нæ бæззынц. Чъизи сты нæ цæсгæмттæ, хæрз чъизи.

Æзнауыр хъуыста лæгтæм æмæ хъуыды кодта: æмæ йæ адонмæ байхъусыны тыххæй дæр куы хъуыди рацæуын!

– Лæгæн йæ тæккæ стырдæр хæс – æниу, цæмæн йæ тæккæ стырдæр хæс, ныхæстæ цæуы мæнмæ дæр! – йæ иунæг хæс, йæ зыбыты иунæг хæс – йæ цæсгомы сыгъдæг хъахъхъæнын. Уымæй стырдæр хæс æвæрд ыл нæй ацы стыр дунейы. Æмæ дзы хъуамæ рох макуы уа, цæлы фынгыл куы бада, уæд дæр, æмæ йæ йæ риу джебогъы фындзмæ хæссын куы хъæуа, уæд дæр.

Æзнауыр бадти, тамако дымдта æмæ хъуыды кодта: цымæ, æцæг уырны ацы бæрзæйджын лæджы, хæдзар халын кæй бауадздзысты, уый? Фехал хæдзар æмæ йын йæ бынаты цырт сараз, бæрзонд цырт, алырдæм дæр куыд зына. Æмæ йæ кæд æцæг уырны, уæд æй цæмæн уырны, цымæ? Æви йæм мæсты у хæдзармæ æмæ йыл йæ маст калы? Нæ, уæддæр ын йæ ныхасмæ байхъус, уæд йæ зæрдæ дары цыма, цы дзуры, ууыл. Æмæ уый хорз у – зæрдæ дарын. Стæй, æвæццæгæн, афтæ у, æмæ дæ зæрдæ тынгдæр куы дарай, уæд хуыздæр æрцæудзæн, дæ зæрдæ цæуыл дарай, уый. Æмæ, æвæццæгæн, цæуы, лæг йæ зæрдæ цæуыл дара, уый. Куынæ цæуид, уæд ма йæ зæрдæ дарид лæг? Æвæццæгæн, нал дарид уæд йæ зæрдæ.

– Уæдæ! Уыцы ран цырт ныццараз, дзæбæх цырт, уазæгæй нæм чи цæуа, уый фыццаг уырдæм куыд цæуа, цыртыл дидинджытæ куыд æвæра, – загъта цыдæр уæлахизгъуызæй, бæрзæйджынмæ иннæтæй æввахсдæр чи лæууыд, уыцы лæгуынсæр лæг хъæрæй.

Бадти Æзнауыр, лæгты ныхæстæм хъуыста, афтæмæй йæ цæстытæ куы ацахсиккой: æрдæбон йæхæдæг цы дуарыл бахызт, уыцы дуарыл бамидæг и иу чидæр. Зонгæ чидæр. Гыццыл куы афæстиат уыдаид, уæд æй уайтагъд базыдтаид Æзнауыр. Фæлæ уыцы æвæстиатæй фæмидæг и. Уыцы уæззау дуар та йын куыд фегом и уыцы

иу февнæлдæй. Стæй йæ сахатмæ æркаст. Сыстад, уынгмæ ахызт æмæ, куыд фæцæхгæрмæ кодта уынджы, афтæ лæугæйæ аззад – уый Боро куы уыд! Борислав Дудуйы фырт куы уыди уый! Æмæ куыд фæмидæг и! Цæмæ дзы фæмидæг и, кæд Боро уыди, уæд?! Стæй æрзылди йæ мидбынаты æмæ фæстæмæ баздæхти бæлæсты бынмæ: кæд Боро уыд æцæг, уæд уал рацæуа, кæннод ыл искуы сæмбæла уым, уый йæ нæ фæндыд. Цыди æмæ хъуыды кодта: кæд Борислав Дудуйы фырт уыди, кæд Боро уыди, уæд цы ми кæны ПÆК-ы? Цæмæн фæмидæг и уыцы стыр дуарыл? Уый-иу институты тыргъы 'рбацæйцыди, цыма йæм кæмдæр æнхъæлмæ кæсынц; цыма йыл æрхъæцмæ нал хъæцынц кæмдæр, уыцы цыдæй-иу фæцæйцыд; йæ даргъ цæнгтæ-иу размæ нæ тылдта, фæлæ фæстæмæ; лæг загътаид, уæртæ йын дыдын йе 'рбадæнтæм бахъав-бахъав кæны, æмæ сæм куыд нæ баирвæза, уымæн афтæ тилы йæ цæнгтæ. Йæхæдæг-иу уæлиæутты каст, цыма, йæ фындзы фæрстæ куыд рæбыныл зылд сты, уый æвдисынмæ хъавыд. Æмæ-иу студенттæ кæрæдзийæн дзырдтой фæхудфæхудгæнгæ, Борислав Дудуйы фыртæн, дам, йæ фындзы хуылфыдзаума зыны.

Æзнауырæн институты иу æмбал уыди далæ фæзилæныхъæуккаг, Асыме хуынди йæ ном, æмæ, Бориславы цал хатты уыдта, уал хатты сæ хъæуккаг Боройы кой кодта. Уырыссагау нæ зыдта Боро – йæ лæджы кармæ уалæ Уæллагкомы фæцард æмæ кæм базыдтаид уырыссагау. Гъемæ уырысы æхсæн æппæты арæхдæр цы мады æлгъыст у, уый æлгъыст не 'нхъæлдта, æнæуи йæ уайдзæфы ныхас æнхъæлдта, æртхъирæн дæр кæм и, ахæм уайдзæфы ныхас. Æмæиу кæмæ фæмæсты, уымæн иу загъта: ибитвæййымад! Кæд цалдæр уыдаиккой, кæмæ фæмæсты, уыдон, уæд та – ибитвæййымæдтытæ! Æмæ-иу куы афæзмыдта Асыме уыцы Боройы, уæд-иу сæ чыр-чырæй нал æнцадысты студенттæ лæппуйæ, чызгæй. Стæй-иу кæрæдзимæ Боройы хылтæ кодтой истæй тыххæй дæр æмæ ницæй тыххæй дæр, цæмæй сæ Боройы ныхас зæгъыны сæр бахъæуа. Иу ныхасæй, Боройы номæй æввахсдæр ном нал уыди студенттæм.

Асыме та-иу дзырдта:

– Ай Боро ма уыдаид, уый мæ ницæй тыххæй бауырндзæн. Уый, мæнæ адæмы 'хсæнмæ куы рафтыд, уæд зæронды цæстæй акаст йæ коммæ æмæ йæ йæ сæрмæ нал бахаста. Уый йеддæмæ кæцæй æрцыд

ирон хæххон хæдзармæ Борислав?! Боро уыдаид æнæмæнгæй, фæлæ уын æй мах Боромæ къахдзæфтæ хъæуы!

Иухатт Гасболы хатæны бамидæг ис. Гасбол Аннæ æмæ Къостайы кой кодта.

– Аннæ Къостайы нæ уарзта. Æвдисгæ йæ афтæ дæр кæнынц, цыма йæ уарзта. Фæлæ йæ нæ уарзта, æмæ уый Аннæйы аххос нæ уыд. Уый никæй аххос уыд. Уарзт хорз æмæ æвзæр нæ ымайы, кæд и уарзт, уæд. Фæлæ кæд и, уæд цыппар-фондз усы чи раивы, уый сæ куыд фæуарзы? Иуы уал дзы фæуарзы, стæй иурæстæг уымæй ахицæн вæйййы æмæ иннæйы райдайы уарзын? Цалынмæ та дзы нæ ахицæн вæйййы уæдмæ? Афтæ дæр вæйййы, бæгуыдæр: иу уарзы иуы. Фæлæ йæ уыцы уавæрты уарзы, æндæр уавæрты йæ, йæ бон у, æмæ мауал уарза æмæ æндæры бауарза.

Уым фæурæдта Гасболы.

– Уый дæр хорз, фæлæ, дам, уартæ къуыдары Нарты кадджытæ рауагътой, æмæ дæм никуы и уыцы чиныг?

– Нæй мæм, – загъта Гасбол, – æмæ дæ цæмæн хъæуы?

– Æркæсин æм, кæддæра уым та куыд арæзт цæуынц уыцы хъуыдыйæдтæ.

– Æмæ уый гуырдзиаг дамгъæтыл рацыд, уыцы чиныг.

– Гуырдзиаг дамгъæтыл? – тынг бадис кодта Борислав Дудуйы фырт. – Æмæ сын цы сæ хисты къæбæртæ ахордтой гуырдзы?!

– Кæмæн?

– Кæмæн, кæ, уыцы чиныг гуырдзиаг дамгъæтыл чи рауагъта, уыдонæн.

– Цæмæн?

– Уæдæ йæ гуырдзиаг дамгъæтыл кæдæм уагътой?

– Уæд Хуссар Иры гуырдзиаг дамгъæтыл цыди иууылдæр мыхуыр.

– Афтæ уыди? Уæд сæм Ир иронфæндаггæнгæ фæцæуæд, – тынг хъæрæй загъта Борислав. Стæй ацыд.

Уыцы хабæрттæ ауадысты йæ цæстытыл Æзнауырæн, фыны куыд ауайынц фынтæ йæ цæстытыл лæгæн, афтæ. Фæлæ йæ ардæм цы хæйрæджытæ æрбахастой? Цыма йæ мадырвадæлты хæдзар уыд, уый æвнæлд куы фæкодта дуармæ!

Уæдмæ йæ разы балæууыд иу лæппу салдаты дарæсы. Бадзырдта йæм:

– Мемæ цом.

Æмæ араст и йæ фæдыл. Дуарæй бахызти, тыргъы бауад, æмæ лæппу иу дуар бакодта. Бадзырдта йæм:

– Ахиз.

Мидæгæй, йе ‘ргом дуары ‘рдæм, афтæ бадти йе стъолы уæлхъус, Æзнаурæй бирæ хистæр чи нæ уыдаид, ахæм нæлгоймаг. Бандонмæ ацамыдта Æзнаурæн: – Сбад.

Æзнауыр æрбадти.

– Цы хабæрттæ ис Цъуйджыны? – бахудти лæг.

– Цард цæуы куыстæй аразгæ, – бахудти Æзнауыр дæр. Æнæуи афтæ исты зæгъа, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, кæцæй абадтысты йе ‘взагыл уыцы ныхæстæ – ницы йын базыдта.

Лæг æм æрбакаст, æмæ афтæ фæзынд Æзнауырмæ, цыма йын æхсызгон уыд, уыцы ныхæстæ кæй загъта Æзнауыр, уый.

– Æмæ йæ куыд аразы?

– Куыст æвзæр араза, уый гæнæн нæй.

Лæг йæхи фæстæмæ ауагъта бандоны чъылдымыл.

– Кæйдæр æмдзæвгæ куы уыди...

– Багъæраты Созыры.

– Уый дыгурон фыссæг уыд.

– Фыссæгæй дыгурон уыд, лæгæй та туаллаг уыди, Хаситæй.

– Æмæ уæд дыгурон фыссæг куыд æгъдауæй сси?

– Уым схъомыл, Дыгуры, сæ хæрæфырт уыди цыма.

– Йæхи дæр уыдоны мыггагыл ныффыста?

– О.

– Æмæ, дæумæ гæсгæ, дыгурон æвзаг æмæ ирон æвзаг æвзæгтæ сты æви диалекттæ?

– Æвзæгтæ дæр не сты æмæ диалекттæ дæр.

– Уæдæ?

– Ис иу æвзаг, ирон æвзаг, æмæ Дыгургомы йæ сыгъдæг хуыздæр баззад, æндæр ницы.

– Уæдæ цæмæн фæзæгъынц: ирон æвзаджы дыууæ диалекты?

– Нæ зонынц æмæ уымæн. Кæд ирон диалект ис, кæд дыгурон диалект ис, уæд, кæй диалекттæ сты, уыцы æвзаг йæхæдæг кæм ис? Нæй!

Æзнауыр бакасти лæгмæ – ноджы ма йæ ахæм истæмæйты куы

фæрсид. Гасболы тыххæй фæрсыны бæсты! Фæлæ уый, стъолы кæрон цы гæххæттæвæрæнтæ уыди, уыдонæй иу райста, йæ разы йæ æрæвæрдта æмæ комкоммæ бакаст Æзнауырмæ.

– Катауанты Гасболы хорз зоныс?

– Студент йæ ахуыргæнæджы цас фæзоны, уыйбæрц.

– Чи зоны, гыццыл фылдæр?

– Чи зоны, – загъта та Æзнауыр дæр.

Кæцæйдæр æмхæццæ абузæгау кодтой йæ сæры алы хъуыдытæ, æмæ йæм бадын нал цыд, æппындæр æм нал цыд бадын, нал цыд нæ, фæлæ нал фæрæзта бадын. Ныр æм уый багуыбыр уыдзæн æмæ йæм алы æмæ алы къахæн фæрстытæ дæттын байдайдзæн, æмæ йын уый та хъуамæ дзуаппытæ дætта йæ къахæн фæрстытæн. Ис æм дзуринаг – нæй йæм, уæддæр хъуамæ дзура, дзуаппытæ дæттa. Æмæ кæм ис дзуаппытæ уыйæппæт фæрстытæн?! Æмæ гæды дзуринæгтæм ма ахиза, уый гæнæн нæй. Кæндзæн гæды ныхæстæ æмæ кæндзæн, æмæ ма уæд йæ цæсгомæй исты баззайдзæн йæ уæлæ?! Æви, ам кæй зæгъай, ацы æлгъыст хæдзары, уыцы гæды ныхас гæды ныхас нæу? Нæ, гæды ныхас гæды ныхас у, кæмфæнды йæ куы зæгъай, уæддæр, æмæ дæ цæсгом чъизи кæныс дæ алы гæды ныхасæй дæр.

Æмæ уæд йæ хъустыл æрцыд уыцы бæрзæйджын лæджы ныхас, афтæ æрцыд йæ хъустыл, цыма йæ фæстæ лæууыд, æмæ-иу куыд сулæфыди, уый дæр æм хъуысти, йæ хъæлæс-иу мæсты лæджы хъæлæсы рызт куыд бакодта, уый дæр: лæгæн йæ тæккæ ахъаззагдæр хæс у – нæ, ныхæстæ цæуы мæнмæ дæр! – йæ иунæг хæс у йæ цæсгомы сыгъдæг бахизын. Стæй цæхгæр ныззылди йæ хъуыды: цымæ, цы фесты афонмæ уыцы лæгтæ?! Уым ма лæууынц æви фæцыдысты сæ хæдзæрттæм? Æмæ ма, цымæ, ацы хæдзар ныппырх кæныны кой искуы исчи кодта ацы лæгты размæ? Кодтаиккой, æвæццæгæн. Æмæ уый æвзæр нæу, кæд ма искуы исчи кодта йæ фехалыны кой, уæд. Ныр ыл куы æрæмбырд уаиккой Иры лæгтæ æд фæрæттæ æмæ æд сагæйттæ. Фыццаг уал ын йæ дуæрттæ куы рарæмудзиккой сæ фæрæттæй хъыррыстгæнгæ æмæ сæ уартæ уынджы астæумæ куы ныззыввытт кæниккой, æмæ уым уынджы хъæбæрыл дæлгоммæ куы ныффæлдахиккой уыцы стыр дуæрттæ, æмæ сæм адæм уынджы былгæрæттæй куы амониккой сæ къухтæй. Фæлæ, цымæ, сагæйтты

кой та цæмæн кодта уыцы бæрзæйджын лæг? Сагойæ халæн куы ницы и. Сагой хос æппарæн кусæнгарз куы у, уæд цæмæн хæссын кодта сагæйттæ? Фæлæ-иу уæд паддзахы заманы йе 'лдары ныхмæ чи растади, уыдон-иу сагæйттыл цæмæн ныццавтой сæхи?! Кæд лæбурæн дзаума нæу сагой, уæд?! Æвæццæгæн, æвзæр лæбурæн дзаума нæу сагой дæр, нæ. Стæй хорз фидауы, лæбургæ чи кæна, уый къухы!

– Хъусын дæм. Чингуыты кой-иу фæкодтат, фæкастыстут-иу æмдзæвгæтæ. Стæй-иу ахызтыстут чингуытæй æндæр хабæрттæм, æндæр койтæм, кæйдæр койтæм. Растдæр зæгъгæйæ-иу ды нæ ахызтæ, уый-иу ахызти, Гасбол. Æмæ-иу дын кæй койтæ æмæ цæй койтæ кодта стæй Гасбол?

– Бирæ кæйдæрты кой. Дæу æхсызгондæр цы хъæуы?

– Хицауады кой-иу кодтат?

– Кæцы хицауады кой?

– Бæстæйы хицауады кой.

– Кодтам.

– Арæхдæр-иу уæм кæй кой уыди хицауадæй?

– Берияйы кой.

– Цымæ, цы уæлдай?

– Уый уæлдай, æмæ йæ æнæ аххосæй амардтой.

– Куыд æй амардтой æнæ аххосæй?

Æмæ багуыбыр и Æзнауыр лæгмæ æмæ йын фæкодта Берияйы хабæрттæ, цыдæриддæр ын дзырдта Гасбол, уыдон. Дзургæ та йын сæ афтæ кодта, цыма хъаст кодта, Берияйы чи амардта, уыдоныл ацы лæгмæ – уыцы дзæбæх лæджы уыцы æвзæр лæгтæ кæй амардтой, уыцы хъуыддаг ын цыма йæ бæрны кодта, афтæ.

Лæг æм хъуста, ныссабыр, афтæмæй. Стæй куы банцад йæ ныхасæй Æзнауыр, уæд дæр ма бадти æмæ бадти уыцы сабыр. Æрæджиау кæддæр бафарста:

– Уыдæттæ дын иуулдæр Гасбол фæдзырдта?

– О.

– Æмæ йын æууæндыдтæ йæ ныхасыл?

– О.

– Æмæ ма кæмæн кодта уыцы ныхæстæ æндæр?

– Уымæн æз ницы зонын.

– Æмæ куыд дæ зæрдæ зæгъы, кодтаид сæ искæмæн?

– Чи зоны сæ кодтаид, чи зоны, – нæ.

– Æмæ йын ды цæмæн æууæндыдтæ йæ ныхæстыл?

– Раст мæм кастысты, æмæ уымæн.

– Æмæ дæм цæмæн кастысты афтæ раст?

– Раст кæй уыдысты, æвæццæгæн, уымæн. Раст цы уа, уый раст ма кæса, уымæн гæнæн нæй.

Лæг йæ иу æрфыгыл схæцыди, бахудти.

– Æмæ æгæр бирæ нæ зоны, уыцы Гасбол чи у, уый?

Æзнауыры зæрдæмæ нæ фæцыд уыцы фарст æмæ загъта:

– Æгæр бирæ зонæн нæй.

– Цæмæннæ?

– Цæмæннæ, цæ, адæймагæн, дам, йæ сæры магъзы гæнæнтæй хъуыды кæны æрмæст сæ цыппар проценты. Уый – æппæты фылдæр чи зоны, уыдонæн. Иннæ хай æгуыстæй джиуы.

– Джиуы?

– Джиуы.

– Уый дæр дын Гасболы дзырдта?

– Нæ. Уый мæхæдæг бакастæн, цыдæр журналы йæ бакастæн. Раджы кæддæр. Тынг бадис кодтон уыцы хъуыддагыл.

– Æмæ ныр хицауады хъуыддæгтæ афтæ дзæбæх цæмæй зоны? Фыст куы никуы сты.

– Уыдæттæ йæ ахуыргæнæгæй фехъуыста. Аспирантурæйы йын наукон разамонæг чи уыди, уымæй æмæ уый æмбæлттæй. Æрбамбырд-иу æм сты йæ ахуыргонд æмбæлттæ æмæ-иу ныхæстæ кодтой.

– Æмæ йæ куыд уагътой хъусын сæхимæ, кæд ахæм ныхæстæ кодтой, уæд?

– Æмæ растад нæ арæзтой, æнæуи-иу аныхæстæ кодтой. Стæй уыдон истæмæй тарстаиккой, уымæн æвгъау уыдысты.

Лæг йæ тъæпæн æрмттæ æхсызгон расæрф-басæрф акодта кæрæдзийыл, стæй йæ цæстытæ Æзнауырмæ сарæзта. Æмæ йæм бадзырдта Æзнауыр:

– Тамако адымын уæм не ‘мбæлы?

Лæг æнæ дзургæйæ йе стъолы лагъзæй æртхутæгдон систа æмæ йæ Æзнауыры раз æрæвæрдта.

– Куыд дæм кæсы, ныр Гасболы куы бабæрæг кæнис, йæ ахуыр-

гæнæджы мыггагæй йæ куы бафæрсис, кæм кусы, уый куы базонис, уæд æвзæр уаид?

Æзнауыр тамако дымдта.

– Махæн дæр æххуыс хъæуы, мах бæстæйы сабыр цардыл архайæм. Уыдæттæ дæуæн дзурын нæ хъæуы.

– Нæ, афтæ нæ бакæндзынæн.

– Цæмæннæ? Уым дæ дзæбæх ахуыргæнæджы фендзынæ. Чи зоны, æмæ ма дын исты зæгъынмæ хъавы, уæдæ ма йæ кæд фендзынæ – бæрæг нæу! Науæд мын хабæрттæ куы фæкодтай иууылдæр.

– Хабæрттæ дын уымæн нæ фæкодтон, æмæ сымах кæй хъуыдысты. Сæ бæсты мæ гæды ныхæстæ кæнын хъуыд, æмæ мæ мæ цæсгом нæ бауагъта гæды ныхæстæ кæнын. Стæй Гасболæй дæр æфсæрмы кодтон.

– Ома?

– Йæ зæрдæ мыл куы бахудтаид, уымæй тарстæн.

– Цæмæй дыл хъуамæ бахудтаид йæ зæрдæ?

– Гæды ныхæстæ кæй фæкодтаин, уымæй, – уый номимæ баст чи уыдаид, ахæм гæды ныхæстæ.

Лæг иудзæвгар ницыуал загъта, стæй бафарста:

– Æмæ дæм кæд æнхъæлмæ кæсы ахæстоны, уæд та?

Æзнауыр ницы дзырдта.

– Фæсмон куы кæнай уый фæстæ.

Уæд дуар куы байгом уаид æмæ дзы Борислав Дудуйы фырт куы ‘рбахизид! Æзнауырмæ афтæ фæкаст, цыма мидæмæ хизынмæ нæ хъавыд, фæлæ уæдмæ йæ гуыбын фæмидæг и æмæ йæ йæ фæдыл баласта. Æрбахизæны æрлæууыд, – йæ цæнгтæ куыд тылдтаид лæугæ-лæууын æмæ сæ йæ гуыбыныл æрæвæрдта, дзуарæвæрд сæ æркодта йæ гуыбыныл.

Лæг фестад.

– Хатыр бакæн, æз хицаумæ бауайон, – загъта æмæ Бориславы фæрсты ахызт æддæмæ.

– Кæм кусыс? – бафарста Борислав Дудуйы фырт.

– Цъуйджыны, – загъта Æзнауыр.

– Дæ куыст дзæбæх цæуы?

– Ницы йын у.

– Цъуйджыны, нæ?

– О, Цъуйджыны.

– Цæргæ дæр уым кæныс?

– О.

– Кæс-ма, куыд дзæбæх цæуынц дæ хъуыддæгтæ, æмæ ды та дæ къæхтæ ныццавтай!

– Кæм ныццавтон мæ къæхтæ?

– Цæмæннæ дзурыс уыцы лæджы мыггаг?

– Нæ йæ зонын.

– Зоныс æй.

– Нæ йæ зонын.

– Ма йæ зонай, уый гæнæн нæй.

– Цæмæннæ и уый гæнæн?

– Нæй æмæ уымæн.

 Æзнауыр бакаст Бориславмæ, йæ къухтæ йæ гуыбыныл куыд æвæрд уыдысты, уымæ. Иууылдæр сæ афтæ æвæрдæй куы дарид йæ гуыбыныл, уæд йæ цæнгтæ хæрзаг æрцæриккой! Кæннод тæригъæд не сты уыцы ратил-батилæн! Уымæй дæр ма сæ размæ куы тилид, фæлæ – фæстæмæ. Æниу ма уæд цæугæ куыд кæнид, йæ къухтæ йæ гуыбыныл æвæрд куы уаиккой, уæд? Æмæ афтæ куы зыны, йæ цæнгтæ афтæ кæй тилы, фæстæмæ сæ кæй тилы, уый руаджы цæуы размæ. Худæг у, фæлæ афтæ зыны, йæ къухтæ фæстæмæ кæй тилы, уымæй цыдæр тых æвзæры, æмæ йæ уый хæссы размæ. Мæнæ хæдтæхæджы фæстæмæ цы тых цæуы, уый куыд хæссы размæ, афтæ.

Ныр-иу æм бакаст Æзнауыр æмæ иу бахудызмæл. Афтæ йæм зынд, цыма кæмдæр быгъдæджы лæууыд, æмæ уым кæмдæр лæппутæ къахы портийæ хъазыдысты; æмæ сæ исчи йæ тых-йæ бонæй порти куы ныггуыпп кæна, порти зывзывгæнгæ куы ратæха æмæ йæ гуыбыныл йæ тъæпп куы фæцæуа, уымæй тарсти Борислав Дудуйы фырт.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу, Цъуйджыны кусыс, зæгъыс? – иу къахдзæф ракодта Æзнауыры ‘рдæм Борислав æмæ не сфидыдта йæ къахдзæф, куыд хъуамæ сфидыдтаид, йæ къухтæ куынæ атылдта, уæд?!

– О, – загъта Æзнауыр.

– Цъуйджыны, нæ?

– О.

– Уым колхозы сæрдарæй иу лæг кусы.

– Колхозы сæрдарæй иуулдæр иу лæг фæкусы.

– Нæннæ, уый хорз кусы кæмдæр, æмæ дын уый тыххæй загъын. Æмæ йыл мæ зæрды очерк ныффыссын ис. Дзæбæх очерк ыл хъуамæ ныффыссон. Тынг дзæбæх, æмæ мæ бауайын хъæуы искуы уырдæм. Чызджы афæрстытæ кодтон, фæлæ уый фаг нæу, хъуамæ йын йæхи фенон, йæ куысты йæм бакæсон хъуамæ. Чызг махмæ ахуыр кæны. Ды сæ зондзынæ, кæд уым цæрыс, уæд.

– Зонын сæ.

– Фыды дæр зоныс?

– Зонын æй.

– Чызджы дæр зоныс?

– Зонын чызджы дæр.

– Дзæбæх чызджы каст кæны, æмæ мын сæм æнæ бауайгæ нæй. Дзæбæх очерк ыл хъуамæ ныффыссон, тынг дзæбæх, – Борислав йæ къухтæй иу систа йæ гуыбынæй, иннæ уым баззад, æмæ ахъаззаджы тылд ныккодта, кæй систа, уыцы къух, стæй йыл ахæцыд æмæ йæ, кæцæй систа, уыцы ран сæвæрдта фæстæмæ. Æмæ бадис кодта Æзнауыр: цымæ, йæ къух цæмæ систа æмæ йæ цæмæн батылдта?

Уæдмæ æрбацыди хицау. Фæйнæ касты сæм бакодта, бахудти.

– Цæфтæ, гуымсытæ кæй нæ рауад уе 'хсæн, уый мын æхсызгон уыд, – стъолæй дыууæ гæххæтты райста. – Мæнæ уый дуаргæсмæ ратдзынæ, – бадардта гæххæттытæ Æзнауырмæ. – Мæнæ уый та – дæ директормæ. Куы ма нæ бахъæуай, уæд та дæм дзурдзыстæм.

Æмæ уæд йæ дыууæ къухы дæр райста йæ гуыбынæй Борислав Дудуйы фырт:

– Ам кæй федта, уый тыххæй йæ былы бынæй сыбыртт кæй никуы суадздзæн, уый тыххæй йæ къух æрæвæрæд.

## 11

Сабаз тыхсти – хъуыддаг ныддæлæ-уæлæ. Стæй та-иу ныфсытæ æвæрынмæ фæци йæхицæн: æниу дзы ахæм дæлæ-уæлæйæ дæр цы и?! Хъæуыхицау æвзарынц æмæ йæ хъуамæ æнæмæнг иу февнæлдæй равзарой?! Æмæ, дам, авд хатты абарын куы фæхъæуы, лыг кæнынмæ цы хъавай, уый – афтæ куы амоны уырыссаг æмбисонд.

Ӕнæуи цыдæр и уыцы ахуыргæнæджы ныхæсты, адæймаджы хъуыды ферхæц-ферхæц цæуыл кæна, ахæм цыдæр, фæлæ дзы хъуыддагæн ницы пайда и. Пайда нæ, фæлæ йæ ныхмæ лæууы ком-коммæ хъуыддагæн, цæсгомджындæр, дам, чи уа? Тынг бахъуыди дæ цæсгомджын ныры æнæцæсгом хицауады?!

Стæй та Росебы ныхæстæ æрлæууыдысты йæ зæрдыл – уæд æм куы ссыди, хæдзармæ йæм куы ссыди, афæрса йæ, уый та куыд зæгъы, чи хуыздæр бакусид хъæуыхицауæй?

Ӕмæ йын уый тыххæй ницы загъта, æппындæр ын ницы загъта уый тыххæй, æнæуи йын фæдзырдта цыдæртæ.

– Дис мæм кæсы иу хъуыддаг: уæд советон куыстуæтты ахъаззаг бынæттæ чи ахста, æмбырдты-иу йæ риу чи хоста, уыдон социализм аразын куыд цæхгæр фæуагътой æмæ капитализм аразынил сæхи куыд ныццавтой? Сæ цæсгæмттæ сыл куыд не ‘рлæбырынц, цы цардæвæрд сæ схъомыл кодта, уымæ сæ чъылдымтæ куыд фездæхтой! Нæ, цæсгом кæуыл и, уый афтæ нæ бакæндзæн, уым куыстмондаджы футтытæ кæн æмæ стæй ам смидæг у уыцы фут-тытæгæнгæ! Нæ, афтæ гæнæн нæй. Уыдон кæнæ уым нæ куыстой, куыд хъуыди, афтæ, кæнæ ам нæ кусдзысты, куыд хъæуы, афтæ. Капитализм! Уым хорзæй исты куы уыдаид, уæд æй нæ фыдæлтæ дзæгъæлы пырх кодтаиккой?! – уым бахудти Росеб, афтæ æнкъард худт бакодта, æмæ йæ сæрыхъуын арц сбадти Сабазæн. – Стæй, дам сын капитализм дæр куынæ у, афтæтæ куы фыссы уыцы мæскуыйаг ирон ахуыргонд лæг, цыдæр бюрократон-олигархион паддзахад сын æй куы хоны. Ӕмæ, дам, ахæм паддзахад никуы уыди дунейы, уæд æй адон куыд хъуыды æркодтой, куыд æй аразгæ скæндзысты? Стæй йæ, зæгъæм, саразтой. Уæд цы хуызæн уыдзæн уыцы бюрократон-олигархион паддзахад?! Ӕмæ диссаг у, стыр диссаг у уый: социалистон цард куыд хорз у, уый хъæргæнгæ фæцу, стыр бынаты дзы кус, стæй дæ къуди дæ сагæхты фæтъысс æмæ йæ чи фехæлдта, уыдоны ‘хсæн смидæг у æмæ йыл уырдыгæй æхсидæвтæ дыввыттытæ кæн!

«Фæлæуу, æмæ, – хъуыды кодта Сабаз, – ныры хицæуттæ иууыл-дæр уырдыгæй куы рацыдысты, æмæ уæд йæхæдæг дæр уырдыгон куы у Сабаз. Уый дæр социализм куы арæзта, райкомы куы куыста. Социалистон ерыс амидингæнæг куы уыди колхозæй колхозы ‘хсæн,

бригадæй бригады ‘хсæн! Æмæ Алаган йæхæдæг дæр уырдыгæй куы у. ПÆК-ы хицау куы уыди уым æмæ-иу уыцы æмбырдты, ПÆК-ы кусджытæ сæ цæсты гагуйау куыд хъахъхъæнынц нæ социалистон цардарæзт æддагон æмæ мидæггаг знæгтæй, уыл куы дзырдта! Фæлæуу-фæлæуу, æмæ кæд афтæ цырддзастæй хъахъхъæдтой нæ социалистон цардарæзт ПÆК-ы кусджытæ æддагон знæгтæй дæр æмæ мидæггаг знæгтæй дæр, уæд сын æй æмбойны куыд æрбайхæлдтой сæ цæстыты раз?! Куыд æй бауагътой халын? Уæдæ гæды ныхæстæ кодтой, нæ йæ хъахъхъæдтой, куыд хъуыди, афтæ?! Æмæ уый тыххæй хъуамæ ахæстоны сбадтаиккой, уыдон та стыр бынæтты сбадтысты. Уæд сæ цы цæсгомæй æрбадтысты?! Хъуамæ ссудзиккой уыцы бынæттæ сæ быны, æмæ сæ цъыбыртты сыгъд бакæниккой.

Нæ, уæддæр арæзтой социализм. Зын уыди, тынг зын, уæддæр æй арæзтой. Ныр та цы аразынц?! Фермертæ, дам, æмæ, дам, амалхъомтæ, æмæ, дам, куысты бынæттæ! Диссаг нæу?! Куыст нал и, куыстуæттæ ныффалгæрон кодтой, æмæ гыццылдæр хицау стырдæр хицауы раз балæууы: мæнæ уал æмæ уал куысты бынаты самал кодта! Æмæ уæд та кæрæдзи куыд нæ афæрсынц: куыст куынæ ис, куыстуæттæ хæлд куы ‘рцыдысты, уæд уал æмæ уал куысты бынаты кæцæй ракъахтой? Нæ фæрсынц уымæн, æмæ йæ зонынц, дымд бынæттæ сты, афтид бынæттæ. Уæдæ куыстуат нæй, куысты бынæттæ та ис? Уый комкоммæ цæстфæлдахæн ми у! Цæстфæлдахæн мийы тыххæй та-иу ахæстоны дæр баппæрстой лæджы. Ныр ахæм хъуыддæгты тыххæй ахæстоны ничи никæй æппары. Зоны уæллаг: сайгæ йæ кæны дæллаг… Фæлæ йæ нæ хъыгдары: уадз æмæ йæ сайа».

Бадти Сабаз æмæ æнхъæлмæ касти, кæд æм фæдзурдзæн Алаган. Æрæгмæ йæм кæй дзырдта, уый йын хъыг нæ уыд: æмбырды хабæрттыл фæдыл æй рахъуыды-бахъуыды фæндыди, Цъуйджыны цы æмбырд уыди, уый фæдыл. Аразгæ дзы ницы скодтой, ома дзы хъæуыхицау нæ равзæрстой, фæлæ дзы аразгæ та куыд ницы скодтой?! Уыйæппæт дзæбæх ныхас цы æмбырды фæкодтой, уымæй афтæ зæгъæн куыд и, æмæ дзы ницы сарæзтой?! Æмæ, ныр хъæуыхицау куы равзæрстаиккой, фæлæ уыцы ныхасгæнджытæ куынæ фæныхас кодтаиккой, уæд хуыздæр уыдаид? Уæд Алаган нæ хъуыр-хъуыр

кæнид, æндæр æппындæр ницæмæй уаид хуыздæр. Фæлæ Алаганы, хуыздæр цы уыдаид, уый не ‘ндавы. Уый хъæуыхицау æндавы. Уымæн æмæ хъæуæн хъуамæ хицау уа, афтæ домынц уæле, æмæ, уæле цы домой, уый Алаган та хъуамæ дæле дома. Уый у йæ куысты хиад, ууыл ифтыгъд у Алаган – уæлæмæ хъусын æмæ дæлæмæ дзурын, адæммæ. Адæммæ хъусын ын ничи бахæс кодта, æмæ сæм цæмæн хъуамæ хъуса?!

Ныр бадти Сабаз, касти уыцы адæммæ, хъуыста сæм æмæ цин кодта, æмæ Алаган кæмдæр аззади. Ныр йæ цæстыты раз лæуууыди, Бехъо кæй хуыдтой, уыцы къæсхуыртæарæзт цæрдæггомау лæг. Фыццаг æй куы федта уыцы раздарæны, уæд афтæ фенхъæлдта, ам кусы клубы æмæ, йæ хæлаф куыд нæ срыг уа, афтæ абаста сылгоймæгтæй кæйдæр раздарæн йæ уæлæ. Фæлæ уæдмæ дзурынмæ ма рацæуа, сценæйы ма ралæууа æмæ ма радзура! Нæ, фыццаг уал уыцы раздарæны дзыппæй иу стыр сырх къухсæрфæн систа æмæ дзы йæ фындз бинонbackслыг сæрфтытæ фæкодта, иу-дыууæ хатты дзы хирттытæ дæр ныккодта, мæнæ цыма адæмы размæ ныхас кæнынмæ нæ ралæууыд, фæлæ сын, фындз куыд сæрфын хъæуы, уый амыдта. Дзурын уый фæстæ райдыдта:

– Мах хъæуыхицау æвзарын нæ зонæм, мах зонæм хъæусовет æвзарын. Равзæрстам-иу совет, стæй-иу советы уæнгтæ сæхицæй иуы равзæрстой сæрдарæй. Æмæ ныр дæр афтæ бакæнæм, равзарæм совет иу-дæс лæгæй, стæй уыдон се ‘хсæнæй искæй равзарæнт æмæ, хъæуыхицау нæ, фæлæ кæд бæстыхицау уыдзæн, уæддæр æй чи нæ уадзы?!

Йæ раздарæны кой дæр сæм уыди. Чидæр æм цыдæр сдзырдта йæ раздарæны тыххæй, ома, дам, къæбицгæсы хуызæн зыныс дæ раздарæны, æмæ сæм адзырдта Бехъо дæр:

– Мæ раздарæн уадзут афтæ. Нæ йæ райхалдзынæн мæ астæуæй, цалынмæ нæ колхозон цард æрыздæха, уæдмæ.

– Бирæ дарын дын æй нæ бахъæудзæн æгæр?

– Бахъæудзæн, æмæ йæ дардзынæн. Цы бон мæ и? Стæй куыд хъуамæ бафæстиат уа искуы уый хуызæн æппæтæй æххæст цард?! Æнхъæлмæ кæсын æм бахъæудзæн, зонын æй, фæлæ уымæ æнхъæлмæ кæсын, мæнæ сывæллæттæ Куадзæны æрцыдмæ куыд фенхъæлмæ кæсынц, уый хуызæн уыдзæн – æхсызгон æнхъæлмæ каст.

Тынг æм бахъардта Бехъойы ныхас. Йæ цæстытæ бауымæл сты, уый бамбæрста æмæ фæтарсти, мыййаг, куы фæкъæртт уой йæ цæстытæ, æмæ йæ рустыл цæссыджы гагатæ куы ‘ртула.

Æмæ сыстади йæ бадæнæй Сабаз æмæ касти лæгтæм. Сыгъдæг колхозон лæгтæ – æмæ куыд цæрдзысты æнæ колхоз?! Цæрын нæ базондзысты æнæ колхоз, мæнæ ахæм лæудтытæ æмæ ахæм бæдтытæ дæр уымæн кæнынц. Сæ фæйнæ хæдзармæ дæр уымæн нæ ацыдысты, æмбырд куы фæци, уæд, æмæ кæд, колхоз кæд æрыздæхдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсынц, уæд тæригъæд не сты? Кæд ма æрыздæхдзæн колхоз? Стæй ма æрыздæхдзæн искуы? Ацы цардыл, куыдз стæгыл куыд ныххæца, афтæ чи ныххæцыд, уыдон ма дын колхоз се ‘мгæрæтты уадзынц!

Æмæ-иу цы хорз уыди уыцы быдырон станты! Кæдæм-иу афтыд, уырдыгæй-иу æй йæ къах нал хаста. Æхсæв дæр-иу баззади уым, станты. Æмæ-иу цы хуызæн кæфтытæ кодтой уым уыцы ацæргæ лæгтæ! Дыууæ сæ иугъуызон нæ ракафыдаид, алчи дæр – æндæргъуызон кафт.

Нæ, нæ, колхозон быдыр æндæр быдыр уыд, колхозон адæм дæр æндæр адæм уыдысты. Иухатт та иу станы баззад – кæд уыдоны стан уыд, далæ дæллаг быдыр кæй хонынц, уый стан, уæддæр нæ зоны Сабаз. Зæронд лæг, æвæццæгæн, стан хъахъхъæнæг уыд, скъоладзаутимæ булавкæйæ хъазыд, æмæ ма уымæй диссагдæр лæг цæмæ бакастаид? Булавкæ хъуамæ де ‘рмтты æхсæн бакæнай æмæ йæ хъазджытæй искæй æрмттæм бадарай; булавкæ ныппæрстай – нæ йæ ныппæрстай, уый хъуамæ ма зоной хъазджытæ. Ныр зæронд лæгæн йе ‘рмттæ кæрæдзимæ афтæ æнгом нæ цыдысты, æмæ-иу зыхъхъырæй æрхауди булавкæ. Скъоладзаутæ-иу æй систой æмæ-иу сæ хъазты кой кодтой. Лæг та-иу, æвæццæгæн, афтæ æнхъæлдта, булавкæ йæ къухты ис нырма, æмæ-иу уыцы стыр æрмттæ кæрæдзийыл фæлдæхтæй дардта. Скъоладзаутæ-иу куы бахудтысты, уæд-иу уый дæр ныххудти, ахъаззаджы худт-иу ныккодта. Уыцы æнæхин сыгъдæг худт æрмæст быдырон станы разæй райхъуысдзæн, æндæр зæххы цъарыл иунæг ранæй дæр нæ райхъуысдзæн.

Стæй сыстади Сабаз, стын æм нæ цыди, уæддæр сыстади, рудзынгмæ бацыд æмæ æддæмæ каст. Кæсын æм нæ цыд, æмæ дзы

уынгæ дæр ницы кодта, уæддæр каст. Алаганæн цытæ дзурдзæн, ууыл æй хъуыды кæнын хъуыд, фæлæ йæм нæ цыди ууыл хъуыды кæнын. Уыцы æмбырдмæ кæсын æй фæндыд æмæ уыцы æмбырдмæ хъусын. Æмæ уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты Таубийыл. Уыцы даргъ стъолы ныхмæ бадти æрмттæдæлармæй, йæ рæмбынкъæдзтæ стъолмæ сарæзта. Æмæ йæм бадзырдта Сабаз:

– Мæнæн афтæ куы загътой, дзырд сты демæ!

– Æз никæмæн ницы дзырд радтон. Загътой мын: ахъуыды кæн, æмæ сын загътон: ахъуыды кæндзынæн.

– Уый разымæ чи фæхъавы, афтæ уый фæзæгъы: ахъуыды кæндзынæн.

– Йæ бон у, зæгъа исчи афтæ æмæ сразы уа, фæлæ йæ бон у, æмæ ма сразы уа. Æрдæбон дæр æй загътон – мæнæн уыцы астæу нæй. Уæртæ мын скъолайы кæд цалдæр урочы раттой, кæннод мæгуыры дзæкъул ничи раккой кодта мæн йеддæмæ!

Сабаз касти Таубимæ, уыдта йын йæ лæгуын ных, æрмæст йæ ных нæ уыди лæгуын, фæлæ сæр дæр лæгуын уыд ныхы сæрмæ, цыма йæ дасгæ ныччындæуыд, уый хуызæн. Стæй, сæр йæхиуыл фæстæмæ кæм фæхæцыди, уым уыцы бæзджын бадти уыцы сау хъуын фæстæмæ лæгъз фастæй. Æмæ рахъуыды-бахъуыды кодта Сабаз: кæд йæ сæрмæ не 'рхаста уыцы, Даредзан кæй хонынц, уыимæ иу бынатмæ цæуын? Стæй, хъæлæс кæнынмæ куы 'рцæуа хъуыддаг, уæд, йæ бон у, æмæ ууыл фылдæр хъæлæсгæнджытæ рауайа, Даредзаныл, æмæ уæд йæ кады бынатæй æгады бынатмæ не 'рхаудзæн?

Уыцы хабæрттæ уæд уыдысты, æмбырды фæстæ ма иуцалдæрæй куы баззадысты, уæд; æниу иуцалдæр нæ уыдысты, дзæвгар уыдысты – уыцы даргъ стъолы алыварс æрæмбырд сты, иутæ лæугæ кодтой, иннæтæ бадтысты. Хæдзæрттæм нæ тагъд кодтой, райсом сæ кусынмæ цæуын нæ хъуыди æмæ!

«Афтæ уыдзæни, – йæхи йæ хъуыдыйыл æуууæндын кодта Сабаз, – æндæр сын уым цæуылнæ загъта, мæнæн уыцы астæу нæй. Загътаид сын, фæлæ сын нæ загъта. Уымæн сын нæ загъта, æмæ йæм хъардта сæ ныхас: хъæуыхицау! Нæ дын дæлдæр абад зæгъæг уыдзæни, нæ – уæлдæр абад зæгъæг. Фæлæ уæддæр цы дзырдимæ бацæудзæн Алаганмæ?»

Диссаг нæу, бынат кæмæ æрхауы, уый футтытæ кæнын куыд райдайы?! Мæнæ цыма бынат у, уæд футтытæ кæнынæн у! Кæнæ, лæджы чи райсы бынатмæ, уый йæ фæдзæхсгæ бакæны: мæнæ дын бынат, æмæ дзы футтытæ кæн! Лæджы-иу уырнгæ дæр нæ бакодтаид Алаганæй – ай футтытæ кæнын базона! Уыцы арæхстгай-иу æрбацæйцыд йæ куыстмæ, цыма, йæ къах истæуыл куы скъуыра, уымæй тарсти. Уыцы дзæбæх, хæрдгъуыз æмæ-иу цардгъуыз уыди. Дзурын уарзта, æмбырдты дзурын. Исты дзуринаг æм уыдаид – нæ йæм уыдаид, хъуамæ-иу йæ фæлмæн къахдзæфтæй фæцæйцыдаид ралæууæн æмæ радзурæн бынатмæ. Уæд ПÆК-ы хицауæй куыста. Æмæ тынг æнувыд уыд йæ куыстыл – афтæ æвдыста йæхи. Иухатт æм цæйдæр фæдыл бауад Сабаз æмæ йæ телефоны дзургæ баййæфта.

– Тæккæ абон–тæккæ райсом! Чи у, уый базон, кæцæй æрцыд, цы хуыйы, цæмæй хуыйы, бамбæрстай? – æвæццæгæн сæхи кусджытæй искæмæ дзырдта. Стæй аздæхти Сабазмæ: – Дæлæ Рæбыны хъæуы цавæрдæр дзабырхуыйæг æрбынат кодта фатеры кæмæдæр, æмæ йæм хъæуы лæппутæ æмбырдтæ кæнынц. Æмæ йæм цæмæ æмбырдтæ кæной хъуамæ лæппутæ, дзабырхуыйæг йеддæмæ ма исты у?! Мацы хъылма дымыныл ахуыр кæна лæппуты.

Æмæ йыл ахæм ныхæстæ кæнын фидыдта, фæлæ афтæ срæцугъ! Ай районы хицауады къантор нæу, ай удæгас хъуыдытæ ныгæнæн къантор у! Уый йыл нæ фидауы, уыйæрдыгон ныхас нæу æмæ йыл куыд сфидауа! Кæмæйдæр æй фехъуыста кæмдæр æмбырды æмæ йыл ныззезелæг и.

Хицауы бынаты дæр бынтондæр æнæнхъæлæджы абадти. Фæсивæдæн цыдæр æмбырд уыди, районы фæсивæдæн, æмæ рацыди дзурынмæ. Фыццаг аппæлдтытæ кодта фæсивæдæй, стæй дын ма ныкъкъæрцц кæна:

– Æмæ уын ныр поэты ныхæстæ, гыццыл сæ фендæргъуызон кæндзынæн, афтæмæй хъуамæ зæгъон: «Капитализм у æрыгæтты сомбон, Й‘ аразын дæр хауы сæхимæ!»

Гыццыл, дам уын сæ фендæргъуызон кæнон! Уый дзæбæх гыццыл у! Республикæйæ чидæртæ уыди уыцы æмбырды. Афтæ хорз сæм фæкаст Алаганы раныхас, æмæ къуыриййы бонмæ фелвæстой районы хицауы æмæ йын йæ бынаты Алаганы абадын кодтой.

Æмæ лæууыди рудзынджы раз Сабаз, фæлæ удæй уыди æмбырды.

Йæ цæстытæй нæ хицæн кодтой уыцы алыгъуызон æмæ æмхуызон лæгтæ. Уæддæр уый хицæн кæны цæмæйдæр уыцы ахуыргæнæджы, стæй иу цæмæйдæр нæ хицæн кæны, фæлæ бирæ цæмæйдæрты хицæн кæны цыма, æмæ йæм дзуры Сабаз:

– Дæ ныхасы цыдæр ис, адæймаджы зонд йæхимæ чи здахы, ахæм цыдæр, фæлæ дард у махæй, тынг дард, ницы пайда нын дзы ис, æмæ йæ кой кæнын дæр нæ хъæуы. Дæхæдæг ахъуыды кæн – ныр цæсгомджын чи у, ахæм лæгтæ агурынып куы схæциккам! Уыйæппæт адæмы ‘хсæн агурынæн нæ бахъæуиккам!

– Бахъæуиккам æмæ цы?! – йæ бынатæй фестади, Къæпсыр кæй хонынц, уыцы парахатарæзт лæппулæг. – Цæсгомджын агурын – уый æмбисонды куыст куы у. Чи дыл амбæла, уымæ бакæс, сыгъдæг цæсгомæй йæм бакæс, хионы цæст æм æрдар. Дæ фæрсты ахызт, йæ фæстæ акæс. О, о, фæстæ. Йæ фæстæ кæмæн акæсай, уымæн хуыздæр сбæрæг уыдзæни йæ цæсгом. Худæг у, фæлæ афтæ у. Фæстæ акæсгæйæ куыд сбæрæг уа лæгæн йæ цæсгомджын, разæй кæсгæйæ афтæ никуы сбæрæг уыдзæн. Цæсгомджын агурын – афтæ никуы уыд нырма зæххы цъарыл. Уый æнæрцæугæ диссаджы куыст у. Махмæ-иу хæхты иу кæрдæджы уидаг къахтой – кæрдæг саджы къах хуынди – иу афон ын уыди къахæн, æмæ-иу уæд къахызмæлæг нал баззади уыцы хъæуты, уыцы рæгътæ æмæ уæлвæзтæ-иу бæзбæз кодтой адæмæй – бирæ æхца йыл фыста паддзахад. Цæвиттон дзы хос арæзтой, стыр ахъаз чи уыди рынчынæн, ахæм хос. Æмæ уæд уыцы уидаг куыд агуырдтой, хъуамæ мах та афтæ агуриккам цæсгомджын лæг. Уый дæр афтæ хос у адæмæн – рынчынтæн дæр æмæ, рынчын чи нæу, уыдонæн дæр.

– Омæ дæ дзырд фæуæд, фæлæ уымæн рæстæг хъæуы, æмæ кæм и рæстæг?

– Рæстæг! Рæстæг, мах цы дзæбæх куыст кæнæм, уый куы фена, уæд йæ цухъхъайы фæдджитæ йæ роны æртъысдзæн æмæ нæ разæй агуыбыр уыдзæн цæсгомджын лæг агурынмæ. Мах кæй нæ арæм, уый дæр ссардзæн рæстæг. Уымæн йæ гæнæнтæ бирæ сты, уымæн йæ бон у, æмæ лæгæй паддзах скæна æмæ паддзахы гæркъайы хуынчъы атъысса, – зæххæй сисинаг нал уыдзæн, уымæ йæ æртæрдзæн, гъе. Нал æй хъуыды кæнут, ам нæм иу сæрдар куы уыди? Уалæ бæрзонд ран кæмдæр куыста хицауады, уырдыгæй нæм æй æрæрвыстой,

сæ колхоз, дам сын ды куынæ ракæнай размæ, уæд ничи. Йæ ном дæр æнахуыр ном уыди – Харбин. Гъемæ дын уыцы Харбинмæ хабархæссæг фæци: хъугдуцджытæ æхсыр фæдавтой! Уымæн йæ уæллаг был иуæрдæм ахæцыд, йæ дæллаг был – иннæрдæм фыр дисæй. «Куыд фæдавтой? Æмæ æхсырæн давæн куыд и?!» – «Куыд куы, грелкæ чи у, уый æхсырæй байдзаг кæн, йæ сæр ын фидар сæхгæн, куыд нæ фæкæла, афтæ, стæй йæ дæ хъæбысы арф ран бафснай æмæ йыл æдде дæ къаба æруадз!» Харбин йæ къухтæ ныццагъта, стæй мæнмæ фæцарæзта йæ цæстытæ: «Цом-ма!» Абадтыстæм йæ бидаркæйы æмæ, фермæйы фæндаг стыр фæндагмæ кæм рахизы, уым сæ разы бабадтыстæм, лæг йæ туджджыны раз куыд бабады, афтæ. Уалынмæ рацæуы автобус, раласы хъугдуцджыты. Мах рагæппытæ кодтам, фæмидæг стæм автобусы. «Алæ-ма, – дзуры хъæрæй Харбин, – йæ хъæбысы уæ кæмæн цы и, равдисæд-ма йæ!» Уым уæртæ Силиты сау чызг йæхи фæсæрхъуызой кодта: «Йæ хъæбысы нæ кæмæн цы и, уый афтæ æвдисгæ нæу». «Æз колхозы сæрдар дæн, – дзуры хицауы хъæлæсæй, – æмæ домын, цæмæй уæ йæ хъæбысы кæмæн цы и, уый равдисат». – «Колхозы сæрдар нæ, Хъарами-паддзах куы фестай, уæддæр дын уымæй ницы рауайдзæн». – «Æз уæ милицæйы балæууын кæндзынæн». – «Милицæ нæ, фæлæ нæ Сыбыры бинаг къæйыл куы алæууын кæнай, уæддæр». – «Иу хатт-ма уын зæгъын: сисут, уæ хъæбысы цытæ и, уыдон æмæ сæ мæнæ шофыры фарсмæ рæгъ-рæгъы равæрут!» Шофыр Гуыбыраты Мишкъа уыд, афтæ хъæрæй ныххудти, æмæ уæртæ Хъамагъуыз хохыл йæ тъæпп фæцыд йæ худтæн. Æмæ дзуры, йæ худын йæ хъуыры фæбад-фæбад кæны, афтæмæй: «Ам сын сæ ма æрæвæрын кæн, æз дæ мæрдты уазæг!» Æвæццæгæн, Мишкъайы худтæй æрцыди йе 'муд Харбин, йæ чъылдым фездæхта хъугдуцджытæм æмæ æддæмæ хизынмæ фæци. Йæ фæстæ рахызтæн æз дæр. Уый мын йæ гуыбын мæ гуыбынмæ æрбахаста æмæ æрбагуым-гуым кодта: «Æз сын сæ грелкæтæ æвæрын кодтон, уыдон та йæ æндæр цæмæдæр бамбæрстой».

Лæгтæ фæйнæ худты бакодтой, чи сæ æнкъард худт бакодта, чи гыццыл хъæлдзæгдæр худт, фæлæ сæ æцæг худты хуызæн никæмæн рауад йæ бахудт. Сабаз та пыррыкк фæкодта, фæлæ хъæлдзæг пыррыкк нæ рауади уымæн дæр.

– Уый уын рæстæджы митæ! – йæ ныхас балхынцъ кодта Къæпсыр. – Уартæ революцийы фæстæ цы рухс хаста æмæ йæхæдæг дæр цы рухс уыди! Стæй цæмæ æртардта адæмы – æхсыр дав! Æхсыр!

Стæй ныссабыр сты. Бадгæ чи кодта, уыдон дæр ныссабыр сты, æмæ, лæугæ чи кодта, уыдон дæр, æмæ афтæ зынд, цыма, куыд ныссабыр сты, уымæ хъуыстой.

Æзнауыр бадти æмæ хъуыды кодта, йæхимидæг хъуыды кодта, йæхицæн хъуыды кодта: уыдæттæ чъизи калынц социализмы рухс цæсгомыл, афтæмæй социализм арæзт нæма уыди. Сталины фæстæ иугай хуыссыдысты йæ фæндтæ, иугай задысты йæ нысантæ. Цас сын размæ ницыуал æнтыст, уыйас сæ сæт калдтой – гъæтт, ныр та размæдзыд социализм аразæм, стæй уырдыгæй комкоммæ куыд бахизæм коммунизммæ. Хъæр кодтой, сæ хъæр хъуысти, гуыв-гуыв кодта, зæрдæ дзы хаста. Цард та, расыг лæгау куы размæ иста йæ къах, куы фæрсырдæм, куы та – фæстæмæ. Колхозы хъугдуцджытæ та сæ грелкæтæн ног æмæ ног æмбæхсæнтæ агуырдтой. Уымæ сæ æртардтой, бæстæйæн цы æнæсæр æмæ æнæбын разамонджытæ уыди, уыдон.

Уæд базмæлыди Бехъо. Тæркк змæлд нæ бакодта, афтæ æнæуи базмæлыд, уæддæр æм аздæхтысты лæгтæ:

– Æз дæр уын хъуамæ ракæнон иу хабар. Къæпсыры ныхас мын æй æрлæууын кодта мæ зæрдыл, æмæ йыл цыма хæст у, цыма йæ дыккаг æрдæг у, Къæпсыр цы радзырдта, уымæн. Уыцы бонрæфты мæм Бæбу фæмидæг – уæд фермæйы хицау уыд Бæбу, уæртæ дуцгæ хъуццыты фермæйы хицау – ныр фыр æнæвдæлонæй кæд цæхæртæ нæ калдта! Дзуры мæм: «Сагойæ дæм цыдæриддæр цæттæ ис, уартæ сæ мах фермæмæ бахæццæ кæн. Цъына амайæм. Хъугдуцæгæй, хъомгæсæй уым уыдзысты, æмæ сагойхъуаг куы фæуæм. Аластон сæ, иу-дæс уыдысты. Æнтыдласæн махыл рацыд, авæрдтон сæ æмæ сæ баластон. Цъына самадтам, уый хуызæн дæргъæй-дæргъмæ цъына, лæг æм кæсынæй не ‘фсæсти. Хъугдуцджытæ сæ улæфæн бынатмæ бацыдысты. Æз дæр уал уырдæм бацыдтæн, æнтыдласæнмæ мæ банхъæлмæ кæсын хъуыд, кæннод мын уырдыгæй ардæм фистæгæй чи цыди! Уæдмæ æрбахызт мидæмæ Даредзан дæр, æрбадти, йæ сæр æруагъта йæ риуыл æмæ бадти. Устытæ дæр бадтысты. Æз дæр бадтæн. «Грелкæйы æхсыр цас цæуы?» – бафарста

Даредзан иуафон, йæ сæрыл не схæцыд, афтæмæй. Сылгоймæгтæ йæм уыцы æбæрæг кæстытæ æрбакодтой, стæй йæм сæ чидæр æрбакъæрцц кодта: «Дыууæ литры, æндæр цас!» Уæддæр йæ сæрыл не схæцыд Даредзан, куыд бадти, уым уыйбæрц æрхæндæг уыд, æмæ кæд, куы скæуон, уымæй не старстæн. «Æмæ ахæссут уыцы дыгай литртæ, уæхи хъуццыты догъмæ сæ бафтаут, цыхт бацахсут, стæй стырбон æрцæуы, æмæ уыцы цыхтæй чъиритæ скæнут, уæ хæдзæртты хицæуттæ сыхы хистæрты æрбахонынц, уыдон, уыцы урсрихи æмæ урсбоцъо лæгтæ, сæ худтæ сисынц æмæ кувынтæ байдайынц Стыр Хуыцаумæ, ацы сыгъдæг кувинæгтæ, дам Дын барст фæуæнт. Кувинæгтæ та сыгъдæг нæ вæййынц, давдхæццæ вæййынц, уымæйдæр кæмыты давд æмæ цыхуызæттæ давд! Цы æнæраны рæтты давд! Арв куыд нæ ныннæры æмæ гуыппытæ кæнын куыд нæ сисы уыцы чъириты дæр æмæ уыцы кувæг лæгты дæр! – йæ сæр ныттылдта Даредзан æмæ банцади. Иугыццыл ма абадт æмæ æддæмæ ахызт. Æмæ ныггуыппæг и хатæн, афтæ ныггуыппæг и, æмæ дзы тæрсын байдыдтон – уый, æвæццæгæн, сылгоймæгты æгуыппæг уыд, æмæ æндæрхуызон æгуыппæг уыд. Æмæ ахызтæн æз дæр Даредзаны фæдыл. Æдде лæууыд, мидæгæй бадгæ куыд гуыбырæй кодта, афтæ гуыбырæй; æмæ æз бамбæрстон, уыцы ныхæстæ кæй загъта хъугдуцджытæн, уый йын куыд зын уыди, уый. Уый гуыбырæй лæууыд, æз дæр багуыбыр дæн, æмæ афтæ зынд, цыма кæмдæр нæ быны зæххы цыдæр хæлынмæ хъавыд æмæ, кæд фехæлдзæн, уымæ æнхъæлмæ кастыстæм. Уалынмæ фыццаг хицæн футтытæ фæцыд мидæгæй, стæй дын ма баиу уа се ‘мбу æмæ æддæмæ ма рабырса судзгæ-уыраугæ. Æз фæтарстæн, мæхиуыл дуары ‘рдæм бахæцыдтæн. Уый мын мæ цонгмæ бавнæлдта: «Бауадз сæ».

Æмæ ныссабыр сты лæгтæ, æмæ сын цыма ноджыдæр куы ныссабыр уой, умæй тарсти, уыйау ма бафтыдта йæ ныхасмæ Бехъо:

– Уæдæй фæстæмæ грелкæйы кой нал æрцыд нæ колхозы.

Сабаз нал фæрæзта лæууын, стæй йæм рудзынгæй кæсын дæр нал цыд. Æмæ раздæхт. Йе стъолы цур æрлæууыд æмæ ахъуыды кодта: æвæццæгæн, искуыдæм цæуынил фæци Алаган, уæдæ йæм куыд æрæгмæ дзуры! Æмæ уæд, фыццаг йæ хъæр фæцыд, стæй та йæхæдæг алæууыд йæ разы уыцы лæг. Йæ цыбырдым къандзолы

тæрттæ – ихсыдтытæ, йе ‘фцæггот сфæскъæуттæ ис, ранæй-рæтты йæ урс мидæггаг разынди. Æнахуыр уæззау тъæпæн лæг, цыма хырхы хъæд уыди, дыууæрдыгæй фæрæтæй кæй æрцамадтытæ кодтой, ахæм хырхы хъæд. Æмæ хъæр кодта йæ хырхыргæнаг хъæлæсæй:

– Саразут нын нæ колхоз, куыд нын æй фехæлдтат, афтæ, кæннод уæ искæй хæдзарыл арт бандзардзынæн, стæй уадз æмæ паддзахауыгъды фæуон!

Касти йæм Сабаз, йæ цæсты ахадыдта, æмæ ма йæм кастаид Сабаз, фæлæ уæд дуар байгом, æмæ Алаганæн йæ ныхас йæ разæй фæци.

– Цæй цы, равзæрстат хъæуыхицау Цъуйджыны?

– Нæ развæрстам, – йæ сæр батылдта Сабаз, – нæ нын бантыст.

– Ардæм байхъус. Ис, фыст чи нæу æмæ фыст чи нæ уыдзæн, ахæм хъусинаг: хъæуыхицау дæр æмæ иннæ хицæуттæ дæр хъуамæ уой, йæ къухы дæр исты кæмæн ис æмæ йæ къуымы дæр, ахæмтæ. Гъеныр бавдæл, æмæ уыцы ныхас дæ зæрдыл дар æмæ афтæмæй агур хъæуыхицау.

Афтæ загъта æмæ федде и Алаган. Бæрæг уыди: тагъд кодта кæдæмдæр. Сабаз лæугæйæ баззад гом дуары фарсмæ, æмæ, цыма дуаримæ лæууыд, афтæ зынд. Æмæ загъта, цыма дзургæ дæр дуаримæ кодта, афтæ:

– Уым – цæсгомджын, ам – бонджын. Фæлтау цæсгомджын куы уыдаид, бонджын йæ бон калы.

*Уыдзæн ма*

# ХÆСТАРЫД БАЗЫРТÆ



Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райгуырæн зæххы сæраппонд сæ цард радтой æртиссæдз ирон фыссæджы. Чи нæ зоны, зæгъæм, Калоты Хазбийы, Кочысаты Мухарбеджы, Елехъоты Мураты æмæ иннæты. Хъыгагæн, уыцы æвзонг поэтты зарæг аскъуыд æрдæгыл. Фæлæ сæ нæмттæ баззадысты ирон литературæйы, сæ зæрдыл сæ дарынц нæ адæм дæр.

Æрæджы ма уыцы номхыгъдыл бантыст иу ном бафтауын. Национ телекомпани «Осетия-Ирыстон»-ы бацæттæ кодтам документалон ныв «Хæстарыд базыртæ», 85 азы æбæрæг чи уыд, уыцы æдзард поэт Бырнацты Ахмæты тыххæй.

Бырнацты Ахмæт райгуырд Нары 1923 азы. Фæстæдæр сæ бинонтæ ралыгъдысты Къостайыхъæумæ. Ам Ахмæт каст фæци астæуккаг скъола æмæ бацыд Ирон театры студимæ актеры дæснйадыл ахуыр кæнынмæ.

Куыд сбæрæг, афтæмæй йæ поэтикон уацмыстæ мыхуыргонд никуы уыдысты, фæлæ сæ Ахмæт бæллыд хицæн чиныгæй рауадзынмæ. Сæргонд дæр ын æрхъуыды кодта – «Æвзонг хъæлæс». Фæлæ йын Фыдыбæстæйы Стыр хæст йæ фæндтæ фехæлдта. Æстдæсаздзыд цардмондаг лæппуйæ ацыд тохы быдырмæ æмæ æбæрæгæй фесæфт. Йæ къухфыстытæ йын стыр хæзнайау бахъахъхъæдта йæ хотæй иу. Арф æмæ сæ бæстон æфснайдæй йæ царды кæронмæ фæдардта сæ хæдзары. Уыцы курдиатджын поэты ном кæдмæ æбæрæг уыдаид, уый нæ зонын. Фæлæ, Хуыцау хорз, æмæ æрæджы йе ʻмдзæвгæтæ бахаудысты хæдахуыр поэт Фидараты-Плиты Эльзæмæ. Уый сæ ратæлмац кодта уырыссаг æвзагмæ. Стæй мæм сæ равдыста, æркæс-ма сæм, зæгъгæ.

«Ирон поэзийы æнæмæнг хъуамæ сæрттива Бырнацты Ахмæты стъалы дæр», – загътон мæхицæн æмæ йын йæ уацмыстæ фæхæццæ кодтон, æмбæлгæ аргъ сын чи скодтаид, уыдонмæ. Абон мæ стыр бузныг зæгъын фæнды нæ номдзыд хистæр поэттæ Хуыгаты Сергей

æмæ Дзасохты Музаферæн, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар Хозиты Барисæн, фыссæг Булкъаты Игорæн, поэт Касаты Батрадзæн, журналист Гасанты Валерийæн. Уыдон нын раргом кодтой Бырнацты Ахмæты поэзийы æууæлтæ, йæ уацмысты хъæздыгдзинад æмæ ахадындзинад. Стыр бузныг мæ зæгъын фæнды Цæгат Ирыстоны адæмон артист, ЦИПУ-йы театралон аивады кафедрæйы доцент Ælбегаты Аланæн. Уый зæрдиагæй бакуыста йæ студенттимæ, бацæттæ кодта æмдзæвгæтæ, æмæ сæ аив бакастысты. Афтæмæй, кæй зæгъын æй хъæуы, зæрдæйыл тынгдæр æмбæлынц. Иумæйаг куысты фæрцы Бырнацты Ахмæты ном нæ Иры дзыллæйыл кæй азæлыд, уый мæ зæрдæйæн æрхаста стыр циндзинад. Нæ документалон нывы кæрон æз дæр бакастæн Бырнацты Ахмæты æмдзæвгæтæй иу.

## ФЫН

Ныттар и æрдз... Уад ниудта дардыл,
Фæлдзæгъдæн кодта, уарыд мит.
Ыздыхуыз мигъ ысбадтис арвыл,
Нæрыдис кæмтты, кодта ‘хситт!

Фынæй кæнын... Мæ цæсты тарыл
Ныдзæвы фын, кæсут-ма, кæс!
Уæлиау уым хъуынтъызриу арвыл
Тахт уады ныхмæ стыр цæргæс.

Йæ базыртæ – домбай. Уæрæхыл
Уый уадæн акодта хъæбыс.
Уый ахуыр у егъау гæрæхтыл, –
Фылдæр æм уæд æрцæуы ныфс.

Ацы æмдзæвгæ хуымæтæджы нæ равзæрстон. Ахмæт йæхæдæг дæр уыцы цæргæсау бæргæ ныфсджынæй стахти поэзийы арвы тыгъдадмæ, фæлæ йын цыфыддæр хæст йæ базыртæ басыгъта. Æниу цæргæс уæддæр цæргæс у! Йæ ном нæ фесæфт æмæ ныраей фæстæмæ цæрдзæн ирон поэзийы, ирон литературæйы историйы.

*ТЕДЕТЫ Индирæ,*
*тележурналист*

*БЫРНАЦТЫ Ахмæт*

# ÆВЗОНГ ХЪÆЛÆС

*«Уадз, дард нæрæд сæрибар цардыл*
*Æдзух поэты 'взонг хъæлæс...»*

## ÆЗ АБОН ФÆЗЫНДТÆН МÆ РАЙГУЫРÆН ХЪÆУМÆ

Æз абон фæзындтæн мæ райгуырæн хъæумæ.
Кæм ма уыд ныккалæн мæ зæрдæйы цин!..
Мæ цæстæнгас ластой нæ хæхтæ сæхимæ,
Тæмæнтæ сыл калдта рæсугъд хурзæрин.

Бæрзонд арвыл мигътæ лыгъдысты фæйнæрдæм,
Ныссабыр ис æрдз дæр, фæирддæр ис бон.
Æрмæст ма хъæргæнгæ ызгъордта дæлдæрты
Йæ комы фынк калгæ, хæлхæлгæнгæ дон.

Æз дардæй фæлгæсыдтæн не стыр Хъæриумæ,
Ам ме 'взонджы бонтæ æрвыстон кæддæр,
Фæлæ-иу дзы цинад нæ цыди мæ риумæ,
Æрмæст-иу дзы хъуыстон нæ урс дæтты хъæр.

Зын тухи, зын куыст-иу ам кодтой хæххонтæ,
Бынмæ-иу лæдæрстис цæстысыгау дон.
Кæд-иу кастис арвæй сыгъзæрин рæсугъд хур,
Уæддæр-иу нæ тавта мæгуыр лæджы бон.

Æз дæр ам фыййауæй мæ бонтæ æрвыстон,
Фæлæ дæ нæ фауын, мæ ницæйаг цард.
Мæ райгуырæн бæстæ, мæнæн ды мæ ныфс дæ,
Дæуыл у, мæ хъæубæстæ, абон мæ зард.

## МÆ БÆСТÆ

Хъæздыг хæхтæ, рæсугъд бæстæ,
Бæллиццаг та – нæ цард.

Бæркадджын зæхх, цъæх уæлвæзтæ,
Сымахыл у мæ зард.

Æз райгуырдтæн фыцгæ дуджы,
Нæ дæн тæрсаг, уæнгмард.
Нæ цины кой нæ зарæджы
Нæ фæзтыл хъуысы дард.

Мæ уарзон дæ, мæ рухс бæстæ,
Мæ фыд дæ ды, мæ мад!
Æнæкæрон – дæ къабæзтæ,
Уæлахизау – дæ кад!

Рæсугъд хур дæм рæсугъд тынтæй
Куы рауадзы зæрин,
Уæд хъæлдзæгæй рæсугъд фæзтæй
Фæхъуысы дардмæ цин.

Рæсугъд бæсты сæрибарæй
Цæмæн дæн æз æнкъард?!
Кæд рухс бæсты уæгъдибарæй
Æрвитын æз мæ цард.

Æвзонг риуы, зон, хъæлдзæгæй
Ыссис уым цинæй мал.
Кæсут-ма, ныр рæвдыд хурæй
Куы ссис мæ зæрдæ хъал.

Рæвдыдæнгæс, о хурзæрин,
Дæуыл у, зон, мæ зард.
Нæ рухс бæсты нæ царды цин
Æнхъæвзы фæзтыл дард.

Фыр цинæй та, нæ рухс бæстæ,
Цæй,  бахуд ды фæрнæй.
Зон, зарын дын мæ зарджытæ
Æз цинимæ хъæрæй!

## ИЗÆРЫГОН ХÆХТЫ

Бæрзонд хæхтæ ныгъуылынц тары,
Ныссабыр æрдз, æрмæст ма дон
Йæ зарæг кæмтты рог ныззары,
Хæхбæстæн уый зæгъы хæрзбон.

Ыссæнды кæмтты дон, уый дардмæ
Фæдисонау æдзух тындзы.
Йæ фæндаг ам уæрæхæй дары,
Фæйлаугæ дурты 'хсæн фыцы.

Ыссæндгæ кæмтты уай, цæй, дардмæ,
Дæ зарæг арф фурдмæ фæхæсс!
Æз зонын, хъусын дын дæ зардмæ,
Кæй дæм ис ног тыхы хъæлæс.

*9 июнь, 1941 аз*

## ÆЗ УАРЗЫН ДÆУ, МÆ ХУРЫ ХАЙ

Æз уарзын дæу, мæ хуры хай,
Сæрибар царды 'хсиды цард.
Дæуыл у, зон, рæсугъд чызгай,
Мæнæн мæ цины уарзон зард.

Бæрзонд цъæх арвæй худы мæй,
Йæ рухс тынтæ дæумæ нывæнды,
Мæйрухс æхсæвы мæн фæрнæй
Дæуимæ бадын уæд фæфæнды.

Æз уарзын дæу, мæ хуры хай.
Сæрибар дуджы ма у 'нкъард.
Мæнæн мæ цины уарзон зард
Дæуыл у, зон, рæсугъд чызгай.

*1939 аз*

## ЦÆР, КЪОСТА, ÆНУСМÆ!

Райхъал у, о Къоста, азар дæ зарджытæ,
Талынг налат дуджы ссардтай мæлæт.
Райдзаст рæсугъд бæстæ нал домы хъарджытæ,
Нал кæнынц сидзæртæ фидæныл мæт.
Не ‘хсæн уæндонæй цæрдзынæ æнусмæ,
Сæрибары уарзтай ды кадæй фылдæр.
Сидзæрты кодтай ды талынгæй рухсмæ,
Ды мæгуырты сæрыл лæвæрдтай дæ сæр.

Цинад нæ зæрдæты абон – æгæрон,
Худы, кæс,  уæртæ дæ райгуырæн Нар.
Мастад нæ риутæм нæ цæуы æмгæрон,
Нал кæнынц цæстытæ ргбонтау тар.

*23 январь, 1941 аз*

## ДÆ АИВ УЫНД

Кæд-иу мын уарзонæй, уæндонæй
Ды райсай хъæлдзæгæй мæ къух,
Лæудзæн дæ аив уынд бæстонæй
Мæнæн мæ зæрдæйы æдзух.

## МÆЙДАРЫ

Арвæй рухс мæй нал æрттивы,
У мæрдон æхсæвау раст.
‘Рмæст ма Терчы зарæг ивы
Тар ‘хсæвы сабыр каст.

## ЭЛЕГИ

Кæд искæдбон рæхджы æдзардæй
Ныхгæна тар ингæн мæ риу,
Кæмæн ис цырт сæрибар цардæй,
Фæндараст уæд, фæсмон ын циу?

Нæ зонын, нæ, мыййаг, кæд искæй
Элегитæ фæнды фыссын...
Æз та мæ ницæйаг рæнхъыты
Мæ зæрдæйæн йæ конд хæссын.

*30 ноябрь, 1940 аз*

## ХÆСТ

Ныббырста знаг – фашист – нæ ныхмæ,
Цæмæй ныл уа ныр сау къæлæт.
Цæйнæфæлтау йæ маргджын дзыхмæ
Мах бахауæм, фæлтау – мæлæт!

Нæ рухс Цæдис ныззылди дардыл,
Ам кусæг лæг нæ хæссы уаргъ.
Æрфæндыд сæ сæрибар цардыл
Æрæвæрын сæ маргджын къах.

Нæ уыдзæн уый! Ныр та уал хæсты
Фашистон цæфтæй згъоры туг.
Æрцæудзæни та тагъд нæ бæсты
Рæсугъд æмæ сæрибар дуг.

Ныббырстой фидиссаг лæгмартæ
Нæ гуырæн бæстæм махæн 'васт.
Æз сидын уæм, нæртон хъайтартæ,
Цæмæй æрцæуа не знаг саст!

*27 июль, 1941 аз*

## ЦЫРДДЗÆСТÆЙ ЛÆУУ!

Цырддзæстæй лæуу, дæ хæцæнгæрзтæ
Æдзух æргъæвдæй дар,
Цæмæй нæ уарзон фыдыбæстæм
Фашист нæ дара бар.

Дæ болат кард, цæй, тагъддæр ма
Дæ астæуыл æрбæтт,
Цæмæй фашист дæ джебогътæй
Ыссара тагъд мæлæт.

Æрра куыдзау æнæсцухæй
Лæбуры нæм æдзух.
Цæттæйæ лæуу, æндон къухæй
Нылвасæм ын йæ хурх.

*1941 аз*

## ДЗЫНАЗГÆ ЙЫЛ МА КÆН

Дзыназгæ йыл ма кæн – ингæнмæ фæцыд,
Йæ зæрдæ йæ риуы ныттар и.
Уый дзыллæты астæу сæрибармæ цыд,
Ныр абон уый не 'хсæны нал ис.

Мæрдон хуыз æвдисы йæ ингæн æдзух,
Уым цъиутæ сæ зарджытæ зарынц.
Æвзонг азты лирæ нæ уыдзæни цух, –
Йæ зарджытæ зæрдæты хъарынц.

Лæууынц ныр йæ хъама, йæ чиныг бæстон
Йæ ингæны уæлæ æнкъардæй.
Хæрзбон у æнусмæ, сæрибар хæстон,
Фæхицæн дæ тухийаг цардæй.

*4 сентябрь, 1941 аз*

## САБИТЫ ЗАРÆГ

Райдзаст махæн у нæ цæрæн,
Хур нæм мин цæстæй кæсы.
Рæзгæ ног æндон фæлтæрæн
Амонд цинтимæ хæссы.

Мæнæ сабитæ цъæх нæууыл
Хъазынц, рухс хур сæм æркаст.
Райдзаст цъæх фæзæй сæ хъæуыл
Зæлы сабиты цъæхахст.

Фалдæр ‘нусон Терк æзгъоры,
Хойы цъæх дуртыл йæ сæр,
Æмæ сабиты уый хоны
Хъæлдзæг амондджын фæлтæр.

Абон худы райдзаст бæстæ,
Хур йæ мин цæстæй кæсы.
Дымгæ цинады хъæлæстæ
Ирдгæ алырдæм хæссы.

*19 мартъи, 1939 аз*

# ӔНКЪАРӔНДЖЫН ПОЭЗИ

Дидинæг рафтауæг уалдзæг йæ фыццаг дыргътимæ адæймаджы зæрдæйы цы цин æмæ ныфсы æнкъарæнтæ бауадзы, ахæмтæ мыл бафтыдтой цардхъуаг, бынтон æрыгон Бырнацты Ахмæты æмдзæвгæтæ.

Йæ миддунейы сыгъдæг æмæ æвзонг хъæлæс хъуысы йæ алы рæнхъ, йæ алы дзырдæй дæр. Йæ æрыгон кар, йæ хæрз цыбыр царды дзырдаивадæй йæ бон равдисын баци йæ курдиаты арф уидæгтæ. Хиуылхæцгæ, уæздан ирон лæппуйæн куыд æмбæлы, афтæ арæхстджынæй, аив дзырдæй пайдагæнгæйæ, æвдисы йæ уарзондзинад:

Кæд-иу мын уарзонæй, уæндонæй
Ды райсай хъæлдзæгæй мæ къух,
Лæудзæн дæ аив уынд бæстонæй
Мæнæн мæ зæрдæйы æдзух.

Æрыгон поэт арф æнкъары бæстæйы, дунейы уавæр. Йæ иу æмдзæвгæйы, цыма æгас дзыллæйы дæр фæдзæхсгæ кæны, уыйау абоны хуызæн хъуысы йæ сидты хъæлæс:

Цырддзастæй лæуу, дæ хæцæнгæрзтæ
Æдзух æргъæвдæй дар,
Цæмæй нæ уарзон фыдыбæстæм
Фашист нæ дара бар.
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Æрра куыдзау æнæсцухæй
Лæбуры нæм æдзух.
Цæттæйæ лæуу, æндон къухæй
Нылвасæм ын йæ хурх.

Йе ’ппæт æмдзæвгæтæ дæр сты зæрдæмæхъаргæ, æнкъарæнджын.

*КАСАТЫ Батрадз*

# СТЫР КУРДИАТ ÆВДИСÆГ РÆНХЪЫТÆ

Ис ахæм поэттæ, се ‘мдзæвгæтæ, цардæй куы ацæуынц, уымæй бирæ фæстæдæр кæмæн рабæрæг вæййынц. Æмæ адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма æгас дунемæ йæ фæзынд байрæджы кодта æнæхъæн æнус. Уымæн, æмæ нæ ахæм поэты алы æмдзæвгæ дæр ног цæстæй ракæсын кæны нæ дугмæ, цыдæриддæр дзы ис хуыздæрæй, уыдонæй нæ равзарын кæны нæ адæмæн æмæ нæ Райгуырæн бæстæйæн ахъаззагдæр миниуджытæ.

Бырнацты Ахмæтмæ ацы ныхæстæ æххæстæй хауынц. Абонмæ йæ кæй нæ зыдтам, уый мæм диссаг нæ кæсы, фæлæ æнкъарын, йæ уæздан аивадон цæхæр, ныр æй куы нæ базыдтаиккам, уæддæр æнæмæнг сæрттывтаид æмæ уыдаид стыр ахъаз адæмæн. Раст ахæм тых змæлын кæны дун-дунейæн йæ уагæвæрдтæ, мæнæ, зæгъæм, биологон хуызты бирæ кæныны уаг æй куыд змæлын кæны, афтæ.

Бырнацты Ахмæт, хъыгагæн, йæ курдиатæй махæн цы ныууагъта, уымæй бирæ фылдæр ахаста йемæ мæрдтæм. Цы гæнæн ис, царды арæх æмбæлæм ахæм уавæрыл дæр…

Уарзондзинадæй йедзаг лирикон æмдзæвгæтæ радгай ивынц философон этюдтæ. Уынæм, æвзонг лæппу зæрдæскъæфт кæй фæци йæ Райгуырæн бæстæйы рæсугъддзинадæй æмæ йе ‘нкъарæнтæ гæххæтмæ куыд хаста, уый. Фæлæ æцæг поэты нысанæвæрд æрмæст уый мидæг нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, уарзондзинад поэзийæн æхсызгон змæлынгæнæг æнкъарæн у. Фæлæ йæ адæмы бæллицтæ æмæ тырнæнтæ дæр хорз зыдта Ахмæт. Кæд дæ аивад, демæ фæрсæй-фæрстæм чи цæры, уыдонæн ницы дæтты, уæд ницæйаг у, уæлдайдæр, сæрибардзинадыл кæнæ ирон цардыуагыл ныхас куы цæуа, уæд. Æмæ уый дæр хорз æмбæрста Ахмæт.

> Не ‘хсæн уæндонæй цæрдзынæ æнусмæ,
> Сæрибары уарзтай ды кадæй фылдæр.
> Сидзæрты кодтай ды талынгæй рухсмæ,
> Ды мæгуырты сæрыл лæвæрдтай дæ сæр.

Афтæ фыссы Къостайыл, æмæ йын аивæй æвдисы йæ фæлгонц. Махæн та æмбæлы Бырнацты Ахмæтæн йæхи фæлгонц банкъарын, йæ поэтикон рæнхъытæ йын кæсгæйæ…

*БУЛКЪАТЫ Игорь*

АГЪНАТЫ Гæстæн

# ЗÆРОНД ЛÆДЖЫ МÆЛÆТ

*Радзырд*

Ох-х, ох-х, – ныуулæфыд, ныууынæргъыдта зæронд Елдзарыхъо. Хуыссæг, хуыссæг та йæм æмгæрон нæ цæуы. Æмæ йын фыццаг æхсæв у ахæм? Сахуыр афон нæма у? Ох-х, ох-х... Адæймаг цæуылдæрты нæ ахуыр кæны, æндæр… Цал æмæ цал æгъуыссæг æхсæвы арвыста? Лæг куы базæронд уа, уæд… Иуæндæс æмæ цыппарыссæдз азы... Куыд агæпп ластой, куыд? Азтæ цæстыты фæныкъуылд фестадысты. Æрыгон ма куы уыд, уæд йе уæнгты уæз не ʻнкъардта. Уыдон уæнгтæ нæ уыдысты, фæлæ базыртæ. Æмæ хъуыды кодта: цæрæнбонты афтæ уыдзæн, маргъау пæр-пæр кæндзæн. Фæлæ нæ – азтæ сæ кæнон кæнынц, рæстæг никæмæн хатыр кæны, тæригъæд нæ зоны. Дæ къæхтæ зæххæй тыххæй тон, дæ фæстæ сæ лас, лæдзæджы æнцæйтты цу, цалдæр къахдзæфы акæн æмæ та, цыма хох рафæлдæхтай, афтæ аулæф. Нæ! Елдзарыхъойæн цалынмæ йæ цæстытæй рухс кæла, уæдмæ йæхи не ʻруадздзæн. Нæма амард! Æгас ма у!

Ох-х, ох-х. Æмæ куыд хъуамæ уына Елдзарыхъо адджын фынтæ? Дуне бабын. Адæм фесæфтысты. Ахæм диссаг ма уа? Сæ хъæуыхицау, ныр æй цы хонынц? Глава… Глава местной… местной администрации. Æмæ йæ цыфæнды дæр хонæнт. Уый, сæ хъæуыхицау, Мырзабеджы фырт, дам, зæронд уæлмæрдтæ ауæй кодта. Оу, мæнæ царциаты диссæгтæ! Уый та куыд? Уымæн уæвæн куыд ис? Зæххыл чи нæма æрцыд, ахæм диссаг! Сæ хъæуыхицауæн ма уæйгæнинаг зæронд уæлмæрдтæ баззад? Тагъд цъититæ æмæ айнæг къæдзæхтæ дæр ауæй кæндзысты. О Мырзабеджы фырт, гормон фæуинаг, ирон лæджы номæй дæм куы дзурынц, Хъазыбег, зæгъгæ, уæд дæ сæрмæ цытæ хæссыс? Ахсæн гарна у, æхцайæ бафсис нæй. Æви бынтондæр æфсарм нал и? Кæд уый æцæг у, Мырзабеджы фырт зæронд уæлмæрдтæ æцæгæй ауæй кодта, уæд… гъа, æфсарм мауал зон, фæлæ Дунесфæлдисæгæй уæд та фæтæрс. Уæвгæ, асфальтыл чи схъомыл, уыдонæн Хуыцау дæр æмæ зæд дæр нæй. Дуне фесæфт. Адæм адæм нал сты.

Зæронд лæг йæхимидæг базмæлыд. Исты хуызы куы ʻрбабон уаид.

Нæ. Нал бафынæй уыдзæн. Елдзарыхъо йæ хуыссæны рабадт. Сыстын хъæуы, райсом раджы чи систы, уымæ амонд кæсы. О! О! Иуæндæс æмæ цыппарыссæдз азы кæуыл цæуы, уымæн нырма йæ цард разæй и, уымæ амонд кæсы. Фæстаг дыууæ-æртæ азы бынтондæр ныггуыдзæг. Фос ма йæм куы уыд, уæд бар-æнæбары змæлыд. Дæ бон ницыуал у, уæд амæл, уый æппæтæй хуыздæр у бæргæ, фæлæ алцы дæр Хуыцауæй аразгæ у, æмæ Йын табу уæд.

Дысон, сæ хъæуыхицау сæ зæронд уæлмæрдтæ ауæй кодта, уый куы фехъуыста, уæд сагъдауæй баззад. Уый та куыд? Уымæн уæвæн куыд и? Уый… Кæд цыдæр дам-думтæ... Нæ! Нæ йæ уырны. Мырзабеджы фыртæн йæхи фенын хъæуы. Ам ын æртæуæладзыгон хæдзар, æрттивы, цæхæртæ калы, хæрдмæ фæцыд. Хъæуы, комы хуымæтæг цæрджытæй уыцы хæдзары къæсæрæй ничима бакаст, стæй, æвæццæгæн, никæд ничи бакæсдзæн. Чи сты? Цæмæн æй хъæуынц? Районы æмæ горæты хицауад – æндæр хъуыддаг. Хъæздыг, бонджын адæм – æндæр хъуыддаг. Уыдонæн дæр сæ цуры исты æрæвæры æви нæ, Дунесфæлдисæг – йæ зонæг. Кæд исты фынг саразы, уæд ыл, æвæццæгæн, ризæг бахæцы, æвæццæгæн, йæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц, æвæццæгæн, цал сомы схардз кодта, уыдон мин æмæ мин хатты банымайы. О, цы рæстæг цæрæм, цы?!. Адæм, кæм стут? Адæм цы фестут?

Елдзарыхъо, сæ хъæуыхицаумæ дзæгъæлы цæуы, уый зыдта. Æхсæв йæ галуаны кæд баззайы? Æмæ цæмæн баззайа æхсæв ам? Дзурынц, горæты, дам ын цалдæр – дыууæ æви æртæ – хæдзары ис! Æвæццæгæн, ног хæдзар аразы, æхца йын нæ фаг кæны, æмæ зæронд уæлмæрдтæ уымæн ауæй кодта. Æмæ йæ цас хъæуы, цас? Адæймаг афтæ зыд цæмæн у? Бæрц цæуылнæ зоны?

Зæронд лæг йе змæст, йе 'лхынцъ хъуыдытимæ Мырзабеджы фырты галуаны цур æрлæууыд. Дуарыл бахæцыд. Ай-гъайдæр, æхгæд у. Дзæнгæрæгдæттæны къоппа нылхъывта. Цалдæр хатты. Ничи йæм ракæсдзæн, уый зыдта, фæлæ уæддæр… Æмæ уæд йæ лæдзæгæй дуар барджынæй ныххоста. Нæй, ничи йæм ракаст. Хæдзары хицау йæ хæдзары нæй. Стæй куы уаид, уæддæр æм нæ ракæсид. Елдзарыхъо сæргуыбырæй разылд. Мæнæ цы рæстæг цæрæм? Мæнæ адæм цыбыр рæстæгмæ куыд аивтой? Йæ къæхтæ тыххæй исгæйæ сæхимæ ацыд, сæ цуры бандоныл ныххауд. Райсом, райсом та йын Мырзабеджы фырт кæдæм ирвæзы! Æрмæст… Æрмæст куыстмæ æрбацæуæд.

...Зæронд лæг, цыма чысыл сывæллон у, афтæ йæ цæстытæ йæ тымбыл къухæй аууæрста. Æмæ адæймаг куы базæронд уа, уæд чысыл сывæллон у, уæдæ цы у. Æнæбон. Æнæхъару.

Елдзарыхъо йæ сынтæгæй рахызт æмæ электрон цырагъ ссыгъта. Уат ныррухс. Дуне ныррухс. Ныры адæмæн та цæрынæн цы хъæуы? Æрмæст чысыл змæл, æмæ дын алцы дæр уыдзæн.

О, иу æхсæв та аивгъуыдта. Ахæм æхсæвтæ знагыл дæр ма скæнæд. Дæ цæстытæ кæрæдзиуыл ма æрæвæр, дзагъыр цæстытæй кæс. Æмæ Елдзарыхъо бынтондæр ныллæхъир вæййы, йæхиуыл нал фæхæцы, цыма йе стджытæ æрызгъæлдзысты, афтæ йæм фæкæсы. Æмæ ныр… Куыд хъуамæ уыдтаид адджын фынтæ? Мырзабеджы фырт, дам, зæронд уæлмæрдтæ ауæй кодта. Оу, мæнæ диссаг! Ау, æхца йеддæмæ æппындæр ницæуыл хъуыды кæны? Уыцы гæркъæраг гæххæттытæ йеддæмæ йæ дунейыл æндæр ницы æндавы? Йæхи ирон лæппу, ирон лæг куы хоны. Уæвгæ… Уæвгæ ныртæккæ у рæсугъд, кæркæ-мæркæ ныхæсты дуг. Райсомæй изæрмæ нæ риутæ хойæм, хъæр кæнæм: «Ирон! Ирон! Ирон!» Æмæ цæмæй ирон дæ? Кæм сты де ‘гъдау? Де ‘фсарм? Дæ фарн? Чи дын сты адæм? Диссаг у цард. Йæ хæдзары æртæ уæлибæхы чи никæд скуывта, йæ хæдзармæ цæргæ-цæрæнбонты æртæ лæгмæ чи никæд фæдзырдта, уый дæр æндæр сыхмæ, æндæр искуыдæм куы бахауы, уæд нæ ирон æгъдæуттыл фыццаг дзурæг свæййы. Алчи дæр ма йæхи бафæрсæд: «Чи дæн? Цавæр адæймаг дæн? Не ‘гъдæуттæ царды куыд æххæст кæнын?» Рæсугъд дзурынæй ницы ис. Нæ риутæ цалынмæ ныппырх уой, уæдмæ сæ хойдзыстæм? Оу, мæнæ диссаг! Цæмæ æрцыдыстæм? Цы фестæм? Нæ! Нæ! Елдзарыхъо раст нæу. Адæм иу джиппы уагъд не сты. Æгъдау, фарн рæсугъдæй чи хæссы, уыдон иу æмæ дыууæ сты? Адæм се ‘ппæт Мырзæбеджы фырты хуызæттæ не сты. Хуыцау нæ уымæй бахизæд.

Хорз æрбарухс. Сæрдыгон æхсæв цы у? Скаст æмæ ныккаст. Бон та даргъ – кус æмæ кус, Елдзарыхъо… Цы ма у йæ хъару, ныххæррæгъ, удæгасæй мард. Фæлæ уæддæр… Йæхи хъæдындзтæ – тымбыл къухæй стырдæртæ. Кæмæндæрты сæ нурытæ æхсынæнты хуызæн сты, уымæн та йæ иу нурыйы дæндаг дæр хæрды фаг у. Йæ сау булчъытæ та… Æмæ йæхи цастæ хъæуы, фæлæ йæ бинонтæн, хионтæн, зонгæтæн… Уæдæ Елдзарыхъо ис зæххæй, зæххыл цы зайы, уыдон дуканийы æлхæна? Нæ! Ныггуыбыр кæн, æмæ дæм алцы дæр уыдзæн. Йæ картоф…

Губакк базмæлын кæн, æмæ дæм сæхæдæг сæхи ивазынц, худынц дæм. Бандоныл сбады æмæ йæ картоф афтæмæй фæрувы, афтæмæй йæ фæгубакк кæны. Уæдæ ацы дунейы уал æмæ уал азы цæры æмæ арвæй цæттæйæ æрхаугæ ницыма федта. Йæ бинонтæ, йæ кæстæртæ йын æдзух уый дзурынц: мауал кусæд, баулæфæд, æгъгъæд у! Баулæфдзæн, йæ цæстытæ куы бахгæна, уæд.

Елдзарыхъойы цардæй та иу æхсæв аивгъуыдта. Æгъуыссæг æхсæв. Æмæ куыд уына адджын фынтæ? Диссаг! Уæддæр цавæр рæстæг цæрæм? Чи стæм? Адæймаг адæймаг нал у? Ау, дуне бынтондæр бабын? Ау, Мырзабеджы фырт зæронд уæлмæрдтæ æцæгдæр ауæй кодта? Æмæ уымæн уæвæн куыд и? Дунесфæлдисæгæй уæддæр нæ тæрсы? Ау, нæ йæ æргæрах кæндзæн? Æмæ уæлмæрдтæ чи балхæдта, уый та чи у? Адæймаг у? Уæвгæ, асфальтыл чи схъомыл, уымæн цы уæлдай у? Уымæн нæ Хуыцау и, нæ зæхх. Мæрдтæй уæддæр нæ тæрсы? Куы йæм фæхъызой, уæд та? Уæвгæ, Мырзабеджы фырт æмæ ахæмтæн нæ Хуыцау и, нæ дзуар, нæ мæрдтæ. Уыдонæн сæ Хуыцау у æхца, исбон, пайда. Ахæмтæ исбоны, пайдайы тыххæй сæ ныййарæг мадыл дæр нæ бацауæрддзысты. Мæнæ цы рæстæг цæрæм, мæнæ… Адæм цыбыр рæстæгмæ афтæ аивдзысты, афтæ фæфæлдæхдзысты, Елдзарыхъо уый æнхъæл никæд уыд. Райсомæй изæрмæ нæ риутæ хойæм, нæ риуты стджытæ нызгъæлæнтæ сты, мах хуызæн æгъдауджын адæм а зæххыл никуы ис, зæгъгæ. Уæд цы фæци не 'гъдау, не 'фсарм, нæ уæздандзинад? Терк сæ аласта? Кæмдæр зæххы скъуыды ныххаудысты? Æви, дæ риу тымбыл къухæй хой, дæ хъæлæсыдзаг хъæр кæн, æз ирон дæн, зæгъгæ, æмæ уымæй ирон стæм? О, уæу-уæй, гъе! Адæм, цæмæ æрцыдыстæм? Цы кодтам? Æвæццæгæн, Елдзарыхъо базæронд æмæ ницыуал зоны, ацы рæстæг, ацы дугæй дард у, тынг дард, æмæ йын æцæгæлон у, тынг æцæгæлон.

Ох-х, ох-х, – ныуулæфыд, ныууынæргъыдта зæронд лæг. Раздæр куы амардаид, уæд бæргæ хуыздæр уыдаид: бирæ цыдæртæ нæ зыдтаид, нæ федтаид, фæлæ мæлæт дæр кургæйæ нæу, алцы дæр Хуыцауæй аразгæ у, æмæ Йын табу уæд.

Нæ, нæ, – Елдзарыхъо йæ цæстытæ уæрæх байгом кодта, – адæм се 'ппæт иу джиппы уагъд не сты, суанг ныры фæлтæр дæр. Адæм се 'ппæт Мырзабеджы фырты æмæ, уæлмæрдтæ чи балхæдта, уыдоны хуызæн не сты. Кæд, мыййаг, цыдæр дам-думтæ, æндæр… Куыд и

уый гæнæн, æмæ уæлмæрдтæ слæгъз кæн æмæ ингæнты, мæрдты стджытыл дæхицæн хæдзар аскъæр? Ноджы цавæр хæдзар! Елдзарыхъо сæ нæ уыны? Галуантæ! Галуантæ! Арвмæ фæцыдысты. Цæргæ та сын дзы чи кæны? Иу, дыууæ сывæллонæй фылдæр куы ничиуал уадзы. Оу, мæнæ диссæгтæ! Мырзабеджы фырт… æхцайæ нал æфсæды, фæлæ, уæлмæрдтæ чи балхæдта, уый та чи у? Уый хъæуыхицауæй хуыздæр у? Нæу! Нæу! Уый хъæуы нæ райгуырд, уый зæххыл бæгъæввад къахæй никæд азгъордта, уый, зæххы ад цы у, уымæн ницы зоны, уый йæ зæрдæйы дзæбæхæн цъæх нæуууыл йе 'мдæргъ йæхи никæд ауагъта, йæ армытъæпæнтæ йæ сæры бын никæд бакодта æмæ стъалытæй æмыдзаг æгæрон цъæх арвмæ никæд каст. Нæ! Ингæнтæ æмæ стджытыл хæдзар чи аразы, уый зæххæй дард у, уымæ зæххы фарнæй мисхал дæр нæ хæццæ кæны. Мæнæ цы рæстæг цæрæм…

Бон дзæбæх æрбарухс, фæлæ уæддæр йæ тыхы нæма бацыд. Æхсæв йæ хъарм хуыссæнæй йæхи атонын нæ фæразы æмæ æгæлæн кæны. Йæ сæрыл хъен дæр слæууæд: бон барджынæй йæ бартæ исы.

Елдзарыхъо сæумæраджы дæр сæ кулдуары цур бандоныл, цыма тынг бафæллад, афтæ йæхи æруадзы æмæ æдзæм дунемæ æдзæмæй фæкæсы. Цъæх нæуу, цъæх къутæртæ æмæ алыхуызон бæлæстæй æмбæрзт хæхтæ, æгомыг цъититæ сæрд дæр æмæ зымæг дæр хуры ирдгæ тынтæм æрттивынц, сæ цæхæры стъæлфæнтæ цæстытыл хауынц. Куыд загъта Елдзарыхъо? Æдзæм дуне. Уый хæхбæстæ кæддæр уыди æдзæм дуне. Ныр та… Хъæр, цъæхахст. Дуне æмбу кæны. Адæмæй къах айсæн нал и. Фылдæр – фæсивæд, хистæртæ дæр дзы куыд нæ ис. Се уæхсчытыл – хордзентæ, æртæ-фондзаздзыд сывæллон – уый дæр æд хордзен. Елдзарыхъо нæхи æмæ фæсарæйнаг хæдтулгæтæ кæрæдзийæ нæ иртасы. Раздæр фæндæгтыл цæй цæуæг уыд? Искуы-иу хатт-иу дзы кæд гал кæнæ бахуæрдæттæ фæзынд. Ныр та кæркæ-мæркæ ахуырст цæхæркалгæ хæдтулгæтæ æхсæвæй-бонæй дыууæрдæм кæнынц, дуне сæ сæрыл сисынц, сæ рыгæй адæймаг ницыуал фæуыны, æмæ дæ цæстытæ бахгæн, кæддæр ракæс, фæлæ дзæгъæлы: уæдмæ иннæ хæдтулгæ дæ цурты асыффытт кодта. Уæд кæдæм тагъд кæныс? Фæсте дæ исчи суры? Æмæ галуантæ… Галуантæ… Арвмæ фæцыдысты. Уæд ахæм стыр хæдзарæй цы кæныс? Чи дын дзы цæры? Æдзæрæг хæдзар тæригъæд у. Чидæр хæрæг уасынæн куыд дардта, уыдон дæр

афтæ… Æмæ сæм Елдзарыхъо хæлæг кæны? Йе сын йæ цæст нæ уарзы? Фæлæ… Уæдæмæ иуæй-иутæ æгæр ахæцыдысты æмæ сæхи Хуыцауы бар куы уадзиккой.

Зæронд лæг та йæ къæхты бынæй ныуулæфыд, ныууынæргъыдта. Йæ мидбынаты æрлæууыд, лæдзæг йæ риумæ сарæзта, æрæнцой йыл кодта æмæ æдзæмæй кæсы. Кæсы сæ зæронд уæлмæрдтæм. Кæд, сæ хъæуыхицау, Мырзабеджы фырт, зæронд уæлмæрдтæ ауæй кодта, зæгъгæ, цыдæр дам-думтæ сты? Йæхи йын æнæ фенгæ нæй. Уый та куыд? Уымæн уæвын куыд и? Ау, адæмыл бынтондæр сæ Хуыцау рахатт? Сæ хъæуыхицауыл æппындæр цæсгом нал и? Ау, æхца æмæ мулк адæймаджы афтæ сафынц? Мырзабеджы фыртæн ма ауæй кæнинаг зæронд уæлмæрдтæ баззад. Æнæхъæн комы армытъæпæны йас зæхх нал ссардзынæ. Уæй! Уæй! Мæнæ диссæгтæ! Сæ зæронд уæлмæрдтæ ауæй кодтой, зæгъгæ, уый сæ куы райхъуыса, уæд æнæхъæн Ирыстоныл ныххудинаг уыдзысты, зарджытæ нæ – хъарджытæ сыл скæндзысты. О, уæу–уæу-гъе! Йæ сæр нынкъуыста Елдзарыхъо: цы рæстæг, цы æхсæнады цæры? Ницыуал зоны. Ницыуал æмбары.

Зæронд лæг фезмæлыд, йæ къæхтæ зæххæй тыххæй тоны, бынтондæр здыйы къæрттытæ фестадысты. Æмæ кæдæм цæуы? Уæлмæрдтæм? Æмæ йæ афтæ раджы уым исчи куы фена, уæд æй цы схондзæн? Цы банхъæлдзæн? Хъус-хъус дзурдзысты: зæронд Елдзарыхъойæн йæ сæры зонд фæцыд, сæумæраджы сæ зæронд уæлмæрдты зилы. Уæлмæрдтæ… Уый кувæндон у. Уый Хуыцауы æвзæрст бынат у мæрдтæ æмæ æгæстæн дæр. Сæ хъæуы ма бынæттон цæрджытæ цас бирæ сты, иннæтæ – алы рæттæй, фылдæр горæтæй, æмæ сæ хæдзæртты дæр кæд вæййынц? Елдзарыхъо сæ туристтæ хоны. Сæ кæртыты бырутæ – дурæй амад, æртæ-цыппар метры бæрзæндæн. Сæхиуыл дынджыр æфсæн дуæрттæ бахгæнынц, цыма адæмæй тæрсынц. Æмæ уыдоны дæ зæронд уæлмæрдтæ цæмæн хъæуынц? Елдзарыхъо… Уый хъæуынц. Бынæттон адæмы хъæуынц. Æртиссæдз азæй фылдæр дзы никæйуал баныгæдтой. Нæ! Ноджы раздæрæй. Къах æрæвæрæн дзы нал уыд. Ныр æнустæм хуыссынц, сæ фæллад сыл æртæфст. Æмæ сæ хъуамæ чидæр æддæг-мидæг ауайын кæна, се стджытыл сын галуан аскъæра. Елдзарыхъойы Мырзабеджы фыртимæ дысон сæмбæлын хъуыд, фæлæ… Горæтмæ афардæг вæййы. Æмæ йæ ацу æмæ агур. Уæдæ ам дæр галуан аскъæрдта, æртæуæладзыг бæстыхай, йæ сæр арвыл æмбæлы. Æмæ

йæ бон нæу? Æхца йæм нæй? Зæронд уæлмæрдтæ ма йын баззадысты æнæ уæй, æмæ уыдон дæр æрбасатар кодта.

– Ох-х, ох-х… – йæ къæхты бынæй та ныуулæфыд, ныууынæргъыдта зæронд лæг. Йæ риуы хæр-хæр цасдæр рæстæг не ‘рсабыр. Адæймагыл азтæ куы рацæуа, уæд æм алы низтæ æзфæраздæронæй лæбурынц, ивылынц. Æмæ лæбурæнт, ивылæнт, Елдзарыхъо сæ хъуыды дæр нæ кæны. О, уый сæ бæргæ нæ хъуыды кæны, фæлæ йæ уыдон æгæр дæр ма хъуыды кæнынц.

Бон дзæбæх æрбарухс. Зæронд лæджы хуызбадт цæстытæ уæлмæрдтыл зилынц, цыма ингæнтæ сгарынц. Æмæ дзы цы нæ федта, цы дзы нæ зоны? Йæ сæрыл схæцыд, йæ цæстытæ ножы уæрæхдæр байгом сты, æдзæмæй лæууы. Уый… Цыдæр æнахуыр гыбар-гыбур… Æмæ уый цы у? Зæхх… Зæхх базмæлыд? Зæхх не змæлы, фæлæ ингæнтæ… Лæбырынц, цыртытæй бирæтæ зæххы æмвæз систы, иннæтæ æркъул сты, æмраст ма дзы лæууы цалдæр, æмæ уыдон дæр хауынц. Уый… Уый Елдзарыхъо цы уыны? Мæрдтæ сæ ингæнтæй стынц. Мæрдтæ райгас сты. Зæххыл чи нæма æрцыд, ахæм диссаг! Зæронд лæг йæ рахиз къухæй йæ цæстытæ асæрфта, ауыæрста сæ. Нæ! Йæ цæстытæ йæ нæ сайынц. Мæрдтæ сæ ингæнтæй стынц. Æмæ диссаг, æнахуыр диссаг: нæлгоймагæй, сылгоймагæй, хистæрæй, кæстæрæй – иууылдæр бæрæгбонарæзт. Уыдон даргъ балцы цæуынц сæ царды фæстаг фæндагыл æмæ хъуамæ хæрзарæзт уой. Цымæ… Цымæ йыл Елдзарыхъо та кæд афæндараст уыдзæн? Иуæндæс æмæ цыппарыссæдз азы... Афон ын нæма у? Бафæллад, тынг бафæллад. Цæйбæрц цæры, цæйбæрц. О, æвзæр, дам, бирæ цæры. Æмæ æцæгдæр, чи у Елдзарыхъо? Æвзæр? Зæххæй сисынмæ чи нæ бæззы, ахæм? Адæмы фыддæр? Æмæ-гъа. Æмæ-гъа. Иу хъуыддаг хорз зоны: зонгæзонын æвзæр никуы никæмæн ракодта. Иу æнæуууылд, иу æнæрхъуыды ныхас – æмæ гæнæн и, æмæ уый хъамайы рæхуыстæй фыддæр уа, зæрдæйы иннæрдæм ахиза. Æмæ цæрæнбонты йæхи хъахъхъæдта, йе ‘взаджы кæрон цы ныхас абадт, уый никæд суагъта. Æмæ-гъа. Æмæ-гъа. Дунейы æппæты æвзæрдæр чи у, зæххæй сисынмæ чи нæ бæззы, уый дæр йæхи æппæты хуыздæр æнхъæлы. Йæхицæн чи кæд скодта раст аргъ?

Æмæ та зæронд лæг ногæй йæ цæстытæ ауыæрста. Мæрдтæ… Мæрдтæ сæ ингæнтæй стынц. Уæртæ… Уæртæ йæ фыдыфыд Хадзымæт.

Хорз æй хъуыды кæны, куы амард, уый – уæд Елдзарыхъойыл цыд æхсæз-авд азы. Ирон дарæс ыл, цъухъхъатæ, йæ астæуыл – æвзист рон, йæ хъамайы кæрддзæм æмæ фистон цæхæр калынц, йæ цухъхъайы бæрцытæй хуры тынтæм рухс стъæлфæнтæ хауы. Хадзымæт æй базыдта æмæ йæм кæсы, комкоммæ йæм æрбацæуы. Мæрдтæ… Мæрдтæ райгас сты. Уыдон… Оу, мæнæ диссаг! Уыдон дæр ацы æвирхъау хабар фехъуыстой æмæ сæхи нæ баурæдтой. Æмæ куыд нæ! Дунейыл искæд уый уыд, æмæ уæлмæрдтæ ауæй кæн. Цы рæстæг цæрæм, цы?! Ау, бынтондæр бабын стæм? Ау, адæмы бынтондæр æхца æмæ мулк йеддæмæ ницыуал хъæуы? Фарн! Æфсарм! Æгъдау! Цы фесты? Зæххы скъуыды ныххаудтой? Терк сæ аласта? Райсомæй изæрмæ нæ риутæ куы хойæм: мах ирæттæ, ирæттæ стæм, зæгъгæ. Уæд цæмæй ирæттæ стæм? Давын æмæ сайынæй? Кæрæдзийыл гадзрахатæй цæуынæй? Æхца хорз у, исбон хорз у, фæлæ цард æндæр ницыуал ис? Æмæ мæрдтæ сæхи нал баурæдтой, фæдисы рацыдысты. Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, фæлæ æгæстæм – нæ. О Къоста, мæлæт дын ма уа! Æмæ дын нæй. Ды бирæ æгæстæй æгасдæр дæ. Раст дæ, раст Къоста! Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы. Хъуысы! Хъуысы! Фæлæ адæммæ – нæ! Ох-х. Ох-х. Елдзарыхъо бынтон раст нæу: адæм се ‘ппæт иу сасирæй луæрст не сты, адæм се ‘ппæт Мырзабеджы фырты хуызæттæ не сты.

Мæрдтæ сæ къухтæ мæсты тылд кæнынц. Сæ ныхас нæма хъуысы, фæлæ, сæ маст сæ разæй кæй хæссынц, уый сæ алкæуыл дæр Æрфæны фæдау зыны. Сæ цæсгæмттæ – æнкъард, тызмæг. Ай-гъайдæр. Уæдæ кафгæ кæной? Æмæ Елдзарыхъомæ цæмæн цæуынц? Чи у уый? Ничи. Мæгуыр хохаг зæронд лæг. Мырзабеджы… Мырзабеджы фыртмæ цæуын хъæуы! Уый æмæ уый хуызæттæ сты абон разамонджытæ, хицæуттæ. Цард уыдоны къухы ис.

Мæрдтæ… Мæрдтæ сæ маст сæ разæй æрбахæссынц. Сæ тызмæг ныхас ныр хорз хъуысы.

– Уыйас хъæуыхицауæн цы кодтам?

– Не ‘нусон бынаты нæ уæддæр ма хъыгдарæнт.

– Мах искæмæн зын кæнæм?

– Мах искæмæн æвзæр кæнæм?

– Æнцад хуыссæм æмæ нæ ныхъхъуытты уадзут!

– Адæм! Адæм! Цы уыл æрцыд?

– Æви адæм адæм нал сты?

Елдзарыхъо… Елдзарыхъо ӕдзӕмӕй лӕууы. Цы сын зӕгъа? Стӕй… Адӕмы номӕй… Адӕмы номӕй йӕ бон дзурын нӕу, фӕлӕ йӕхи номӕй…

– Хатыр. Хатыр. Ныббарут нын.

Елдзарыхъойы фыдыфыд иннӕ мӕрдтӕй дыууӕ-ӕртӕ къахдзӕфы раздӕр рахызт. Уӕвгӕ, ныр уыдон мӕрдтӕ нал сты, – удӕгас адӕм. Мӕрдтӕ мах стӕм, мах. Елдзарыхъо йӕ сӕр нынкъуыста. Йӕ фыдыфыд йӕ алыварс мӕрдтыл йӕ цӕст ахаста, йӕ кӕстӕрмӕ разылд ӕмӕ барджынӕй зӕгъы:

– Уый хъуамӕ Мырзабеджы фырт, хъӕуы, комы хицау, йӕ къӕхтӕ зӕххыл кӕмӕн не ʻндзӕвынц, хӕрдты чи тӕхы, уый зӕгъа афтӕ, хатыр нӕ уый хъуамӕ ракура. Фӕлӕ уый ахӕм адӕймаг нӕу, уымӕ ахӕм зонд ӕмӕ хъару нӕй, уымӕн царды йӕ сӕйраг хӕс у уӕй кӕнын, ӕлхӕнын, сӕудӕджер кӕнын, давын, сайын, гадзрахатӕй цӕуын. Уый у ныры ӕхсӕнады, ныры дуджы хъӕбул, ӕмӕ уыдонӕй ӕгъдау ӕмӕ фарн дард сты, тынг дард, уыдонимӕ дзурӕн нӕй.

Елдзарыхъойы ныхас раст у. Мӕрдтӕй иу лӕппулӕг, уый дӕр ирон дарӕсы, дзуры:

– Мах, кӕд дӕлдунейы стӕм, уӕддӕр алцы дӕр хорз зонӕм. Ныртӕккӕ Мырзабеджы фырты хуызӕтты рӕстӕг у. Чи сты разамонджытӕ? Хицауады уаты къӕлӕтджын бандӕтты чи бады? Мырзабеджы фырты хуызӕттӕ.

– Ох-х, ох-х, – ныуулӕфыд, ныууынӕргъыдта Елдзарыхъо ӕмӕ сабыргай йӕ цӕстытӕ, цыма йӕ хуыссӕг ахсы, афтӕ ӕрӕхгӕдта. Цас алӕууыд? Дыууӕ-ӕртӕ минуты ӕмӕ ракаст. Зӕронд уӕлмӕрдты мӕрдтӕ ӕвиппайды куыд райгас сты, ӕвиппайды йӕ цуры куыд февзӕрдысты, афтӕ ӕвиппайды фӕцыдӕр сты. Се ʻнусон бынӕттӕм батагъд кодтой. Ӕмӕ уым афтӕ хорз у? Нӕ! Уӕддӕр дзы зӕххон цардӕн ӕмбал нӕй, ацы дунейӕ иу дӕр барвӕндӕй нӕма ацыд.

Елдзарыхъо фезмӕлыд. Мырзабеджы фыртӕн йӕ куыстыл ацӕуид ӕмӕ… О куыннӕ, ацафон йӕ куысты уыдзӕн? Кусгӕ рӕстӕг дзы куынӕ вӕййы. Агур ӕй ӕмӕ йыл кӕд исты хуызы фӕхӕст уай, уӕд дӕ худ хӕрдмӕ ӕппар. Дуне бабын, ӕмӕ дӕ цы фӕнды, уый кӕн.

…Зӕронд лӕг сӕ кулдуары цур даргъ бадӕныл йӕхи ӕруагъта. Йӕ куыдз Саухъус йӕ цуры ӕрхуыссыд, йӕ раззаг къӕхтӕ адаргъ кодта ӕмӕ йӕм кӕсы. Елдзарыхъо йӕм ӕргуыбыр кодта ӕмӕ йын

йæ лæдзæджы бырынкъæй йæ гуыбын ныхы. Куыдз йæхи ноджы тынгдæр айвæзта: йæ хицау æй кæй ныхы, уый йын æхсызгон у. Саухъус дæр базæронд, базæронд. Æрыгон ма куы уыд, йæ тых йæхимæ, уæд йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыд, хъæуы искæм исты уынæр райхъуыст, уæд-иу уырдæм йæхи аппæрста, фыдгæнæджы-иу йæ хъæлæсы ахаста. Хъæуы куыйтæн Саухъус сæ раздзæуæг, сæ амидингæнæг уыд. Ныр æй ницыуал æндавы, йæ цуры сармадзантæй куы æхсай, уæддæр нæ базмæлдзæн. Базæронд, Саухъус дæр базæронд йæ хицауы хуызæн.

Бон йæ бартæ исы. Дуне та базмæлыд. Мырзабеджы фырт, чи зоны, ныр йæ куысты и. Елдзарыхъо йæхиуыл схæцыд. Ох-х, ох-х. Дæ бон æдæрсгæ сыстын мауал уæд, уый ма цæй цард у? Зæронд лæг йæ лæдзæгыл æрæнцой кодта. Ахауынæй нæ тæрсы, фæлæ уæддæр… Мырзабеджы фыртимæ йæ æнæмæнгæй сæмбæлын хъæуы. Ау, зæронд уæлмæрдтæ æцæгæй ауæй кодта? Æмæ уымæн уæвæн куыд и? Кæд уыдон цыдæр дам-думтæ сты? Æндæр… Уый та куыд? Ау, æфсарм бынтондæр фесæфт? Чи йын радта уыцы бар? Æхца! Æхца! Æвæццæгæн, сæ хъæуыхицау æхцайы тыххæй йæ цонг дæр алыг кæндзæн. Оу, мæнæ адæм цæмæ æрцыдысты! Æхца йеддæмæ сæ дунейыл æндæр ницыуал æндавы. Æхца! Æхца!.. Æмæ чи куыд уæлдæр бынат ахсы, афтæ тынгдæр хæлоф кæны, афтæ тынгдæр йæхимæ ссивы, лæбуры.

Елдзарыхъо хъæуыхицауы уаты дуар бахоста. Йæ хæдтулгæ – дуармæ, йæхæдæг дæр ам уыдзæн – уæдæ дын уый фистæгæй цæуы?

– Æмбæлы дæм?

– Мидæмæ. Уазæг – Хуыцауы уазæг, – Мырзабеджы фырт йæ къæлæтджыны базмæлыд, йæхиуыл схæцæгау кодта, фæлæ йæ бадæнæй нæ сыстад.

Зæронд лæг йæхи фæрсы: йæ зæгъинаг лæугæйæ зæгъа æви сбада. Сбадт. Йæ нымæт худ йæ разы стъолыл æрæвæрдта.

– Елдзарыхъо, хонæджы хуызæн дæ.

Зæронд лæджы буары уазал риз ацыд. Уый цавæр рог, æнæуыылд ныхас у? Мырзабеджы фырты цур авд-астаздзыд лæппу бады? Йæ фыдыфыды карæн.

– Цыдæр нын æрбахастай, – хъæуыхицау æм йæ мидбылты худы.

Елдзарыхъо йæ сæр банкъуыста: сæ хъæуыхицау æм хус сыфтæры

хуызæн кæсы. Нæ. Раст нæ хъуыды кæны: уый æддаг бакастæй афтæ зыны, мидæгæй та æндæр у: иу сом нæ ауадздзæн. Ныры фæлтæр… О Дунесфæлдисæг, ныххатыр сын кæн. Зæронд лæг ахъуыды кодта: комкоммæ дзура æви сойæвдылд ныхæстæй райдайа?.. Комкоммæ!

– Мырзабеджы фырт, зæронд уæлмæрдтæ, дам, ауæй кодтай, – Елдзарыхъо хъæуыхицауыл йæ цæстытæ ахаста. – Æмæ кæд уый æцæг у, уæд уый куыд раст у? Уымæн уæвæн куыд и? Зæронд уæлмæрдтæ ма дын баззад æнæ уæйæ?..

Хъæуыхицауæн йæ сæрыстыр, æнæрвæссон худт йæ цæсгомыл атад. Сыстад, йæ уазæджы цурмæ бацыд, йæ армытъæпæн ын йе уæхскыл æруагъта æмæ хъазæн хуызы дзуры:

– Нæ хорз хистæр, уыдон Бабуцайы ныхæстæ сты, уыдон сты мæнг æмæ æнæбындур дзыбандытæ, æмæ сыл ма æууæнд. Æз дын фидарæй зæгъын: ма тыхс, дæ сæр ма риссын кæн.

Фысым йæ къæлæтджыны сбадт, цыма тынг бафæллад, афтæ фæстæмæ йæхи ауагъта. Йæ иу къах иннæуыл сæвæрдта, йæ сæр иуварс азылдта, ома Елдзарыхъо, нæ ныхас фестæм. Фæлæ йæм уый дæр фаг нæ фæкаст: стъолæй цыдæр гæххæтт райста æмæ дзы йæ цæстытæ ныссагъта, цыдæр дзы афыста, цыдæр дзы ахахх кодта, ома, хорз лæг, æз æнæвдæлон дæн, æмæ мæ хъыгдарыс, дæ хæдзар бацагур. Мырзабеджы фырт йæ сæрыл хъен куы слæууа, уæддæр Елдзарыхъо æнæ бæлвырд дзуапп нæ ацæудзæн, былсайæн ныхæстæй ницы рауайдзæн.

– Мырзабеджы фырт, адæм дзæгъæлы нæ дзурынц, æмæ дæ ныхас куы фæбæлвырддæр кæнис.

– Мæ ныхас… Мæ ныхас фæбæлвырддæр кæндзынæн, – хъæуыхицау йæ бандонæй сыстад æмæ йæ уазæджы йæ цæстытæ ныссагъта, цыма йæ уыдонæй ахуынкъ кæнынмæ хъавы – топпы нæмгуытæ куы фестиккой, уæд ыл, æвæццæгæн, нæ бацауæрдид. – Елдзарыхъо, хистæр дæ, зæронд лæг, æмæ зæронд лæгыл æнæрхъуыды, æнæуууылд ныхас нæ фидауы. Дам-думтæм хъусын хорз нæу.

– Ома? – Елдзарыхъо базмæлыд, йæхиуыл схæцыд. Йæ фысымы не ‘мбары. Мырзабеджы фырт йæ дæлгоммæ ныхæстæй цы зæгъынмæ хъавы?

– Ома, дæ кас кæм нæ уа, уым дæ уидыг ма тъысс.

Уый дын гъе! Сæ хъæуыхицау адæмон æвзаджы дæсны ссис. Ел-

дзарыхъо дзы уый ӕнхъӕл никӕд уыд. Мырзабеджы фырт та йыл йӕ цӕстытӕ ахаста ноджы ракӕнондӕр хуызӕй:

– Ома, хъуыддаг дӕ кӕм нӕ уа, уым дӕхи ма тъысс. Зӕронд лӕг дӕ ӕмӕ ма кӕд дӕ бон исты у, уӕд дӕ хӕдзары истытӕ змӕл, ӕмӕ дӕ уынджы ныхӕстӕм не 'вдӕлдзӕн.

– Мӕ хӕдзары мӕ цы кӕнын хъӕуы, уый дӕ хъуыддаг нӕу, фӕлӕ куырм ӕмӕ къуырма дӕр нӕма дӕн ӕмӕ, мӕхи ницы уынӕг ӕмӕ ницы хъусӕг скӕнон, уый мӕ бон нӕу.

– О-о-гъа, гъе уый дын лӕг! – йӕ къухтӕ хердмӕ систа хъӕуыхицау, цыма кувгӕ кӕны. Уӕвгӕ, ахӕмтӕн Хуыцау дӕр ӕмӕ зӕдтӕ дӕр нӕй. Уыдонӕн ӕрмӕстдӕр ис ӕхца. Ӕхца! Ӕхца! Уый у сӕ Хуыцау.

– Уӕлмӕрдтӕн уӕйгӕнӕн нӕй. Кӕд Хуыцау ӕмӕ Йе сконд зӕдтӕй нӕ тӕрсыс, кӕд адӕмы фарн ницӕмӕ дарыс, уӕд… уӕд та мӕрдтӕй фефсӕрмы у.

– Ха-ха-ха! Ахудын та мӕ кодтай, нӕ хорз хистӕр. Мард ницыуал у, мард у фаджыс. Бамбӕрстай, Елдзарыхъо?

Зӕронд лӕг йӕхимӕ ныхъхъуыста. Кӕй уаты бады? Кӕимӕ дзуры? Зӕххон адӕймагимӕ ӕви ӕндӕр дунейӕ ӕрцӕуӕгимӕ?

– Мырзабеджы фырт, ды зӕххон адӕмӕй дард дӕ, тынг дард.

– Уый ӕз нӕ, фӕлӕ ды дӕ дард, тынг дард цардӕй, рӕстӕгӕй, адӕмӕй. Ӕртиссӕдз, цыппарыссӕдз азы кӕмдӕр фӕсте баззадтӕ ӕмӕ дӕ цӕстытӕй ракӕс, дӕ хъусты къӕрмӕджытӕ раппар.

– Мырзабеджы фырт, уӕлмӕрдтӕн уӕйгӕнӕн нӕй. Бамбӕрстай? Уый Хуыцау ӕмӕ Йе сконд зӕдты, адӕмы ӕмӕ мӕрдты цур дӕр уыдзӕн стыр ӕнӕраст хъуыддаг, стыр фыдракӕнд, стыр тӕригъӕд. Ау, ӕндӕр цы ауӕй кӕнай, уый дын нал и? Уӕвгӕ, нӕ йӕ зонӕм? Нал! Нӕ комы армытъӕпӕны йас зӕхх нал баззад, фӕуӕй сӕ кодтай.

– Елдзарыхъо, хистӕр дӕ, ӕмӕ мӕ демӕ карз ныхас нӕ фӕнды, цӕй ӕмӕ нӕ зӕгъинӕгтыл стъӕлф сӕвӕрӕм

– Ома? Нӕ дӕ 'мбарын.

– Зӕронд лӕг дӕ ӕмӕ мацӕуыл тыхс. Ацу ӕмӕ иу цайцымӕн хъарм арахъхъ бануаз ӕмӕ дӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн бафынӕй кӕн. Уӕлмӕрдтӕ ничи уӕй кӕны, уыдон дам-думтӕ сты. Ацу ӕмӕ ӕнӕмӕт у, дӕ хъуыддӕгтӕ кӕн, – хъӕуыхицау йӕ къӕлӕтджын бандонӕй сыстад, дуармӕ хӕстӕг рацыд, ома нӕ ныхас фестӕм, фӕндараст кӕн.

Елдзарыхъо сыстад, йӕ зӕрдӕ… Хъӕуыхицауӕн йӕ иу ныхасыл дӕр не 'ууӕнды:

– Мырзабеджы фырт, дæ ныхасæн хицау куынæ разынай, уæд уый не ‘ппæтæн дæр стыр худинаг уыдзæн.

– Нæ хорз хистæр, фæндараст. Мæн дæр куысты фæдыл районмæ цæуын хъæуы.

Уазæг уæддæр æнцад лæууы. Цæмæндæр…

– Хорз, фæлæ…

Лæппу йын йæ ныхас фескъуыдта:

– Ард дын хæрын. Дæ зæрдæ ма ‘хсайæд. Уæлмæрдтæ ничи ауæй кодта, стæй сæ ничи ауæй кæндзæн, – хъæуыхицау йæ кусæн уатæй уазæджы разæй рахызт. Йæ фæстæ рахызт Елдзарыхъо дæр. Уæдæ цы кæна?..

…Зæронд лæг сæ кулдуары цур бады, йæхи фæстæмæ ауагъта. Дуне куыстытæ бакодта æмæ бафæллад. Фесты уыцы рæстæджытæ. Зæронд зæронд у, азтæ йыл æруæз кодтой. Нæ! Сæ быны йæ ныууæрстой. Йе уæнгтæ здыйы кæрдихтæ фестадысты. Цымæ, уæнгдых куыст чи нæ кодта, уыдон дæр зæронды бонты ахæм увæры вæййынц, афтæ æгуыдзæг свæййынц? Уæвгæ, азтæ кæуыл ауæрдынц, фæлæ уæддæр…

Саухъус, Елдзарыхъойы иузæрдион куыдз, йæ цурмæ æрбацыд æмæ йæхи ауагъта, йæ раззаг къæхтæ адаргъ кодта æмæ сыл йæ сæр æрæвæрдта. Йæ цæстытæ сæхгæдта, цыма фынæй кæны, фæлæ фынæй нæу. Базæронд, Саухъус дæр базæронд йæ хицауы хуызæн. Дуртæ дæр ма ихсийынц азтимæ. Хатгай, кулдуары цур бадгæйæ, дыууæйæ дæр арæдзæ-мадзæ кæнынц, афынæй вæййынц, фæлæ ныр Елдзарыхъо æмæ Саухъусмæ хуыссæг æмгæрон дæр нæ цæуы.

Уый… Зæронд лæг йæ мидбынаты йæхиуыл схæцыд. Уый… Цыдæр уынæр. Тракторы хъæр. Æмæ кæцæй хъуысы? Кæцæй цæуы? Елдзарыхъо лæмбынæгдæр айхъуыста, йе ‘мбæрц слæууыд. Тракторы хъæр. Зæронд лæг, цы у, уымæй иууылдæр хъустæ фестад. Ау? Тракторы хъæр уырдыгæй хъуысы? Сæ зæронд уæлмæрдтæй? Нæ! Уымæн уæвæн нæй! Кæд йæ хъустæ… Æмæ Елдзарыхъо ноджы лæмбынæгдæр айхъуыста. Зæронд… зæронд уæлмæрдтæй хъуысы тракторы хъæр. Мырзабеджы фырт… Мырзабеджы фырт æй асайдта, цæхджын сайд. Йæ ныхасæн хицау нæ разынд. Æмæ ахæмтæн… Уыдонæн нæ Хуыцау ис, нæ зæд, нæ мæрдтæ… Тæрсгæ та куыд ницæмæй кæнынц, тæрсгæ?!

Елдзарыхъо фезмæлыд, йе зды къæхтæ зæххæй тыххæй тоны. Уæд та цы нæ вæййы: йæ хъустæ йæ сайынц. Цас дард сты сæ зæронд уæлмæрдтæ, фæлæ зæрондæн къæсæр дæр хох у. Йæ иузæрдион куыдз Саухъус йæ разæй уайы. Нæ. Елдзарыхъойы йæ хъустæ нæ сайынц, йæ цæстытæй дæр нæма хъаст кæны. Æрлæууыд æмæ æдзæмæй баззад. О-уæу-уæй, гъе! Зæронд лæг ныккæрзыдта, йæ буары уазал риз ацыд. Нæ! Нæ фæрæдыд. Мæнæ дуне куыд бабын, æмæ фæдис хъæргæнæг куыд ничи и! Иу нæ, фæлæ дыууæ тракторы, хуырласæн хæдтулгæ «Камаз». Æмæ уæлмæрдтæ фæйлауынц. Оу, мæнæ куыд бабын стæм! О Мырзабеджы фырт, уый цы бакуыстай?

Зæронд лæг фæцудыдта. Ох-х, куынæ ахауид. Лæдзæгыл фидардæр æрхæцыд, зæхмæ йæ сбыцæу кодта. Йæ зæнгтæ ризынц, бынтондæр сæ хъаруйы мур нал и. Куы ахауа, уæд æнцонтæй нал слæудзæн. Мæнæ куыд слæмæгъ, мæнæ йæ бон куыд ницыуал у. Амæл, уæд дзы уымæй хуыздæр бæргæ ницы ис: æрæнцадтæ, дæ бирæ хъизæмæрттæй фервæзтæ æмæ улæфыс, улæфыс æнустæм. Оу, мæнæ цы рæстæг цæрæм! Адæм адæм нал сты, табуйаг сын ницыуал ис. О Мырзабеджы фырт, цытæ кæныс, цы?!

Елдзарыхъо уæлмæрдмæ хæстæгдæр бацæуид, æмæ йæ бон фезмæлын нæу, йæхимидæг бандзыг. О, уæу-уæй-гъе. Дæ къæхтæ зæххæй атонын дæ бон мауал уæд. Ох-х, ох-х. Тракфортæ чи скъæры, уыдон… Æмæ уыдонæн цы уæлдай у? Æхцайы рæстæг у, æмæ се 'хца кусынц.

Зæронд лæг фезмæлыд, иу къахдзæф, дыккаг… Æрлæууыд. Уымæ чи хъусы? Йæ ныхас кæй хъæуы? Чи сын у хохаг зæронд лæг? Ничи! Æппындæр ничи. Мæнæ цы æнæбон у, мæнæ! Ахæм æнæраст хъуыддаг, ахæм фыдракæнд дæ цæстыты цур цæуæд, æмæ дæ бон мацы уæд. Мæнæ дуне иннæрдæм куыд рафæлдæхт! Мæнæ дуне куыд бабын! Оу, мæнæ цытæ уыны Елдзарыхъо, фæлтау куы бакуырм уыдаид.

Тракфортæ дуртæ иу ранмæ ласынц, иу ран сæ æмбырд кæнынц. Уыдон хуымæтæджы дуртæ не сты: сæ иутæ даргъдæр, цыппæртигъон, иннæтæ – цыбырдæр, рæсугъд амад, лæгъз. Бирæтæн дзы сæ фыстытæ нал зынынц, иннæтæ ма тыххæй бæрæг дарынц. Фæлæ алчи дæр зоны: уыдон хуымæтæджы дуртæ не сты. Уыдон цыртытæ сты, цыртытæ.

Уæлмæрдтæ… Цымæ, уæлмæрд чи балхæдта, уый чи у? Дунейы иу зæххы гæппæл æндæр никæмуал уыд? Цæмæ йæм бабæллыд? Йæ ран. Æдзухдæр хурдзаст. Дуне – дæ алыварс. Райдзаст бынат.

Дæ галуан кæйдæр стджытыл самайдзынæ, æмæ цы? Уыдон дæ цы хъыгдарынц? Уæлмæрдтæ, æнæмæнгæй, горæтаг, асфальтыл чи схъомыл, ахæм кæнæ кæцæйдæр æрцæуæг чидæр балхæдта. Уыдонæн уæлдай нæу. Зæххыл чи схъомыл, хъæууон адæймаг, зæххыл бæгъæввадæй чи згъордта, зæххы ад чи ‘нкъары, уый афтæ ницы хуызы бакæндзæн. Оу, мæнæ цытæ уыны Елдзарыхъо! Раздæр цæуылнæ амард?! Æвирхъау бæллæх. Стыр æнæраст хъуыддаг. Æмæ сæйрагдæр та… дæ бон ницы у. Æппындæр, мур дæр. Зæронд лæг йæ цæстытæ бахгæдта, йæ сæр бынмæ æруагъта: йæ бон уæлмæрдмæ кæсын нæу. Уый… йæ цæссыгтæ йæ рустыл уайынц, згъæлынц. Елдзарыхъо ныры хуызæн æнæбон, æнæхъару æмæ æгад никуыма уыд. Оу, мæнæ цы рæстæджытæ скодта, мæнæ. Зæронд лæг фæцудыдта, чысыл ма, æмæ æрхауа. Йæ зæнгтæ бынтондæр коммæ нал кæсынц. Исты хуызы ма йæ хæдзарыл куы сæмбæлид. Йæ куыдз, йæ иузæрдион Саухъус æм скаст, йæхи йыл ахафта, ома ма тæрс, æз дæ фарсмæ дæн. Æмæ цæмæй тæрсы? Никуы ничи амард?! Фæлæ… Уынгæй дын дæ мард бахæссæнт, уый дæр цас кад у? Уæвгæ, алцы дæр Хуыцауæй аразгæ у, æмæ Йын табу уæд.

Зæронд лæг йæ къæхтæ зæххæй тыххæй тоны, фæцуды, фæцæйхауы, фæлæ йæхи хауын нæ уадзы. Исты хуызы ма йæ хæдзармæ куы баирвæзид.

* * *

Зæронд ус, Елдзарыхъойы хорз сыхаг Хадизæт, йæхимидæг тыхсы. Æризæр, æмæ Елдзарыхъо абондæргъы æддæмæ нæма ракаст. Уый дзæбæх у, уæд бастæй дæр нæ фæлæууыдаид. Бон цалдæр хатты сæ кулдуары цур бандоныл ма абада, уымæн гæнæн нæй. Йæ бон ма цастæ цæуын у, фæлæ сабыргай, хъавгæ уынджы куы иуæрдæм ацæуы, куы иннæрдæм æмæ та йæ бандоныл йæхи æруадзы. Æризæр, æмæ Елдзарыхъойыл йæ цæст нæма æрхæцыд. Æмæ зæронд сылгоймаг йæхимидæг тыхсы, катай кæны: йæ сыхаг хуымæтæджы нæ зыны æддæмæ, мацы йыл æрцæуæд. Ноджы йæ куыдз цалдæр хатты уынгмæ ниугæ рацыд. Мæгуыры бонтæ, адæймаджы цард цы у – доны къус, уæлдайдæр мæнæ Елдзарыхъо æмæ Хадизæты хуызæн ас адæмæн. Мацы йыл æрцæуæд. Тыхсы, катай кæны зæронд ус, йæ

зæрдæйы гуыпп-гуыпп йæ риуыл æмбæлы, цыма йын йæ мæллæг риу ратонынмæ хъавы. Æмæ… Æмæ йæ лæппуйы лæппу Давидмæ фæдзырдта:

– Мæ хъæбул, Елдзарыхъо абондæргъы æддæмæ нæма разынд, æмæ ма йæ абæрæг кæн.

Лæппу ацыд, азгъордта. Уайтагъд фæстæмæ фæзылд æмæ тыхулæфтгæнгæ дзуры:

– Елдзарыхъо къæлæтджыны бады æмæ дзагъыр цæстæй телевизормæ цыдæр киномæ кæсы.

– Мæгуыры бонтæ. Ма амæлæд. Амард?

– Амард. Елдзарыхъо амард, бабу.

– Мæнæ диссаг. Мæнæ цард куыд ницы у, – йæ къухтæ йæ уæрджытыл æрхаудысты зæронд усæн. – Йæ лæппуйæн ын фехъусын кæн. Елдзарыхъо æвгъæу уыд амæлынæн, комы аргъ лæг. Рухсаг, рухсаг уæд... Йæ бинонтæ иууылдæр горæты цæрынц. Елдзарыхъо сын уырдæм нæ акуымдта. Адзур сæм, – хъарæггæнæгау дзуры Хадизæт.

Давид йæ телефон systa æмæ сæм дзуры.

*28.01 – 15.05.2024 аз*

*ТМÆНАТЫ Дзерассæ,*
*филологон наукæты кандидат*

# АХУЫРАДЫ РУХСМÆ ФÆНДАГАМОНÆГ

*Уац*



Фарон рухстауæг, педагог, этнограф, адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг, скъолатæн ахуыргæнæн чингуытæ аразæг Гуырнаты Хъæвдыны фырт Гагуыдзы райгуырдыл сæххæст 145 азы, ныр, 2024 азы та – 90 азы йæ амæлæтыл. Гуыргæ ракодта Куырттаты комы Барзыхъæуы хуымæтæг саукусæг лæджы хæдзары. Сауджыны аргъуыды фæстæ йын радтой ном Михаил, йæ фыды ном та йын схуыдтой Николай.

Лæппу хъæууон скъолайы æртæ къласы каст куы фæци, уæд ахуырмæ бацыд дины семинармæ æмæ дзы стыр æнтыстытæ равдыста. 1900 азы къамисы уæнгтæ фыстой: «Ходатайствовать перед Его Преосвященством, Преосвященнейшим Агапитом, Епископом Владикавказским и Моздокским об утверждении в звании учителей и учительниц церковно-приходских школ следующих лиц: Фому Бегиева, Василия Кучиева, Михаила Гуриева, Соломии Абаевой, Марии Агнаевой, Екатерины Амбаловой, Евгении Гатуевой… а по утверждении выдать перечисленным лицам на это звание установленные свидетельства».

Семинары рауагъдонтæн лæвæрд уыд сауджын суæвыны кæнæ та æртæ азы хæххон скъолатæй искæм бакусыны бар.

Гагуыдз равзæрста скъола æмæ ацыд Хидыхъусмæ. Æртæ азмæ ахуыры фæндагыл бирæ сывæллæтты сæвæрдта, хорз зонындзинæдтæ сын радта. Уый фæстæ афтыд Хъубанмæ, уым дæр кодта ахуыргæнæджы куыст. 1908 азы Ирыстонмæ сыздæхт æмæ нысангонд æрцыд Беслæныхъæуы училищейы сæргълæууæгæй.

Ахуырады къабазы фæстæдæры зындгонд архайæг Уырыймæгты

Харитон дæр уыцы рæстæг училищейы куыста, æмæ Гагуыдзимæ иумæ иу ирон ахуырдзауæн уырыссаг æвзагæй иттæг хорз бæрæггæнæн («фондз») сæвæрдтой. Адæмон училищеты иугонды директор Беляев уый рæдыдыл банымадта, ирон лæппуйæн йæ бон уырыссагау афтæ хорз фыссын нæу, зæгъгæ. Ноджы Гагуыдзæн бауайдзæф кодта, моллойы уроктæ кæй фæкайдта æмæ сын сæ бæсты ирон æвзаджы уроктæ кæй бакодта, уый тыххæй, æмæ йæ ахуыргæнæгæй кусынмæ Мæхческы районмæ рарвыста.

Гуырийы-фырт уыцы бардзырд ницæмæ æрдардта æмæ Краснодармæ, Белореченскы станицæмæ, ацыд. Афæдз уым бакуыста, стæй та Ирыстонмæ сыздæхт æмæ Хæххон педагогон институтмæ бацыд. Фæлæ йæм «политикон азым» бахастой æмæ йæ институтæй рарвыстой.

Уæд, 1926 азы, сси педагогон техникумы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, æмæ 1934 азмæ, йæ амæлæты бонмæ, уым фæкуыста.

Уæды рæстæг ирон æвзаг æмæ литературæйы чингуытæ стæм æмæ бакусинаг уыдысты. Гуырийы-фырт йæхимæ нысан кодта, æрмæг куыд хуыздæр бамбарынгæнæн ис, уый æмæ афтæмæй арæхст сывæллæтты зæрдæтæ агайынмæ. Ахуырады уæлдæр разамынд уый æнæ бафиппайгæ нæ фæци æмæ йын бахæс кодта ирон скъолатæн «Райдайæн чиныг» саразын. Йæ фарсмæ балæууыд йæ цардæмбал Дзæхаон Ханиффæ, уый дæр ахуыргæнæг.






«Райдайæн чиныг» фæрæстмæ, æмæ ма дзы суанг абоны бон дæр ис бирæ хорз æрмæг райсæн. Сывæллон цæуы хуымæтæг æмбарынæдтæй зындæртæм, æмæ афтæмæй йæ зонындзинæдтыл æфты.

Уæдæ, фыссынад фаг парахатгонд кæй нæма уыд, æмæ дзыхæй-дзургæ сфæлдыстады бирæ хæзнатæ кæй фесæфдзысты, уый дæр Гуыриаты Гагуыдз хорз æмбæрста. Уымæ гæсгæ æмбырд кодта аргъæуттæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, зарджытæ æмæ æндæр уацмыстæ. Йæ ахуыргæнæн чиныгмæ дæр дзы дзæвгар бахаста.

«Райдайæн чиныг»-æн Тугъанты Махарбег æмæ Хъуысаты Сократ скодтой 200 нывы. Уыдон уыдысты æвæджиауы пайдайы цæстуынгæ æрмæг. Æвдыстой ирон адæмы царды нывтæ: нымæт æууæрдын, цармимæ æмæ къуымбилимæ куыст, хæдзары дзаумæттæ, уæлæдарæс, бинонты æрвылбоны цард, сывæллæтты хъæзтытæ æмæ бирæ æндæр фæзилæнтæ.

Чиныджы къухфыстæн рецензитæ радтой профессортæ Æлборты Барысби æмæ Дзагуырты Гуыбады, Гæдиаты Цомахъ, Тыбылты Алыксандр, Брытъиаты Созырыхъо, Тогъуызаты Марк. Иууылдæр загътой, чиныг æппæт методикон æмæ практикон домæнтæм гæсгæ арæзт кæй у, æмæ йæ æвæстиатæй хорз гæххæттыл рауадзын кæй хъæуы.

1924 азы «Райдайæн чиныг»-ы цыппар мин экземпляры фæзындысты скъолаты. Уый æдде йæ дыгурон диалектыл дæр рауагътой. Дыууæ азмæ йæ тираж схызт 12 минмæ. Фæстæдæр ма уагъд æрцыд ноджы фондз мин экземплярæй.

Чиныг сывæллæттæн уыд ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ, ирон æгъдæуттæ æмбæлгæ уагыл аразынмæ æмæ, цы адæмы хъæбултæ сты, уый зонынмæ разæнгардгæнæн фæрæз. Фæлæ ма Гагуыдзы фæндыд, ас адæмæй кæсын æмæ фыссын чи нæ зыдта, уыдонæн дæр фæахъаз уæвын, æмæ Гæдиаты Цомахъимæ бацæттæ кодта чиныг «Ахуырады рухс». Мыхуыры рацыд 1926 азы. Афæдзы фæстæ Гуырийы-фырт рауагъта «Ног царды фæндаг», 1931 азы рацыдысты йæ чингуытæ «Ногдзау» æмæ «Фæндаг социализммæ», 1934 азы – «Райдайæн чиныг æнахуыргæндтæн». Архайдта ма, скъоламæ цæуынæн фадат кæмæн нæ уыд, уыдонæн хæдзары ахуырæн чиныг («самоучитель») саразыныл. Фыста æмдзæвгæтæ дæр, арæхст

тæлмацы куыстмæ – ирон æвзагмæ тынг хорз раивта Г. Гауптманы пьесæ «Ткачи».

Педагогон техникумы уый сарæзта литературон къорд. Йæ уæнгтæ уыдысты Мамсыраты Дæбе, Дзæхаты Темырхъан, Хъайтыхъты Геор, Бесаты Тазе, Мыртазты Барис, Багаты Никъала, Плиты Грис, Тохты Иван æмæ бирæ æндæр курдиатджын фæсивæд. Семæ фыста инсценировкæтæ, æмæ сæ сценæйыл æвæрдтой. Ноджы ма сæ-иу хъæутæм ахуыдта, æмæ фыстой дзыхæйдзургæ сфæлдыстад. Хорз зыдта Дзусты Пленкайы, Сланты Гахайы, Боциты Бесойы, Гуыриаты Ванойы, Дзæхаты Масинкайы æмæ иннæ кадæггæнджыты. Бирæ азты фæстæ Дæбе йæ мысинæгты фыста: «Гуыриаты Гагуыдз куыд зыдта ирон æвзаг, афтæ йæ ныртæккæ дæр цыма ничи зоны…»

Хорз ахастытæ уыд ахуыргæнæгæн Цæгат Ирыстоны зонадон-иртасæн институты кусджытимæ дæр. Семæ цыд этнографион æмæ фольклорон æрмæг æмбырдгæнæн экспедициты, архайдта институты арæзт конференциты. Архивы баззадысты йæ докладтæ Тырсыгомы, Брытъиаты Елбыздыхъойы драматургийы, ирон сывæллæтты æвзаджы, ирон фыссынады тыххæй.

Уæрæсейы наукæты академийы академик Всеволод Миллер ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат аразын куы райдыдта, уæд йæ алыварс æрбангом кодта ирон æвзаджы дæсныты. Фæлæ 1913 азы амард, æмæ куыст кæронмæ нæ ахæццæ. Адарддæр æй кодта академик К.Г. Залеман, уый фæстæ – академик С.В. Ольденбург, стæй та – А.А. Фрейман. Гъемæ уый дæр куыста ирон æвзаджы дæснытæ Æмбалты Цоцко, Гуыриаты Гагуыдз, Мысыкаты Мæхæмæтимæ. Дзырдуат æртæ чиныгæй рацыд. Гуырийы-фырты æрмдзæф дзы зыны, дæнцæгтæн дзы цы бирæ æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, зарджытæ æмæ кадджытæ хаст цæуынц, уыдонæй.

# ГУЫРИАТЫ ГАГУЫДЗЫ ФЫСТЫТÆЙ

* * *

Уæлæ хъуг æртæхы,
Æхсыр бæрцыл æрдавы.
Йæ быны Куку бабады.
– О Куку, кæцон дæ?
– Æз мæхæдæг мæхъхъæлон.
– Мæхъхъæлонæн йæ цард цæмæй у?
– Сау кæвдæсы бын бабадæм,
Урс кæвдæсы бын бахæрæм,
Дзæккоратæм бауайæм,
Сæ цъиу нæмыг хойы.
– О цъиу, дæ нæмыгæй мын авæр!
– Мæ нæмыгæй цы кæныс?
– Мæ хъæбултæн æй фæхæссон.
– Дæ хъæбултæ цы хуыйнынц?
– Тинтытæ ‘мæ Минтытæ.
Йæ сысджыйы къуту йе ‘мбæлттæм,
Уымæн дзы иу тъæпп фæласон,
Уырдыгæй сæрвасæн схауа,
Сæрвасæн нанайæн авæрон,
Нана гукку акæна,
Гукку та – Хуыцауæн,
Хуыцау кæрдæджы цъупп авæра,
Кæрдæджы цъупп та – хъугæн,
Хъуг æхсыр авæра,
Æхсыр та – бинонтæн:
Кæмæн – къоппы,
Кæмæн – къусы,
Ведойæн та – бæлæгъыдзаг.

* * *

Уары, уары.
Цы уары?
Хидыхъусы цæхх уары.
Сæ бæгæны фæкалди,
Сæ чындзы сын фæтарди.

* * *

Бирæгъы фаджыс атъа,
Дæргъæвсы – зокъо,
Хъæриуы – хъайла,
Ламардоны – хъабуза,
Габуза – диттой,
Зæдутæ къуымтæй ниудтой,
Чындзхæсджытæ симдтой,
Уæрыччытæ кафыдысты.

* * *

Зыпп-зыпп Зыраптæ,
Хъуыпп-хъуыпп Хъуыбадтæ,
Иу уидыгæй цумайтæ,
Иу кæрдзынæй хуæрайтæ,
Иу бæхы рагъ нæмайтæ.

* * *

Хур, ракæс, ракæс!
Сауджыны бæхтæ – дугъон бæхтæ –
Дæумæ кæсынц.
Æз дын мæ дзыппы
Цæхх нывæрдтон.
Цъиуты мад дын – кæрдзынгæнæг.

*(Ацы сидæн дзырдтой, цæмæй дæргъвæтин уарыны фæстæ хур ракæса)*

* * *

– Алыко, Алыко!
– Алыкойы чызг цы фæци?
– Донмæ ауади куыроймæ,
Куыройы нучы ныххаудта,
Карды комыл – йæ фæндаг,
Судзины бын – йæ дуар,
Айчы хус – йæ хæдзар.
Уæ, стыр æхсин, дæ бон хорз!
Уæ, чысыл æхсин, дæ мой – мард.
Йе ‘рчъийæн бос нæй.

* * *

Сæ уасæг – уасаг,
Сæ фыр – цæваг,
Сæ род – риуыгъаг,
Сæ хæрæг – чъиллипгæнаг,
Сæ чызг – тъизаг,
Сæ лæппу – фыдуаг,
Сæ лæг – мæстыгæр,
Сæ ус – сыстсæр,
Нæ сæм цæуын:
Исты фыд мын скæндзысты.

*(Тæргай гыццыл чызджы ныхæстæ)*

*Барзыхъæуы сывæллæттæй сæ фехъуыста*
*æмæ ныффыста Гуыриаты Гагуыдз. Август, 1926 аз*

ГАБОЛАТЫ Зауыр

МАХ ДУГ
Литературон журналы дунеон преми

# ÆНÆ БÆЛЛИЦ НÆЙ ДУНЕЙЫ ЦÆРÆН

## ФЫДÆЛТЫ ЗДЖЫД

Фыдæлты Зджыд, мæ хорз мыггаджы авдæн,
Куыд фæлмæн у дæ дурарæх хъæбыс!
Нæ табуйаг Сырх Алардыйы бадæн,
Мæнæн дæ тавс æвдадзы хос у, ныфс!

Рæвдауы уд Сырычы доны сатæг,
Йæ сыр-сыры – нæ ивгъуыды хъæлæс.
Фæхъуысы дзы зæронд Хъæвдыны кадæг,
Æмæ нæ зыны рагон хъæу æгæс.

Æрхуы Мæсыг ныр дæр ма рох нæ кæны,
Куыд ын тыдта йæ фидар къултæ знаг.
Фæлæ хъæддых лæууы æмæ нæ кæлы,
Нæ сахъ фыдæлты номимæ – æмуаг!

Æнусты дæргъы хæхты ʻхсæн æлхъывдæй,
Нæ фæцн Зджыд фыдзаманты фæхъхъау –
Ам алы дур фæхайджын и нæ куывдæй,
Æмæ йыл уымæн ауды Хуыцау!

Цæрдзæни ма нæ рагфыдæлты къона,
Уындзæн ма мах йæ уæлдæфæй рæдау!
Уадз, фехъуса мæ алчи æмæ зона:
Æнæмæлгæ – йæ тых æмæ æгъдау!

Нæхи Ызджыд, мæ зарæг у дæ кадæн!
Кæны мæ хъарм дæ дурарæх хъæбыс!
Нæ табуйаг Сырх Алардыйы бадæн,
Мæнæн дæ тавс æвдадзы хос у, ныфс!

*5.04.2024 аз*

## НЫХАС ЗÆРДÆИМÆ

Цæмæн у риуы зæрдæйæн къуындæг?
Фыды чысыл мур йеддæмæ куы нæу!..
Дæхи ма ма хой афтæ ды цæрдæг,
æрæнцай, зæрдæ, багъæц-ма, фæлæуу!..
Уæвгæ, зын у… мæ зонд дæр æй кæрды…
Ыссынц куыройау дуджы фыдтæ мах,
æмæ хæфау нæ судзгæ маст гæрды
æддæмæ. Царды рухсдæттæг цырагъ
кæны тыхсыгъд, йæ цæхæр у мынæг…
Фæлæ мын разын, о зæрдæ, быхсон,
цæмæй мæныл фыддуг æмæ фыдлæг
æнæ тæригъæд ма ‘взарой сæ бон!
Нæ зæххон цард у иудадзыг дæр тох,
йæ быдыртæ – нæ бæллицты гуырæн!
Æнæ бæллиц та, ма-иу дæ уæд рох,
æппындæр нæй нæ дунейы цæрæн!

*17.08.2023 аз*

## РОХ ХЪÆУБÆСТÆ

Зыбыты рох… Æнус дзы нæй цæрæг, –
Хæххон хъæубæстæ уазал мигъы тайы…
Æмырæй ма зæронд лæджы æндæрг
Йæ нарæг уынгтыл абон дæр æруайы.

Йæ цæстæнгас фыр æфхæрдæй – дæрзæг…
Æрбады лæг йæ хæдзары къæсæрмæ –
Уый хъахъхъæны йæ фыдæлты уæзæг…
Куыд æрхæсса йæ ныууадзын йæ сæрмæ?!

Рæхысы цæгтæ ацахуырста згæ –
Фæцух и къона Сафайы хъæрмадæй…
Æрлæсы русыл цæстысыг хъуызгæ,
Куы рацæйзынынц ивгъуыд бонтæ дардæй…

Лæджы фидæн уæд фарнхæссæгау зынд,
Йæ цард фыхти пæлхъпæлхъгæнгæ хæхбæсты!..
Ныр та хуыст у цæдджинаджы бын зынг,
Æдых фæнык ма баззади йæ фæстæ…

Зыбыты рох… Æнус дзы нæй цæрæг, –
Нæ хъæубæстæ æгъатыр дуджы тайы…
Æрмæст фыдæлты рухс фарны æндæрг,
Йæ фенгæйæ, нæ цæстытыл фæуайы…

*май, 2022 аз*

## ХУРЫ НЫХАС МÆЙМÆ

Хур дæн æз, ды та дæ мæй.
Не 'хсæн арвы къуырф – уæрæх.
Цасфæнды мæ фæстæ тæх –
Махæн иумæ 'рлæууæн нæй!

Мах кæрæдзийæ стæм дард,
Афтæ снывкодта хъысмæт.
Иумæ фембæлыны мæт
Никуы банкъардзæн нæ цард.

Ды кæм дæ, уым нал дæн æз,
Уый дын н' адзалы бæллæх…
Ис нын иумæйагæй Зæхх,
Уымæн рухс хæссын – нæ хæс!

*14.11.2021 аз*

## ЗЫМÆГОН БОН ХЪÆРИУЫ ХОХЫ РАЗ

Зымæгон хурмæ 'взист цæхæртæ калгæ,
баргъæвст дыууæ комы астæу Хъæриу.
Йæ митсæрæй цъæх арвы къуырфмæ 'вналгæ,
тавы æнкъардæй уый йе 'дзæрæг риу.

Ӕнусон хох – фыдызӕххы хъалагъур –
дардмӕ кӕдӕмдӕр ӕдзӕмӕй нымдзаст…
Кӕсы, цыма нӕ Ирбӕстӕм тыхагур
бабырсын исчи ысфӕнд кодта раст.

Ӕнӕфӕцудгӕ мидбынаты хиты
арв ӕмӕ зӕххы ‘хсӕн уаз зӕдты хид…
Йӕ сагъӕстӕ Ӕрыдонимӕ ‘рвиты, –
уый йӕ йӕ уаргъӕй кӕд феуӕгъд кӕнид…

Нӕрӕмон дон ын йе ‘рхӕндӕг ыскъӕфы,
абухын февналы сонтӕй. Ӕниу,
ӕнкъард уӕддӕр нӕ комы стъӕлфын…
Риссы йӕ хъӕдгӕмттӕй рагон Хъӕриу.

Лӕууын йӕ раз, ӕгуыппӕгадмӕ хъусӕг –
доны уынӕр ма ӕрцахсын ӕрмӕст.
Бӕргӕ йын ӕз куы базонин йӕ сусӕг, –
айнӕг хох афтӕ цӕмӕй у фӕлмӕст…

Йӕ дурджын арфы, чи зоны, ӕмбӕхсы
махӕй фыдрӕстӕджы ‘нӕзонгӕ маст,
ӕмыр куывдӕй нӕ дауджытыл фӕдзӕхсы,
Иры хъӕбултӕм ыздахы сӕ каст.

*10.04.2024 аз*

## БИРӔ

Ӕдзухдӕр, раст цыма у бирӕгъ,
Фӕкӕны адӕймаг хӕлӕф.
Йӕ зӕрдӕ бацагуры бирӕ,
Фырзыд вӕййы ӕмӕ кӕрӕф.

Дӕ мулк куыд нӕ фӕуа дӕ фарсӕй,
Лӕбурын алцӕмӕ ныууадз,
Кӕннод ӕфтиагӕн йӕ асӕй
Дзӕвгар фӕфылдӕр вӕййы хардз.

Фæриссы бирæ куыстæй астæу,
Нæ кæны ‘хцаджын лæг фынæй…
Ærмæстдæр царды бирæ уарзтæй
Зиан æппын æрхæссæн нæй!

*11.04.2024 аз*

## АМОНДДЖЫН ДИДИНÆГ

Дурты ‘хсæнæй хохы фахсыл
Дидин арвы цъæхмæ скаст.
Уый сызгъæрин тынтæ ахсы,
Уый фыдæх нæ зоны, маст.

Хохы амондджын – йæ бынат,
Хурæй райгонд у, рæвдыд.
Нæй йæм бафсæрыны фадат,
Ам рæстæг нæ зоны цыд.

Рæзы дидинæг æвыдæй,
Никуы базыдта æфхæрд –
Адæймагмæ царæфтыдæй
Не ‘рцыд хæдзары æвæрд!

*14.04.2024 аз*

*ТУАТЫ Алинæ,*
*РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг*

# УДЫ БÆРЗÆНДТÆМ БАЛЦ

*Уац*

Ирæттæ сты дунейы æппæты рагондæр адæмтæй, иу æмæ дыууæ мин азы нæ цæуы се 'мбисонды арф, мидисджын, бирæвæрсыг культурæйыл. Амæй-ай уæздандæр æмæ хъаруджындæр фæлтæртæ фæхъахъхъæдтой алы фыдæвзарæн дугты æмæ заманты нæ адæмы зынаргъдæр хæзнатæ, цæмæй нæ удварн, нæ удыхъæд цардæгасæй æрхæццæ уыдаиккой мах рæстæджы онг.

Æмæ уый руаджы абон дæр ирон адæм уазæгæн кад кæнын зонынц, фæстаг сом раттынмæ цæттæ сты зианы рæстæг, уæззау сахат æрбалæууынц кæрæдзи уæлхъус, зиу расидынц искæмæн баххуыс кæнынмæ, стыр аргъ кæнынц хиуæттæн, тугхæстæгау уарзынц сæ комбæсты адæмы, се 'мхъæуккæгты. Уыимæ абон дæр ирон æхсæнады кад кæнынц, æгъдау кæмæ ис, ахæм адæмæн.

Цæмæй ирон уай, уый тыххæй фаг нæу ирон мыггаг хæссын æмæ ирон æвзаг сахуыр кæнын. Хъуамæ дæ зæрдæйы арф æвæрд уой фыдæлты æнусон хæзна – ирондзинад, ирон уды фарн æмæ йæ æрдхæрæны рæсугъд удыхъæды миниуджытæ.

Мин азты дæргъы ирон лæджы цардæн фæндагамонæг уыдысты карз æмæ куырыхон ирон æгъдæуттæ. Уыцы æмбисонды æгъдæуттæн сæ гуырæнтæ цæуынц рагон дугтæй – нæ фыдæлтæ сæхæдæг бæлвырд зыдтой Дун-дунейы закъæттæ…

Ирон адæм никуы уыдысты æнæхуыцау. Ирон адæмæн Хуыцау æмæ йе сконд зæдтимæ кæддæриддæр уыдис æмæ абон дæр ис стыр, ахсджиаг, фидар æмæ тæмæссаг бастдзинад. Уыцы æргом бастдзинад æмæ æууæнк дин схонæн дæр нæй. Уый схонæн ис, æвæццæгæн, нæ царды миназон бындур. Уыцы бындурыл сырæзти ирон лæгæн йæ дунеæмбарынад, уырдыгæй цæуынц йæ царды уагæвæрдтæ, ууыл æнцайынц йæ удварны æмæ монон культурæйы æгæрон æвæрæнтæ.

Фыдæлтæй фæдзæхст æнусон фарны фæрцы ирон адæм ахызтысты бирæ тых æмæ хъару æвзарæн заманты æмæ уавæрты сæрты. Абон та нын ралæууыд нæ удыхъæд, нæ ирондзинады фæлварæн

дуг. Æнцон нæу фыдæлты удыхъæды сыгъзæрин миниуджытæ хъахъхъæнын, ирон æгъдæуттыл хæст уæвын, сæ арф мидисæй куы адард уай æмæ дæ фарсмæ зæдæнгæс хистæрты куынæуал уынай, уæд. Уымæй уæлдай, æндæрбæстон адæмты æгъдæуттæ, цивилизацийы ног æнтыстытæ æмæ алыхуызон информацитæй дæ сæр дзæгъæлтæ куы кæна, уæд.

Фæлæ, хъуыды кæнынхъом цы лæг у, уый иубон райхъал вæййы йæ тарф фынæйæ, раст цыма талынгæй рухсмæ рацыд, уыйау царды æцæгдзинад ирд нывау суыны, æваст бамбары, цы фæндагыл цæуын æй хъæуы ацы мæнг дунейы, уый. Æмæ уæд лæг тохы бацæуы йæ аиппытæ æмæ рæдыдтимæ, дæлимонты дунемæ йæ цы миниуджытæ ласынц, уыдонимæ, бамбары, йæ зæрдæйы зылын хъуыдытæн бынат кæй хъуамæ ма уа, уый.

Уыцы тохы бацæугæйæ, адæймаг хъуамæ йæхæдæг йæхи ма сайа æмæ йæхи æгад митæн æргом тæрхон рахæссынхъом уа, йæхи сраст кæнынæн æфсон ма агура. Æрмæст ын уæд бантысдзæн сыскъуынын зианхæссæг, чъизи хъуыдытæ йæ зæрдæйæ.

Уæд лæг тох расиды æдзæстуарзон, хæрам, фыдзонд, зыд æмæ кæрæф уæвыны, фыднозт, фыдкой, мæнгард, фæлитой миты ныхмæ. Уыдоныл лæг фæуæлахиз уыдзæн сæ ныхмæлæууæг миниуджыты руаджы, рæсугъд æнкъарæнтæ, сыгъдæг, рухс æмæ уæздан хъуыдытæ нывæндын куы райдайа, уæд. Бамбардзæн: æвзæр хъуыдытæ лæджы дæлимонты фæндиаг кæнынц, фæлмæн зæрдæйы уаг та лæджы уды Хуыцауы комулæфт бауадзы.

Уыимæ алчи дæр зоны: зæххон фæндаг сындзджын у, æмæ лæг хъуамæ йæхæдæг йæхимæ райса бæрн йæ царды тыххæй. Ацы змæст, æфхæрд рæстæг алы хъизæмæрттæ, фыдæбæттæ æвзаргæйæ, лæг куы бамбара уыдонæн сæ мидис, уæд йæ зындзинæдтæ искæй аххос нал кæндзæн, фæлæ йын цæмæн æрвыст сты, уый зондзæн.

Уæд бамбардзæн цардæн йе 'цæг аргъ, йæ фæндагæн йе 'цæг нысан, уæд ын бантысдзæн фæуæлахиз уæвын, æгаддзинад ын цы хæссы Хуыцауы раз, уыцы рæдыдтытыл æмæ уæд сарæхсдзæн сæрбæрзондæй уды рæзты фæндагыл къæпхæнæй къæпхæнмæ хизгæйæ уæлдæрæй-уæлдæр цæуын.

Нæ дуг у фæлварæн дуг. Цард у скъола, адæймаг дзы рæзы, ахуыр кæны. Æцæг хæрзуд адæймаг зоны, чи нæ цæвы, уыдоны

руаджы кæй бамбарæм нæ лæмæгъ бынæттæ. Афтæ зæгъæн дæр ис, не знæгтæ кæй сты нæ ахуыргæнджытæ. Дæ уд сыгъдæг, дæ хъару фидар куы уа, уæд дын ныхмæлæууæг нал уыдзæн. Дæ зианхæссæг хъуыдытæ куы басудзой æмæ куы фесæфой, уæд зæгъæн уыдзæн, кæй фæуæлахиз дæ дæхиуыл æмæ дæ зæххон царды скъола æнтыстджынæй каст кæй фæдæ.

Æрмæст уды рæстæй бæрæг кæны адæймаджы сыгъдæгдзинад Хуыцауы раз. Иуæй, тынг ахсджиаг у, цæмæй фылдæр фæзына, йæ удварныл чи тыхсы, зæххон царды мидис чи æмбары, ахæм адæм. Фæлæ уыимæ, Дун-дунейы уагæвæрдтæм гæсгæ, никæмæн ис уыцы раст фæндагмæ искæй тыхæй здахынæн бар. Уымæн æмæ уый у алы адæймагæн дæр йæхи уды æвзæрст фæндаг, æмæ йын цас раст æмæ сыгъдæг у, ууыл хъуамæ алчи дæр афоныл тыхса йæхæдæг. Уды бæрзæндтæм кæмæн бантысы схизын, уый хъуамæ амона иннæтæн дæр уырдæм фæндæгтæ. Æрмæст балцы цæуын алкæй дæр бахъæудзæн йæхи хъаруйæ, уымæн æмæ Дун-дунейы закъæттæм гæсгæ лæгæн лæвæрд ис бар æвзарынæн. Зæдтæ дæр лæгæн æнæ йæхи курдиатæй æмæ фæндонæй не ‘ххуыс кæнынц.

Æппæт Хуыцауы сфæлдыст Дун-дунейы кусынц уыцы иу карз закъæттæ («Законы Мироздания»), æмæ уыдон сты æххæстгæнинаг алкæмæн дæр æмæ кæмфæнды дæр. Мах нæ зæххон царды æрдзон закъæтты куыст куыд уынæм æмæ æмбарæм, афтæ ис, æндæр æмвæзадмæ чи хауы, ахæм закъæттæ дæр. Удæй æмæ зондæй сæ æмбарын хъæуы, уымæн æмæ сæ цæстæй фенæн нæй.

Зæххон царды не ‘рдзон буар у нæ удæн йе змæлды, йæ архайды фæрæз. Уд та у Хуыцауы рухсы æнæмæлгæ хай. Æмæ, ирон æгъдауы домæнтæ æххæст кæнгæйæ, ирондзинад хъахъхъæнгæйæ, ирон удварны удыхъæды хуыздæр миниуджытæн аргъ кæнгæйæ, ирон адæм æмæ сæ рагфыдæлтæ æххæст кодтой æмæ цардысты Дун-дунейы карз закъæттæм гæсгæ. Уырыссагау афтæ зæгъæн ис: «Осетины, соблюдавшие традиции, всегда жили в строгом соответствии с Законами Мироздания».

Италиаг ахуыргонд æмæ фыссæг Франко Кардини: загъта: «Ныгуылæн Европæйы рыцарты уаг у скифтæ æмæ сæрмæттæй райсгæ. Фæстæдæр уыдоны уаджы бындурыл фæзындысты нырыккон Европæйы хидарыны æгъдæуттæ. Уæдæ Кавказы адæмты культурæйы дæр уыцы уаг стыр фæд ныууагъта».

Цæмæн-иу афарстой: «Ирон нæ дæ?» Дзырд фæсайдтай – «Дæ ирон цæсгом цæмæн бахордтай?» Уазæгæн фаг æгъдау не скодтай – «Ирон цæхх æмæ кæрдзыны кад цæмæн сафыс?» Дæ магусайы тыххæй мæгуырæй цæрыс – «Дæ ирон сæрæндзинад кæм ис?»

Нæ фидæнæн цы бындур æвæрæм, уымæн сбæлвырдгæнæн ис æрмæстдæр нæ фыдæлты цардарæзт, цардахаст, удварн æмæ миддуне раиртасгæйæ.

Нæ фыдæлтæ ирон удыхъæды миниуджытæ бастой æгъдау, æфсарм, уаг, ныфс, зонд, хъару, кад, намыс, лæгдзинад æмæ фæллоимæ. Уыдон иууыл иумæ та ирон фарн хуыдтой.

Мах æнæмæнг хъæуы, йæ арф мидис ын æмбаргæйæ, фæстæмæ сног кæнын нæ фыдæлты дунеæмбарынад, нæ кувыны æгъдау. Чырыстон æмæ пысылмон динтæ сæ дыууæ дæр æндæр удварны идеологи хæссынц, ирон фыдæлтыккон цардарæзты ныхмæ цæуынц. Фыдæлтæй нын баззадысты нæхи зæдтæ æмæ дауджытæ. Хуыцау ирон адæмæн йæхимæ цы фæндаг сарæзта, уый нын ивинаг нæу. Уым  нæхи миддуне ныффидар, куы йæ аивæм, уæд та бафæзмдзыстæм иннæ адæмты зондахаст æмæ цæстæнгас, райсдзыстæм æндæр уаг æмæ æфсарм.

Стыр куыст бакæнын хъæуы, цæмæй нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ ирон лæджы миддунейы ногæй аккаг бынат бацахсой, уыл. Бирæ зындзинæдтæ бавзаргæйæ, ирæттæ абоны змæст дуджы онг бахъахъхъæдтой сæ удварны хæзнатæй бирæтæ. Нæ фæлтæры хæс у фыдæлты æппæт уыцы хæзнатæ цæхæртæ скалын кæнын æмæ сæ фидæнмæ фæрнæй ахæссын.

# ЦАРДЫ СУСÆГДЗИНÆДТÆ

Иуафон дыууæ зæды бæлццонты фæлгонцы бацыдысты æмæ хъæздыг бинонтæй æхсæвиуат æркуырдтой. Уыдон сæ хæдзармæ бауагътой, фæлæ сын уат уазал ныккæнды бакодтой. Баулæфыны размæ хистæр зæд балæууыд æмæ фаз къул бæстон байсæрста. Кæстæр зæд ын фысымтæн йæ лæггадыл куы бадис кодта, уæд ын загъта:

– Алцы, куыд зыны, ахæм нæ вæййы.

Дыккаг æхсæв зæдтæ бахаудтой мæгуыр, фæлæ уазæгуарзон адæммæ. Хæдзары хицау æмæ йæ бинойнаг сæ цæхх-къæбæр нæ бавгъау кодтой, стæй сын баулæфынæн сæхи уат радтой.

Райсомæй фысымтæ кæуынæй сæхи марынц: сæ иунæг хæдзардарæг хъуг амард.

Кæстæр зæд хистæры фæрсы:

– Хъæздыг бинонтæн баххуыс кодтай, йæ фæстаг къæбæр дын чи бахæрын кодта, уыдонæн та сæ хъуджы нæ бахъахъхъæдтай. Куыд раст у уый?

– Алцы, куыд зыны, ахæм нæ вæййы, – ногæй та загъта хистæр зæд. – Хъæздгуыты ныккæнды къулы сыгъзæринтæ æмбæхст уыд. Ссарой сæ, уый мæ нæ фæндыд, æмæ къул байсæрстон. Мæгуыр лæджы хæдзармæ та æхсæвы удхæссæг фæзынд æмæ хъуамæ æфсины ахастаид. Æнæхъæн æхсæв ын фæлæгъстæ кодтон, цæмæй йæ æгасæй ныууадза. Фæлæ йын амæттагæн хъуг æнæ ратгæ нал уыд.

# ЗМИСЫЛ ФÆДТÆ

Зæронд лæг йæ фыны федта, цыма æдзæрæг змисджын быдыры Хуыцауимæ иумæ фæцæуынц. Цыдысты, дыууæйæ дæр змисыл фæдтæ уадзгæйæ. Æмæ уыны зæронд лæг йæ царды æппæт цаутæ дæр. О, фæлæ кæсы, æмæ тæккæ уæззаудæр фыдæвзарæнты рæстæг змисыл зыны æрмæстдæр иу бæлццоны фæд.

Адæймаг Хуыцаумæ дзуры:

– Де 'ххуыс мæ тынгдæр куы хъуыд, уæд мæ-иу куы ныууагътай мæхи бар. Нырмæ мæ уырныдта, æдзух мыл кæй аудыс, фæлæ хъысмæты æвзарæнты царды фæндæгтыл мæхæдæг куы цыдтæн – змисыл æрмæст иу бæлццоны фæд зыны.

Хуыцау загъта:

– Никæд дæ ныууагътон æмæ дæ нæ ныууаддзынæн. Дæ царды тæккæ зындæр рæстæг дæ æз хастон мæ къухтыл.

## КУЫД ФÆХЫЛ ВÆЙЙЫНЦ АДÆМ?

Дыууæ моладзаны зæронды бонтæм иу къæсы фæцардысты æмæ кæрæдзимæ зул цæстæй никуы бакастысты, быцæу сæм никуы рауад.

Уæд сæ иу загъта:

– Адæм иуулдæр фæхыл вæййынц, æмæ сæ бафæзмæм.

– Нæ зонын, цы хъуыддаг нын хъуамæ асайа хылмæ… – уыд йе 'мбалы дзуапп.

– Уæдæмæ æз не 'хсæн равæрдзынæн æлыгæй мигæнæнтæ æмæ зæгъдзынæн, мæн кæй сты. Ды дæр сæ дæхи схондзынæ, æмæ афтæмæй нæ быцæу хылмæ асайдзæн.

Сæвæрдтой мигæнæнтæ æмæ райдыдтой:

– Мæн сты.

– Нæ, мæн.

– Дæу нæ, фæлæ мæн.

– Омæ кæд дæу сты, уæд сæ айс.

Цынæ фæкодтой моладзантæ, уæддæр фæхыл уæвын сæ бон нæ баци.

## СЫВÆЛЛОНАУ СЫГЪДÆГЗÆРДÆ УТ!

Судзгæ-уыраугæ сæрд ракодта, зæхх ныскъуыдтæ, æмæ адæмæн æнæ фесæфгæ нал уыд. Сахары сауджын сæумæрайсом дзыллæмæ фæсидт, къæвда цæмæй æруара, уый тыххæй иумæ скувæм, зæгъгæ. Иу сывæллон зонтыккимæ 'рбацыд, æмæ йыл иуулдæр сæхи худæгæй схастой.



– Цæмæн дæ бахъуыд зонтыкк? – фарстой йæ. – Къæвдайæн йæ кой дæр куынæ ис.

Сывæллон загъта:

– Афтæ æнхъæлдтон, æмæ куы скувæм, уæд къæвда æруардзæн.

# ДЗУАР ДÆХÆДÆГ РАВЗАР…

Тæккæ денджызы был иу мæгуыр къæсы йæхи фыдæбонæй цард мæгуыр лæг. Ницы амал ардта иучысыл уæддæр йæ къæхтыл слæууынæн. Иухатт кæсы, æмæ былмæ æрбазындысты хъæздыг къупецæгты наутæ. Сæ ис равгæдтой æмæ йæ сахармæ уæймæ аластой.



«Хуыцау иутæн хъæздыг æмæ æнæмæт цард дæтты, иннæты та мæгуырæй хитын кæны», – йæ уæззау хъысмæтæй йæхицæн рахъаст кодта мæгуыр лæг.

Уыдæттыл сагъæстимæ æрфынæй. Фыны дын æм зæронд лæг фæзынд æмæ йæ йемæ ахуыдта. Бахæццæ сты, тынг бирæ дзуæрттæ кæм уыд, ахæм бынатмæ. Уыдысты стыртæ æмæ чысылтæ, сызгъæринтæ æмæ æвзистытæ, æрхуыйæ æмæ æфсæйнагæй, дурæй æмæ хъæдæй конд.

– Кæцы дзуар дæ хъæуы, уый равзар æмæ йæ уæртæ уыцы хохы цъупмæ схæсс, – загъта зæронд лæг.

Мæгуыр лæг æрттывдтытæ калæг сызгъæрин дзуармæ бараст, фæлæ йæ йæ бынатæй æнкъуысын дæр не скодта.

– Уыцы дзуар дын æгæр уæззау у, – зæгъы зæронд лæг, – фен æндæр, рогдæр.

Мæгуыр лæг æвзист, æрхуы, æфсæйнаг, дурын дзуæрттыл дæр æрзылд, фæлæ сын ницы йæ бон баци.

– Райс уæдæ хъæдæй конд дзуар, – дзуры йæм зæронд лæг.

Мæгуыр лæг чысылдæр хъæдын дзуæрттæй иу райста, йæ аккаг кæй разынд, ууыл бацин кодта æмæ йæ хохы цъупмæ схаста.

– Ныр дын радзурдзынæн, цы дзуæрттæ федтай, уыдоны тыххæй. Дæ зæрдæмæ уайтагъд чи фæцыд, уыцы сызгъæрин дзуар паддзахы дзуар у. Паддзахы хъысмæтæй уæззаудæр æмæ бæрнондæр нæй. Æвзист – уый та паддзахадон æмæ аргъуаны кусджыты дзуар у. Уыдоныл дæр стыр бæрнондзинад æвæрд ис, æмæ сæ хъысмæт æнцонтæй нæу. Æрхуы дзуар – уый хъæздгуыты дзуар у. Хуыцау

сын хъæздыгдзинæдтæ радта, æмæ сæ цавæр хъуыддæгтыл хардз кодтой, уый тыххæй йæ цуры дзуапдæттæг уыдзысты. Æфсæйнаг дзуар хæстонты у. Цæйбæрц хъизæмæрттæ бавзарын кæны хæст, куыд зын вæййы тохы быдыры басгуыхын! Дурын дзуар та къупецæгты у. Сæ уæйгæнинæгтимæ бирæ тæссаг фæндæгтыл рацæуынц, бирæ фыдæвзарæнты бахауынц цы æрдзон фыдбылызты, цы алыхуызон стигъджыты азарæй. Ды æнцонæй хохы цъупмæ кæй схастай, уыцы хъæдын дзуар та дæу у. Уыныс, дæ цард, иннæтимæ абаргæйæ, æнцондæр у. Алы зæрдæ дæр æнкъарæг æмæ алы удæн дæр йæхи хорзæх дæттæг Хуыцау зоны, кæмæн цавæр дзуар хæссинаг ис, уый. Ма хъаст кæн дæ хъысмæтæй – Хуыцау алкæмæн дæр, цавæр дзуар хæссынхъом у, ахæм дæтты.

Зæронд лæджы ацы ныхæстæм мæгуыр лæг фехъал. Цы зонд райста, уымæй уæларвон тыхтæй бузныгæй баззад æмæ хъæстаг ницæмæйуал уыд.

## САУ ТÆПП

Куырыхон лæг фæдзырдта йæ ахуыргæнинæгтæм æмæ сæм равдыста гæххæтты сыгъдæг сыф, æрмæст ыл астæуæй уыд сау тæпп.

– Цы уынут ам? – фæрсы сæ.

– Тæпп, – зæгъы иу.

– Сау тæпп, – зæгъы иннæ.

– Стыр сау тæпп, – баххæст кодта æртыккаг.

– Цы кодтай, нæ зондамонæг? – фæуыргъыйау сты ахуыргæнинæгтæ, куырыхон лæг богъ-богъæй куы ныккуыдта, уæд.

– Алчи дæр уæ бафиппайдта чысыл сау тæпп, фæлæ уæ иу дæр нæ федта сыгъдæг урс сыф…

Арæх адæймагæн фæуынæм йæ хъæндзинæдтæ, йæ хорз миниуджытæ йын ницæмæ даргæйæ.

## МИДДУНЕ НÆ ИВЫ

Æрыгон моладзантæ сæ хистæр кувæг лæгмæ бацыдысты æмæ йæ бафарстой:

– Не ‘фсымæртæ нæ куы абæрæг кæнынц, уæд сыл цингæнгæ æмбæлæм æви сæм нæ цины æнкъарæнтæ ма ‘вдисæм?

Хистæр кувæг лæг йæ къæсмæ бацыд, бызгъуыртæ скодта æмæ афтæмæй моладзанты ‘хсæнты азылд. Фæстæмæ та бацыд, бæрæгбоны дарæстæ скодта æмæ та йæ ахуыргæнинæгтыл азылд. Уый фæстæ сæм йе ‘рвылбоны дзаумайы рацыд.

Моладзантæ йæм дисгæнгæ кастысты, йæ архайдæн ын ницы хатгæйæ. Уæд сæм сæ зондамонæг дзуры:

– Мæ дарæсы раив-баивæй мæ исты аивта? Бызгъуыртæ скæнгæйæ фыддæр фæдæн? Бæрæгбоны фæлыстæй фæхуыздæр дæн?

– Æппындæр нæ!

– Уæдæ уæ рох макуы уæд – æддагон цыдæр фæзилæнтæ уын уæ миддуне хъуамæ ма ивой. Уазджытыл æмбæлут цингæнгæ, сыгъдæг зæрдæимæ æмæ уарзон цæстæнгасимæ. Куы ничи уæм цæуа, уæд та уæ миддуне сыгъдæг дарут уæ удæн æхцон хъуыдытæ æмæ хъуыддæгтæй.

## ТÆФÆРФÆС

# ГÆЗДÆНТЫ БУЛАТ



29 июлы йæ цардæй ахицæн Уæрæсейы Федерацийы æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артист, Хетæгкаты Къостайы номыл æмæ «Нарты фæткъуы»-йы премиты лауреат, Ирыстоны фыццаг Фæллойы Хъæбатыр, номдзыд фæндырдзæгъдæг, дирижер, композитор æмæ ахуыргæнæг Гæздæнты Гаппойы фырт Булат.

Гæздæнты Булат райгуырд 1936 азы 22 июны Цæгат Ирыстоны Ольгинскæйы хъæуы. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ 1952 азы бацыд Дзæуджыхъæуы музыкалон училищемæ, ам уыцы иу рæстæг равзæрста цалдæр здæхты: дирижеры дæсныйад, домрæ æмæ гобойæ цæгъдын сахуыр кæнын. 1957 азы йæ ахуыр адарддæр кодта Гнесинты номыл Паддзахадон музыкалон-педагогон институты.

Гæздæнты Булат сфæлдыстадон фæндагыл фыццаг къахдзæфтæ акодта 1950-æм азты. Уæд, куыд æппæт Уæрæсейы, афтæ Ирыстоны дæр, культурон æмæ музыкалон цард цæдждзинагау фыхти. Булат тынг разæнгардæй архайдта республикæйы культурон царды: фыста музыкæ Ирон театры спектаклътæн, уыцы иу рæстæг куыста Цæгат Ирыстоны Радиокомитеты оркестры. Йæ аивадæн ын стыр аргъ кодтой канд Ирыстоны нæ, фæлæ æгас Уæрæсейы.

Ахуыргонд, бирæзонаг адæймаг, Булат дæргъвæтин рæстæг йæхæдæг цагъта ирон фæндырæй, уыдис концертмейстер, тынг бирæ йын бантыст музыкалон аивады – ныффыста бирæ зæрдæмæхъаргæ уацмыстæ. Уымæй уæлдай ма æнтыстджынæй кодта наукон-зонадон æмæ педагогон куыст дæр. Сарæзта, ирон музыкалон культурæ бахъахъхъæнынæн стыр ахъаз чи фæци, ахæм ахуыргæнæн чингуытæ.

Гæздæнты Булат бирæ рæстæг уыдис, 2018 азы йын йæ ном кæмæн радтой, Адæмон инструментты уыцы национ паддзахадон оркестры аивадон разамонæг æмæ дирижер.

Нæй ферох кæнæн, Гæздæнты Булат уæлæуыл йæ уды фарн æмæ бирæ лæггæдты фæрцы цы бæркадтæ ныууагъта йæ адæмæн, йæ уарзон Ирыстонæн, уыдон.

Рухсаг у, Булат... Дæ ном цæрдзæн адæмы зæрдæты, дæ фæндыры зæлты...

*Журнал «Мах дуг»-ы кусджытæ*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***26 – 28 июлы*** Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азы кадæн Екатеринбурджы уыд фестиваль «Ирыстоны бонтæ Уралы». Йæ программæйы уыд концерттæ, равдыстытæ, музыкалон-поэтикон изæртæ. Уазджыты зонгæ кодтой ирон классикты уацмыстимæ, национ музыкæйы æмæ аивады ирддæр минæвæрттимæ. Фестиваль саразынил бакуыстой культурон-патриотон центр «Со-действие» æмæ Галаты Аслæнджерийы номыл Ирон культурæйы æхсæнад. Стыр æххуыс сын бакодта Свердловскы облæсты культурæйы министрад æмæ Екатеринбурджы администраци.

► ***26 – 28 июлы*** Цæгат Ирыстоны автономийы 100 азы кадæн Дзæуджыхъæуы уыд чингуыты армукъа-фестиваль «100 азы: А-йæ Я-мæ». Хуынд æм æрцыдисты Цæгат Ирыстоны, Цæгат Кавказы федералон зылды регионты æмæ Хуссар Ирыстоны рауагъдадтæ. Фестивалы программæйы уыд зындгонд литературон авторты дæсныйадæвдисæг ахуыртæ, аивадон æмæ анимацион кинонывты равдыстытæ, музыкалон æмæ театралон номыртæ, поэтикон фембæлдтытæ, викторинæтæ. Мадзал сарæзта республикæйы Мыхуыры æмæ дзыллон коммуникациты хъуыддæгты комитет Уæрæсейы культурæйы министрады æххуысæй.

► ***30 июлы*** Хозиты Барис æвзæрст æрцыд Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдарæй.

► ***7 августы*** РЦИ-Аланийы Национ музейы равдыстыты залы байгом УФ-йы Нывгæнджыты цæдисы уæнг Цæгæраты Максимы нывты равдыст «Царды ныв».

► ***14 августы*** Е. Вахтанговы Хæдзар-музейы арт-кафейы уыд Оскар Гибизовы  мысæн изæр «Æз лæууын зарди дуари æнде».

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 8. 2024 г.
Подписано в печать 08.08.2024 г. Выход в свет: 22.08.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ № 374. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м². Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

# «МАХ ДУГ»-Ы КОНКУРС «ФЫСТÆГ КЪОСТАМÆ»




*Хетæгкаты Къостайы райгуырды 165 азы бонмæ журнал «Мах дуг» расидт конкурс «Фыстæг Къостамæ».*

*Бафæлвар ды дæр дæхи, рахæсс дæ хъуыдытæ гæххæтмæ, зæгъ дæ зæгъинæгтæ ирон адæмы фæтæгæн, радзур ын дæ цинтæ æмæ дæ хъыгтæ, байгом кæн дæ зæрдæйы дуæрттæ...*

*Архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты дыууæ къордыл:*

- ✓ *14 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Конкурсы домæнтæ:*

*Фыстæг хъуамæ фыст уа ирон æвзагыл. Текст мыхуыргондæй – 1 – 3 сыфы. Æнæмæнг дзы фæбæлвырд кæнын хъæуы авторы тыххæй æрмæг: мыггаг æмæ ном, кæд райгуырд, кæм цæры æмæ, цы кусæг у, уый. Скъоладзауты фæбæрæг кæнын хъæуы, кæцы скъолайы ахуыр кæнынц, уый æмæ ахуыргæнæджы ном æмæ мыггаг.*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

*1-æм июлæй 15-æм сентябрьмæ фыстæг æрбарвитын хъæуы нæ электрон адрисмæ: mahdug@mail.ru, «КОСТА-165» дзы фæнысан кæнгæйæ;*

*16 – 20-æм сентябры къамисы уæнгтæ сбæрæг кæндзысты уæлахиздзауты;*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты октябры мæйы Къостайы номыл литературон-поэтикон изæр «Весь мир мой храм»-ы Дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Фыстæджытæ мыхуыргонд æрцæудзысты журналы 11-æм номыры – Къостайы номыл сæрмагонд рауагъды;*

*Къамисы уæнгтæ хуыздæртыл цы фыстæджытæ банымайой, уыдон уагъд æрцæудзысты хицæн къаннæг чиныгæй.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн ис журналы сайты, нæ сæрмагонд фæрстыл социалон хызæгты Телеграм-канал æмæ ВК-йы.*

*Арæзт цæуы Уæрæсейаг культурæйы фонды æххуысæй.*




Индекс 73247
12+